ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И I ПЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№№116-117 (22.274-22.275) • 2012 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 23, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр сомИ 6-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэрыр езым фIэфIу Урысей къэралым зэрыхыхьэрэ илъэс 455-рэ зэрырикъур гъэлъэпIэным зыхуэзгъэхьэзырыныкIэ кьиззгъэпэщакIуэ комитетым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2011 гъэм дыгъэгъбзэм и 30-м кьыдигъэкIа Указ №207-УП-мкIэ кьиштам, зэхъуэныныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуфа

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэрыр езым фIэфIу Урысей къэралым зэрыхыхьэрэ илъэс 455-рэ зэрырикъур гъэлъэпIэным зыхуэзгъэхьэзырыныкIэ кьиззгъэпащакIуэ комитетым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым «Къэбэрдей-Балъкъэрыр езым фIэфIу Урысей къэралым зэрыхыхьэрэ илъэс 455-рэ зэрырикъур гъэлъэпIэным теухуауэ» 2011 гъэм дыгъэгъбзэм и 30-м кьыдигъэкIа Указ №207-УП-мкIэ кьиштам, зэхъуэныныгъэхэр хэлъхьэн икIи кьиззгъэпэщакIуэ комитетым жуап зыхь и секретарым и кьалэнхэр Жылэ В.Хь. щхьэщыхьэуэ, ахэр Фырэ Р.Б. и пщэ илъхьэн.

2. Мы Указым кьару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм мэкъуауэгъуэм и 18-м
№94-УГ

Зумакулов Борис Мустэфа и кьуэр ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и кьулыкъым гъэувыным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм кьыхилъхьам хэлъауэ, «ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и Iуэхуфа» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 27-нэ, 29-нэ статьяхэм япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым унафэ ещI:

1. И полномочиехэм я пIалъэр зэриухам кьыхэкIыу Зумакулов Борис Мустэфа и кьуэм ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и кьулыкъыр щхьэщыхьам.

2. Зумакулов Борис Мустэфа и кьуэр ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и кьулыкъым ильэситIу пIалъэкIэ гъэувын.

3. Мы Унафэм кьару егъуэт 2012 гъэм мэкъуауэгъуэм и 11-м щегъэжьауэ.

4. Мы Унафэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2012 гъэм мэкъуауэгъуэм и 19-м
№1168-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэрыр зыхъумахэм я фэеплъу

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ и 22-м республикэм щекIуэкIащ а фэеплъ махуэ нэщхъеягъуэм екъэлIауэ КЪБР-м ЩIалэгъуалэм я IуэхуэмкIэ и министерствэм, «Урысейм и ДОСААФ» жылагъуэ зэгухьаныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм, Зауэм, лэжьыгъэм, Iэщэкъ Iэмпэ Iуэхуэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм я кьалэ советым кьызэрагъэпэща дауэдапщэхэр. Абы хиубыдэу щIалэгъуалэ зэгухьаныгъэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъэсэныгъэм и студентхэмрэ республикэм и жылагъуэу тху автомобилхэмкIэ кьызэхахIуащ.

Налшык къалэ парк щIы «ЩIыхьым и МафIэ мыжьыхьыж» мемориалым и деж щежьэри, ахэр Курп лъагапIэм нэс кIуащ. 1942 гъэм и жэпуэгъуэ - дыгъэгъазэ мазэхэм я щIыпIэм щхьэмыгъазэу бийм щыпэщIэтащ, абдеж нэмыцэхэр кьыщрахьужьэкри, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм ирагъэкъабзыкIыжащ.

КъБР-м ЩIалэгъуалэм я IуэхуэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхуущ IапIэ.

ТIалибхэр йобгъэрыкIуэ

Афганистаным и полицэм дыгъуасэ хуит къыщIыжащ ТIалибхэм къаурхIэ зубыда хьащIыщыр.

Къэрал кIуэцI IуэхуэмкIэ министерствэм и лIыкIуэ Седикки Седикиз зэрыжиIамкIэ, абы хэм яхуэзэфIэкIащ хьащIыщыр зыубыда экстремистплIыр яуKIыу, гъэру яIыгъахэр хуит къащIыжьыну.

ЩIэпхъаджащIэхэр танк зэрафызэ гранатэдзэмкIэ, пулемет хьалъэхэмкIэ, нэгъуэщI IащэхэмкIэ зэщIэуэздат. Кабул пэмыжьыжьу Карга гуэлым и деж щыт «Spozhmai» хьащIэщым ахэр теуащ икIи шэсыпIэу цIыху эыбжанэ пыгъэмыжьыну. Iэхэуэм цIыху мамыру 6-рэ зи полицейрэ хэкIуэдащ.

ТIалибхэм я бзыщIыкрыкым ар абыхэм зэрагъэуKIыр икIи хамэ къэрал кьиикI кьулеижьхэр ягъэхьуанэ фадэ ефэн, щыIкIейуэ загъэпсэхэн, ислъамым имыдэ Iуэхуэгъуэхэр я хьащIэщым зэрыщрагъэкIуэкIымкIэ.

Бюджетым и щытыкIэм къегъэгузавэ

Хэпщ1ыкIыу щIыдагъэм и уасэм зэрехуэхьымрэ доллар-рыр зэрыдзуэймрэ Урысейм и экономикэр щытыкIэ гуГъуэм иригъэувэнкIэ шынагъуэшхуэ щыIащ.

Урысей Федерацэм финансхэмкIэ и министр Силуанов Антон журналистхэм я къэзрыкIиIамкIэ, иджыпсту щIыдагъэм и зы барреленым и уасэр доллар 91 - 92-м нэс ехуэхащ. Абы щыгъуэми ди къэралым и бюджетым и хэхъуэр зэрызэхалъхьар ящэ щIыдагъэм и уасэм ельытауэщ. 2012 гъэм траууащ баррель къэс доллар 115 кьыгонкIыну, арщхьэкIэ...

Апхуэдэуэ екIуэкIмэ, къэралым и бюджетым щIэрыщIэу хэпщIыкIыу щIыдагъэм и уасэм зэрехуэхьымрэ доллар-рыр зэрыдзуэйм зэрыгъэкIуэтыжыну щIэпхъаджащIэхэр ящэ щIыдагъэм и уасэм ельытауэ, 2012 гъэм траууащ баррель къэс доллар 115 кьыгонкIыну, арщхьэкIэ...

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэрыр езым фIэфIу Урысей къэралым зэрыхыхьэрэ илъэс 455-рэ зэрырикъур гъэлъэпIэным зыхуэзгъэхьэзырыныкIэ кьиззгъэпащакIуэ комитетым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым «Къэбэрдей-Балъкъэрыр езым фIэфIу Урысей къэралым зэрыхыхьэрэ илъэс 455-рэ зэрырикъур гъэлъэпIэным теухуауэ» 2011 гъэм дыгъэгъбзэм и 30-м кьыдигъэкIа Указ №207-УП-мкIэ кьиштам, зэхъуэныныгъэхэр хэлъхьэн икIи кьиззгъэпэщакIуэ комитетым жуап зыхь и секретарым и кьалэнхэр Жылэ В.Хь. щхьэщыхьэуэ, ахэр Фырэ Р.Б. и пщэ илъхьэн.

2. Мы Указым кьару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм мэкъуауэгъуэм и 18-м
№94-УГ

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Налогхэм я лъэныкъуэкIэ зыхудачыхынухэр яубзыху

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэIущIэр иригъэкIуэкIащ республикэм законхэр кьыдзэзыгъэкI и органым и унафэщI Чеченов Ануар. Кьащта унафэм ипкъ иткIэ Парламентым и зи чэзу пленар зэIущIэр мэкъуауэгъуэм и 26-м кьиззэIуахьинущ. Абы щыхэпIащIэ Iуэху зэмылIэужьыгъуэу тIощI хуэдиз иджыпсту щыIэщ.

«КъБР-м и Конституцэм зэхъуэкIыныгъэхэр зэрыхалъхьам кьыхэкIыу КъБР-м и закон акт щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр етыным теухуауэ» КъБР-м и законым и проектыр депутатхэм я пащхьэ кьырильхьащ. Законодательствэмрэ къэрал хуэхэм зэпкIэ комитетым и унафэщI **Iэпщэ Заур**. Абы пихъ иткIэ хэхьыныгъэмкIэ республикэм и законодательствэм хагъэхьэ УФ-м и цIыхуу КъБР-м и щIыналъэм щыпсэуэхэм Iэ зэрагъэтым тету республикэм и Iэтащхьэр ильэситху пIалъэкIэ зэрыхахьр. Мыбдеж КъБР-м и Парламентым и полномочиехэм хиубыдэнущ КъБР-м и Iэтащхьэр хэхьыныкIэ Iэ егъэIэтыным теухуа унафэр кьыдэгъэкIыныр. КъБР-м и Iэтащхьэр и кьулыкъым тегъэжьыныным теухуа хэхьыныгъэхэр егъэкIуэкIыным (е емыгъэкIуэкIыным) теухуа унафэ кьэщтэныр. Абы кьыдэкIуэу, жьынымкIэ щIэгъэкъуэн хьуну зэрыщыгугъыр, республикэм щыпсэуэхэр IэнатIэкIэ кьыхэрызэригъэпэщыжу и фIыщ зэрыхъур кьыхигъэщащ.

«Архъыз» и зыужьыныгъэм топсэлъыхь

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Урысейм Федерацэмкъ и Советым и унафэщI Матвиенкэ Валентинэрэ республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рашидэрэ Москва щрагъэкIуэжа зэIущIэр щыпхьащхьэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм тетухуащ.*

ТЕМРЕЗОВЫР «Архъыз» туристкластерым и зыужьныгъэм кьыгетеувыIащ. А проектыр пхыкIмэ, щыналъэм инвестицихэр кьыщыIэныкIэ, туристIэнатIэм зегъэубгъуныкIэ икIи егъэфIэкIуэныкIэ зыхьэнэшхуэ зэриIэри ягъэбелджыIащ.

Федерацэм и спикерыр ухуэныгъэ лъэныгъэхэр зэрекIуэкIым щIэупщIащ, курортым лжьэн щIидзэмэ, хьэрычэтышIэ мыинымрэ курытымрэ зегъэужьыным щIэпсэуэнымкIэ щыгугъыр, республикэм щыпсэуэхэр IэнатIэкIэ кьыхэрызэригъэпэщыжу и фIыщ зэрыхъур кьыхигъэщащ.

СИРИЕМ эпэщIэуэвэныгъэ кьызэрыщыдзэхэрэ а лъагъуэм кьикIыу Адыгейм кьэкIуэжащ цIыху 62-рэ кьыгъэщIэзыубдэ унагъуэ 16. Ахэр нэхьапэм я аджв лъаухэм зи щымыIа пэтми, адыгэбзэкIэ эмпсальэ. Яныныкъуэхэм фэтэрхэр кьыхуэштащ, адрейхэр зэкIэ Репатриантхэм я республикэ центрым щопсу. Фэтэрхэм, дэфтэрхэр зыхуей хуэгъэзэным текIуэдэну мылькур псапащIэ жылагъуэ фонд щхьэхуэм кьыбгъдокI. Фигу кьэдгъэкIыжынщи, ар кьызэрагъэпэщауэ щытащ 1998 гъэм, япэ адыгэ гупыр Косовэ къыщикIыжам.

Адыгейм лъэпкъ IуэхуэмкIэ, лъахэгъуэм я зэпыщIэныгъэхэмрэ хьыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и комитетым и кьудамэм и унафэщI Парэныкъуэ ФатIимэ зэрыжиIамкIэ, Урысейм щыпсэуну Iыку 62-рэ кьызэщIэзыубдэ унагъуэ 16. Ахэр нэхьапэм я аджв лъаухэм зи щымыIа пэтми, адыгэбзэкIэ эмпсальэ. Яныныкъуэхэм фэтэрхэр кьыхуэштащ, адрейхэр зэкIэ Репатриантхэм я республикэ центрым щопсу. Фэтэрхэм, дэфтэрхэр зыхуей хуэгъэзэным текIуэдэну мылькур псапащIэ жылагъуэ фонд щхьэхуэм кьыбгъдокI. Фигу кьэдгъэкIыжынщи, ар кьызэрагъэпэщауэ щытащ 1998 гъэм, япэ адыгэ гупыр Косовэ къыщикIыжам.

Адыгейм лъэпкъ IуэхуэмкIэ, лъахэгъуэм я зэпыщIэныгъэхэмрэ хьыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и комитетым и кьудамэм и унафэщI Парэныкъуэ ФатIимэ зэрыжиIамкIэ, Урысейм щыпсэуну хуит щыIэ щIэупщIэ зыIуахьэм Махуэхьэблэ къуажэм, Мейкъуапэ километри 6-кIэ пIэщIэу, унэ зытращIыхьыным щIы кIапэ щыхухахынущ. Абы щопсу илъэс 11 и пэкIэ Косовэ кьыкIыжа адыгэхэр.

УЭРДОКЪУЭ Жен.

● КъБР-м и Правительствэм

Унафэ зытращIыхьахэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Премьер-министр Гертер Иван республикэм и Правительствэм и зи чэзу зэIущIэр мэкъуауэгъуэм и 21-м иригъэкIуэкIащ. Абы Iуэхутэ 8-м щыхэпльащ.

ЗЭХУЭСЫМ Правительствэм и унафэ зэхуэмыдэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр щыхалъхьащ, министерствэхэм, къэрал комитетхэм кьата хьыбархэм щедзIуащ, КъБР-м и къэрал мылькур зэрызэрагъэкIуэнум и концепцэр кьыщащтащ, 2012 - 2014 гъэхэм республикэм кьыщызэрагъэпэщыну зэхьыхь нэхьыщхьэхэр зэрырагъэкIуэкIыну щыкIэр щащэбзыхуащ.

2010 гъэм екIуэкIа Урысейпсо кьыхэтхкIыныгъэм жылагъуэр хуэгъэхьэзырыным, ар егъэкIуэкIыным, абы кърикIуахэр кьэпщытэжьным жыдэкри зэрыхэлъхьам папщIэ, Къэрал статистикэмкIэ Федеральнэ Iуэхуущапи м и щIыналъэ кьудамэм и унафэщI Гъащтэ Аурикэ ведомственнэ дамыгъэр - «2010 гъэм екIуэкIа Урысейпсо кьыхэтхкIыныгъэм жыдэкри зэрыхэтам папщIэ» медалыр - яритащ КъБР-м и Правительствэм хэт цIыху 11-м, муниципальнэ щIыналъэхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэу 7-м, федеральнэ властым и IэнатIэхэм я щIыналъэ кьудамэхэм я унафэщIу 3-м.

«ЦIыхухэм я лъэIукIэ кьыдагъэкI универсальнэ электроннэ картэхэр зэратыну щыкIэм» теухуауэ республикэм экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министр **Мусуков Алий** кьыхилъхьам КъБР-м и Правительствэр арэзы техьэри, IэIэткIэ кьащтащ.

ФинансхэмкIэ министр **Бышэн Азрэт** республикэ бюджетым и гъэтIылъыгъэ фондым щыщахьшэкIэ (псори зэхэту сом зы мелуанрэ мин 220-рэ мэхьу) зыдэIэпыкьуныхэм я щIэ кьриIуащ. Ахэр щыкъу 17 мэхьу.

КъБР-м кьэрал мылькымрэ щIы IуэхуэмкIэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Тонконог Анне** «КъБР-м и кьэрал мылькур зэрызэрагъэкIуэнум и концепц» республикэм и Правительствэм и унафэ кьыхилъхьар зэхьыхьэм хэтхэм кьащтащ. Къэпсэльам кьызэрыхигъащIэкIэ, концепцэм республикэ бюджетым и зэхъуэр игъэбэгъуэнущ, инвесторхэр щыналъэм кьызэрепшэлIэну Iэмэпсымэу кьэрал мылькур кьызэрыбгъэсэбэпыным, республикэм и кьэрал мылькур езыгъэфIэкIуэну нэгъуэщI Iуэхуэгъуэхэми тещIыхьащ. Концепцэр ягъэзащIэу щытмэ, КъБР-м и республикэ бюджетым 2012 гъэм и хэхъуэр сом мелуан 844-рэ мин 900-рэ, 2013 гъэм сом мелуан 540-рэ мин 100-рэ, 2014 гъэм сом мелуан 545-рэ 500-рэ хуэхьу.

КъБР-м лъжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Тюбеев Альберт** хабзэхъуэм IэнатIэм и лъжьакIуэу зи кьалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда щыхуищым я унагъуэхэм дэтхэнэми сом мин 500 хуэзэу зэрадзIэпыкьуным теухуауэ жиIам зэIущIэм хэтхэр арэзы техьауащ.

2012 гъэм мэкъуауэгъуэм и 25-м республикэм и курыт еджапIэхэр кьэзыухъэм я пшыхьхэр щрагъэкIуэкIыну щыIэпIэр узыхуным теухуауэ кьэпсэльащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **ЩхьэгъэпсэСэфарбий**. Пшыхьхэр школхэм фIэкI нэгъуэщI щIыпIэхэм кьыщыхъэрамыгъэпэщыну Щхьэгъэпсэмщыжинэмрэ щIыпIэхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэр абы арэзы техьэкъым, сыту жыпIэмэ, ЦIыхуищхэ зэхьыхьэр щрагъэкIуэкIыну пэш зимыIэ курыт еджапIэхэр зэрыщыIэр кьалытэри. Гертер Иван муниципальнэ щIыналъэхэм я администрацэхэм пщэрыльэ ящищащ пшыхьхэр тэмэму егъэкIуэкIа зэрыхьунум егупсысыну, ныкъуасныгъэншэу зэфIагъэкIыну.

ЗэIущIэм и лъжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщым и кьулыкъ, республикэм и Правительствэм и Аппаратым и унафэщI **Хьэкъул Мурат,** кьалэ, районым администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, иратащIэ кьулыкъущIэхэр.

ТЕКIУЖЬ Заретъ.

● Ди къэралым и тхыдэм и напэкIуэцIхэр

Бородино деж зэхэуэшхуэ щокIуэкI. Сурэтыр **Гесс Паул** *ищащ. 1842 гъэ*

Урысейм и къэкIуэнур щызэхэкIа щIыпIэ

ФокIадэм и 7-м илъэс 200 ирокъу Мэзкъу километри 125-кIэ пэжыжьэ Бородино губгъуэм урысхэмрэ франджыхэмрэ я дзэхэм щрагъэкIуэкIа эхэуэр. Ар 1812 гъэм щыIа Хэку зауэм и нэхь ин дыдэт. ЛьэныкъуитIми абдежым кьрашэлIат я кьару нэхьащхьэхэр - урысхэм зауэлI мин 120-м щIигу, франджыхэм - мин 140-м нэблагъэ.

Кутузовымрэ Наполеонрэ я унафэм щIэту дзэхэр льакIепсыкI зэрыщIащ. Франджыхэм урысхэми я зауэлIхэр минипщI бжыгъэкIэ хэкIуэдащ. Бийм хуэзэфIэкIащ тепщэныгъэр щыпIэ кьудым щиубыдыну, арщхьэкIэ, зэхэуэр зэрыцрыбуэу икIуэтыжащ. Кьыкlэльыкlуэ махуэм Кутузовым унафэ ищIащ зауэм памыщэу, Мэзкъу зэрыпхьуакIуэхэм яратыну. Нужькlэ а Iуэхуэгъуэр сэбэп хуэхьуащ урысыдзэр кьиузэтрагъанэу, бийр Iыхь-Iыхьэу зэхакьутэныжкIэ.

ТЕМIР Дисанэ.

● Ди къэралым и Парламентым и Президиумым

Налогхэм я лъэныкъуэкIэ зыхудачыхынухэр яубзыху

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэIущIэр иригъэкIуэкIащ республикэм законхэр кьыдзэзыгъэкI и органым и унафэщI Чеченов Ануар. Кьащта унафэм ипкъ иткIэ Парламентым и зи чэзу пленар зэIущIэр мэкъуауэгъуэм и 26-м кьиззэIуахьинущ. Абы щыхэпIащIэ Iуэху зэмылIэужьыгъуэу тIощI хуэдиз иджыпсту щыIэщ.

«КъБР-м и Конституцэм зэхъуэкIыныгъэхэр зэрыхалъхьам кьыхэкIыу КъБР-м и закон акт щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр етыным теухуауэ» КъБР-м и законым и проектыр депутатхэм я пащхьэ кьырильхьащ. Законодательствэмрэ къэрал хуэхэм зэпкIэ комитетым и унафэщI **Iэпщэ Заур**. Абы пихъ иткIэ хэхьыныгъэмкIэ республикэм и законодательствэм хагъэхьэ УФ-м и цIыхуу КъБР-м и щIыналъэм щыпсэуэхэм Iэ зэрагъэтым тету республикэм и Iэтащхьэр ильэситху пIалъэкIэ зэрыхахьр. Мыбдеж КъБР-м и Парламентым и полномочиехэм хиубыдэнущ КъБР-м и Iэтащхьэр хэхьыныкIэ Iэ егъэIэтыным теухуа унафэр кьыдэгъэкIыныр. КъБР-м и Iэтащхьэр и кьулыкъым тегъэжьыныным теухуа хэхьыныгъэхэр егъэкIуэкIыным (е емыгъэкIуэкIыным) теухуа унафэ кьэщтэныр. Абы кьыдэкIуэу, КъБР-м и Парламентым и полномочиехэм хагъэкIыж УФ-м и цIыхум КъБР-м и Iэтащхьэм и полномочиехэр етыным кьыIагъуэ палатэм законхэр кьыдэгъэкIыныкIэ жэрдэм КъБР-м и Парламентым кьыщIэтыну хуит зэращIр. Документым егъэтэмэныж КъБР-м и кьэрал властым и IэнатIэхэмрэ щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэмрэ щыхахкIэ, политикэ партхэм хэхакIуэхэм I э зыщIрагъэдза тхыльхэр зэхуамыхьэсыну хуит зэращI щыIэр.

«КъБР-м и къэрал казнам хиубыдэ мылькымрэ муниципальнэ казнам хиубыдэ мылькымрэ я щытыкIэм, ар кьызэрагъэсэбэпыр егъэфIэкIуэным и Iуэхуэм» Парламентым Экономикэ политикэмкIэ, мылькымрэ хьэрычэт IуэхуэмкIэ и комитетым иригъэкIуэкIа зэIущIэщхуэм кьыщащтауэ щыта чэндзащхьэм ящэ иткIэ ягъэхьэзырри Президиумым кьыщыхалъхьащ «КъБР-м и къэрал казнам и Iуэхуэкъ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» законым и проектыр. Комитетым и унафэщI **Марьяш Иринэ** зэрыжиIамкIэ, мы документым егъэтэмэныж казнам хиубыдэхэмрэ абы хагъэхьэн папщIэ хуагъэувэхэмрэ. Законым щIагъэжьыну я мурадщ казнар кьыщIыгъэрагъэпэщ щхьэусыгъуэхэр, мылькур казнам кьызэрыщагъэкIыж щыкIэр зыубзыху статьяхэр. ЗэхъуэкIыныгъэхэм кьызэрагъэльагъуэмкIэ, казнам хиубыдэ дэтхэнэ мыльку пыухыкIами ахьшэм хуэгъэкIуа уасэ иIэн хуейщ. Апхуэдэ уасэр гъэувыным текIуадэр КъБР-м и республикэ бюджетым кьыхоIэ.

(Кьэухыр 2-нэ нап.).

✪ Ди къуэш республикэхэм

«Архъыз» и зыужьыныгъэм топсэлъыхь

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Урысейм Федерацэмкъ и Советым и унафэщI Матвиенкэ Валентинэрэ республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рашидэрэ Москва щрагъэкIуэжа зэIущIэр щыпхьащхьэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм тетухуащ.*

ТЕМРЕЗОВЫР «Архъыз» туристкластерым и зыужьныгъэм кьыгетеувыIащ. А проектыр пхыкIмэ, щыналъэм инвестицихэр кьыщыIэныкIэ, туристIэнатIэм зегъэубгъуныкIэ икIи егъэфIэкIуэныкIэ зыхьэнэшхуэ зэриIэри ягъэбелджыIащ.

Федерацэм и спикерыр ухуэныгъэ лъэныгъэхэр зэрекIуэкIым щIэупщIащ, курортым лжьэн щIидзэмэ, хьэрычэтышIэ мыинымрэ курытымрэ зегъэужьыным щIэпсэуэнымкIэ щыгугъыр, республикэм щыпсэуэхэр IэнатIэкIэ кьыхэрызэригъэпэщыжу и фIыщ зэрыхъур кьыхигъэщащ.

НыбжьыщIэхэм загъэпсэху

Черкесск къалэм дэт школхэм къэбдыдыIа къэмахуэ зыгъэпсэхэтIэхэм аужьэн щIидзащ. Абдеж школкIуэ мин 8-м нэблагъэ къызэIуахыну щыIащ.

МАХУЭ 21-кIэ сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я нэгу зыщрагъэужьыну, зыщагъэпсэхуну школ лагерхэм республикэ бюджетым сом мелуани 5,5-рэ хуэхихынущ, апхуэдиз дыдэ муниципальнэ зэгухьаныгъэхэм я бюджетхэм кьыхэкIынущ.

Эхэм къагъэзэж

АДЫГЕЙ. *Мейкъуапэ щрагъэблагъащ Сириемкъыжа унагъуэр. Ахэр щIыхуиплI мохьри, я дфтрхэр жьхьэрыкIэ, Тохтэмэтмыкъуей кьуейм щыIэ я ныбжьыгъуэхэм деж щыпсэунущ.*

СИРИЕМ эпэщIэуэвэныгъэр кьызэрыщыдзэхэрэ а лъагъуэм кьикIыу Адыгейм кьэкIуэжащ цIыху 62-рэ кьызэщIэзыубдэ унагъуэ 16. Ахэр нэхьапэм я аджв лъаухэм зи щымыIа пэтми, адыгэбзэкIэ эмпсальэ. Яныныкъуэхэм фэтэрхэр кьыхуэштащ, адрейхэр зэкIэ Репатриантхэм я республикэ центрым щопсу. Фэтэрхэм, дэфтэрхэр зыхуей хуэгъэзэным текIуэдэну мылькур псапащIэ жылагъуэ фонд щхьэхуэм кьыбгъдокI. Фигу кьэдгъэкIыжынщи, ар кьызэрагъэпэщауэ щытащ 1998 гъэм, япэ адыгэ гупыр Косовэ къыщикIыжам.

Адыгейм лъэпкъ IуэхуэмкIэ, лъахэгъуэм я зэпыщIэныгъэхэмрэ хьыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и комитетым и кьудамэм и унафэщI Парэныкъуэ ФатIимэ зэрыжиIамкIэ, Урысейм щыпсэуну хуит щыIэ щIэупщIэ зыIуахьэм Махуэхьэблэ къуажэм, Мейкъуапэ километри 6-кIэ пIэщIэу, унэ зытращIыхьыным щIы кIапэ щыхухахынущ. Абы щопсу илъэс 11 и пэкIэ Косовэ кьыкIыжа адыгэхэр.

УЭРДОКЪУЭ Жен.

Мэкъуауэгъуэм и 25-м екIуэкIынущ курыт школхэр кьэзыухахэм я гуфIэгъуэ зэхьыхьэхэр

РЕСПУБЛИКЭМ и муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ мэкъуауэгъуэм и 25-м сыхьэт 22-м щегъэжьауэ щекIуэкIынущ 2012 гъэм курыт еджапIэхэр кьэзыухахэм аттестатхэр етыным теухуа гуфIэгъуэ дауэдапщэхэр.

АБы ИРИХЬэЛIэУ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым кьыдигъэкIа унафэмкIэ мы Iэнатlэм и унафэщI органхэм чэнджэщ яритащ а дауэдапщэхэр курыт еджапIэхэм кьыщызэрагъэпэщыну.

Гуфlэгъуэ пщыхьэщхьэр зэрекIуэкIым я нэIэ трагъэтынущ Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министерствэм, кьэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ органхэм я лэжьакIуэхэм, еджапIэхэм я нахьфэщхэм, адэ-анэхэм. Апхуэдэу дауэдапщэр иухыху школхэм щыIэнущ медицинэм и лэжьакIуэхэр.

Гуфlэгъуэ зэхьыхьэхэр КъБР-м щекIуэкIынущ мэкъуауэгъуэм и 25-м сыхьэт 22-м щегъэжьауэ мэкъуауэгъуэм и 26-м сыхьэти 6-м нэсыху.

2012 гъэм курыт школхэр кьэзыухахэм аттестатхэр зэрыратынум теухуа гуфlэгъуэ зэхьыхьэхэм ирихьэлIэнущ КъБР-м и кьэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм я кьулыкъущIэхэр, КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я щIыналъэ администрацэхэм я кьулыкъущIэхэр, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэхэр.

КIУЖ Иннэ.

КIэмыргуей Валентин илъэс 60 ирокъу

●Хъуэхъу

Мэкъуауэгъуэм и 23-м и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу ди республикэм щIыхь зиIэ и артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща КIэмыргуей Валентин. Узышагъэрэ дэрэжьгъуэрэ, гупсэхутыгъэрэ щIыхубзм я лъагъуныгъэрэ кьыщIэтыгъуэгурыкIуэ Валентин лъэпкъым и жьантIэм илъэс куэдкIэ дэсыну дохьуэхьу.

ДЭПЭ кIуа адыгэбзэ кьащбзэр кьыщыIэзэрыльэпъуэ щыта спектакльхэр? Сыт Къэбэрдей кьэрал драмэ театрыр лажьэу, нобэ адыгэхэр Голливудым и Iэдакъэщ1экIэхэм нэхъ щыдихьэхьэр? Театр билетымрэ DVD дискхэмрэ дэтхэнэр нэхъ пьапIэ? А упщIэхэмрэ абыхъэм кьыдэтыныкIуэнухэмрэ Валентин къаритыну жэуапхэр артистым и санэхуафэр зэфIэкIмэ ди газетым кьытехуэнущи, блэвмыгъэкI.

«Адыгэ псалъэм» и лэжьакIуэхэр.

● КъБР-м и Правительствэм

Унафэ зытращIыхьахэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Премьер-министр Гертер Иван республикэм и Правительствэм и зи чэзу зэIущIэр мэкъуауэгъуэм и 21-м иригъэкIуэкIащ. Абы Iуэхутэ 8-м щыхэпльащ.

ЗЭХУЭСЫМ Правительствэм и унафэ зэхуэмыдэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр щыхалъхьащ, министерствэхэм, кьэрал комитетхэм кьата хьыбархэм щедзIуащ, КъБР-м и кьэрал мылькур зэрызэрагъэкIуэнум и концепцэр кьыщащтащ, 2012 - 2014 гъэхэм республикэм кьыщызэрагъэпэщыну зэхьыхь нэхьыщхьэхэр зэрырагъэкIуэкIыну щыкIэр щащэбзыхуащ.

2010 гъэм екIуэкIа Урысейпсо кьыхэтхкIыныгъэм жылагъуэр хуэгъэхьэзырыным, ар егъэкIуэкIыным, абы кърикIуахэр кьэпщытэжьным жыдэкри зэрыхэлъхьам папщIэ, Къэрал статистикэмкIэ Федеральнэ Iуэхуущапи м и щIыналъэ кьудамэм и унафэщI Гъащтэ Аурикэ ведомственнэ дамыгъэр - «2010 гъэм екIуэкIа Урысейпсо кьыхэтхкIыныгъэм жыдэкри зэрыхэтам папщIэ» медалыр - яритащ КъБР-м и Правительствэм хэт цIыху 11-м, муниципальнэ щIыналъэхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэу 7-м, федеральнэ властым и IэнатIэхэм я щIыналъэ кьудамэхэм я унафэщIу 3-м.

«ЦIыхухэм я лъэIукIэ кьыдагъэкI универсальнэ электроннэ картэхэр зэратыну щыкIэм» теухуауэ республикэм экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министр **Мусуков Алий** кьыхилъхьам КъБР-м и Правительствэр арэзы техьэри, IэIэткIэ кьащтащ.

Финансхэмкlэ министр **Бышэн Азрэт** республикэ бюджетым и гъэтIылъыгъэ фондым щыщ ахьшэкIэ (псори зэхэту сом зы мелуанрэ мин 220-рэ мэхьу) зыдэIэпыкьуныхэм я щIэ кьриIуащ. Ахэр щыкъу 17 мэхьу.

КъБР-м кьэрал мылькымрэ щIы Iуэхуэмкlэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Тонконог

Налогхэм я лъэныкъуэкIэ зыхудачыхынуэр яубзыху

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

БюджетымкIэ, налогхэмрэ финансхэмкIэ комитетым и унафэщI **Ахьуэхьу Кьанщокий** депутатхэм я пащхь кIрыльхьащ «Организацэхэм я мылькум тральхьэ налогым и лъэныкъуэкIэ яхудэтчыхыным, КъБР-м инвестицэ лэжьыгъэ щезыгъэкIуэкI субъектхэм я мылькум техуэ налогхэр яхуэгъэмэщIэным техуэауэ» КъБР-м и Законым эхьухьныгьуэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» законопроектыр. ЗэкIэ апхуэдэ хабзэ пыуныкIаюхэр щIакъым икIи налогхэм я лъэныкъуэкIэ зэхьудачыхьыу щытар инвестицэ проектыр гъэзэщIэным техуэауэ республикэм и Правительствмрэ инвесторымрэ зэращIыпIэ Инвестицэ зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэщ. «Организацэхэм я мылькум тральхьэ налогым и лъэныкъуэкIэ яхудэтчыхыным, КъБР-м инвестицэ лэжьыгъэ щезыгъэкIуэкI субъектхэм я мылькум техуэ налогхэр яхуэгъэмэщIэным техуэауэ» КъБР-м и Законым и 2-нэ статьям ипкъ иткIэ организацэхэм кьаIэрыхьэ хэхъуэм техуэ налогыр проценти 4-кIэ ягъэмащIэ, зэрыхэзгурыIуа Iэхуэхэр абыхэм нэгъэсауэ ягъэзащIэмэ. Ауэ УФ-м и Налог кодексым и 284-нэ статьям абы и лъэныкъуэкIэ проценти 4,5-рэ кьыщыгъэльэгъуащ. Абы кьыхэкIыу мы Законым и 2-нэ статьям зэхьуэкIыныгьуэхэр хэлъхьэпхъуэ кьалыгъ.

Президиумым хэтхэм дабыгьащ 2012 гъэр иухыху КъБР-м и Парламентым и деж щыIэ Щыпэгъуалэ палатэр зэрылIэжьыну планыр.

Депутатхэм унафэ кьащтащ илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрыплажьэм икIи жылагьуэ-политикэ Iуэхуэхэм эжыдджэу зэрыхэтым папщIэ КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгьэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэхэу Гобачиевэ Роэз - лэжьыгьэ эхэущытыкIэхэмкIэ департаментым и унафэщIым, Ксанаев Мухьтар - социальнэ льготэхэмкIэ департаментым и унафэщIым, Апажахьэ Арустэм - къэрал къулыкъумрэ кадрэхмкIэ къудамэм и унафэщIым, Балэ Мурат - «Бахъсэн мунципальнэ районым и цIыхухэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр щIыхащIэ комплекс центр» Iуэхущапсым и унафэщIым, апхуэдэу ЗкъР-м Узыншагьэр хьуэныжмкIэ и министерствэм и «Республикэ клиникэ сымаджэщ» къэрал Iуэхущапсым и лэжьакIуэхэу Саид Ибрэхьим - къудамэм и унафэщIым, дохутырым-нейрохирургым, Кретовэ Еленэ - дохутырым-неврологым, Джапуевэ Светланэ - дохутырым-офтальмологым, Таукъу Замир - дохутыр нэхъыщхьэм хозяйствэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэм КъБР-м и Парламентым и Щыхъ тхьылыр етыным теухуауэ.

Апхуэдэу жылагьуэ-политикэ лэжьыгъэм жыджэру зэрыхэтым папщIэ Парламентым и Щыхъ тхьылыр иратащ Геляев Сахадин - «Урысейпсо къэрал телерадиокомпание» федеральнэ къэрал предприятэ зэгуэтым и къудамэм – «Къэбэрдей-Балькъэр» къэрал телерадиокомпаниием и радиопрограммэхэр езыгъэжьауэ щыт. Косовскэ Беро – «КIуэкIу» В.М. и цIэр зэхьуэкI Къэбэрдей-Балькъэр къэрал мэкъумэш академиеу» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт еджапIэм и Тэрч къудамэм и библиотекэм и унафэщIым.

УРЫСИМАМБЭТ Бэллэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущапсым и лэжьакIуэ.

● Къэрал Iуэхущапсым

Прокуратурэр я щIэгъэкъуэну

УФ-м Социальнэ страхованэмкIэ и фондым и Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ къудамэм и пресс-Iуэхущапсым кьыззритамкIэ, а Iэнатьмрэ республикэм и прокуратурэмрэ зэращIыпIащ щIэныгьэ зиIыгьэ социальнэ страхованэмкIэ щIыхуэхэр кьыщрыхьыжкIэ зэрызэдэлажьэнум тегуэрыIуэныгьэ.

АБы ипкъ иткIэ, щIыналъэ къудамэм страхованэ зиIэу сом мини 5-м щIигъу зытелъхьэм ятеухуауэ хьыбарыр мазищ кьэс щыпIэ прокуратурэм и Iуэхущапсым ярет, Урысей Федерацэм и законодательствэм тету, прокуратурэм и лэжьакIуэхэм аэрэ жэуапым ирашалIэ.

КъБР-м и прокуратурэм зэрыдэлажьэм фIы ыкоклэ. Страховой взносэр зымыт Iэнатьрэ унафэщIу 48-м аэрэ кьеIыхынымкIэ ядэIэпыкъуну щIэлъэIуу тхьылъ зыхуагъэзэти, прокурорэр яужь ихьэри, мэлыжьыхь-накьыгъэ мазэхэм кьриубыдэу сом мин 337-рэ е зыхуащIыпIэм и процент 15-р Фондым и бюджетым храгъэльэхьажащ. Страховану зиIэу 13-м я щIыхуэр зэрыщIэу зытрагъэжIыжащ, 5-м абы щыщ Iыхьэжрэ ятыжащ.

БЕЛЫХ Наталье.

● Прохладнэ куей

Сабийхэр мэгушхуэ

Республикэ сабий клиникэ сымаджэщым онкологиемкIэ и кьудамэм щIэлъ цIыкIухэм я деж Прохладнэ куейм и творческэ гупхэм иджыблагъэ концерт щатащ.

КъБР-м и цIыкIубзхэм я зэгухьэныгьэм и кьудамэу районыгьепIэм хэт бзылькуэгьэхэм сабийхэм саугьэтхэр хуашащ кьуажэ школхэм щIэсхэм кьабгъэдэкIыу. Псом хуэмыдэу сабийхэм ягу ирихьащ псынщIэу хьужьину кьеуэхьуэну тету езыхэм я ныбжь цIыкIуэхэм кьыхэзгъэзэха сурэтхэр. А дакъикъэм ревнованэ кьудамэм кьащIыщыжа сабий цIыкIум папщIэ, епльхэм я лъыкIэ, концертыр тIэу ягъэлъэгъащ. Артистхэм я дежкIэ тыгъэ льапIэт сабийхэмрэ адэ-анэхэмрэ я изгум кьрих гуфIэгъуэмрэ дрэжжэгъуэмрэ.

- Пролетарскэ станицэм гъуэзджэмкIэ и сабий еджапIэм и гъэсэнхэр, Учебнэ жьлэм и уэрэджьыкIуэхэр, «Альтуд» цIыхубэ ансамблыр, къэфакIуэ ныбжьыщIэ Истэпан Азэмэт сымэ яфIэфIу концертым хэтащ икIи я зэфIэкIхэмкIэ сабийхэр ягъэгушхуащ, - жилащ район администрацэм щIэнхабзэмрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ и кьудамэм и Iэщагьэлэ Iэмеевэ Иринэ. – Мыпхуэдэ Iуэху щхьэпэхэр Прохладнэ куейм и цIыкIуэхэм кьыддагьэ икIи абыхэм адэкIи кьыпытщнщ. КъыкIэльыкIу къэдгъэгъуэм дэ кьыхэзгъэтшэнщ Екатеринодрадскэ станицэм и сабий театр. Сабийхэм я узыншагьэр

●Пресс-конференцхэр

Щэнхабзэм гулъытэ щимыгъуэтым зыужьныгъи щыIэнукъым

Кинорежиссер, сценарист, УФ-м гъэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист Сокьур Александр 2010 гъэм КъБКъУ-м мастерской кьыщIэзIуихащ, щыIу 15 кьищтэри. Абыхэм ящыщу еджэным пызыщащ зэрыхьужьыр 11-щ. Сокьурыр иджыблагъэ журналистэхэм щаIущIам тепсэльыхьаш еджэным гугъуехьу пыщIам, щэнхабзэм мыхьэнэшхуэ зэриIэм, политикэм и къэхъукьащIэ гъэщIэгъуэнхэм, нэгъуэщIхэми.

МОСКВАРЭ Санкт-Петербургрэ Сокьурым щригъэджэн зэрэримыдзэм куэдыр егъэгубжь, Налшык щыIэжьэну кьыззрыхихар зэрящIагъэ.

- Сэ а Iуэхум нэгъуэщI бзэдыхьэкIэ хузиIэщ. НыбжьыщIэхэм IэщIагъэ щызрагъэгъуэтын хуейр я щIыналъэрщ, зыщыщ лъэпкым хэсыжу, я унагьуэм ирысыжу. Уеджэн щхьэкIэ, уи унагьуэм упэщIэуну щытын хуейкъым, - кьыхигъащIа Сокьур Александр. - Си студент псоми режиссер кьахэмыкьынйи хьунщ, Ауэ щыIэу 11-р республикэм и деж»э мащIэкъым. Щэнхабзэм и лэжьакIуэ, журналист Iэщагъэр кьыхэзыхьын кьаухьащIу абыхэм. Мы мастерскойр щыщыIэр щIэныгъэм хэдгъэхьуэн, щэнхабзэм зедгъэужьын папщIэщ. Ар кьыдэхъулIэн щхьэкIэ, университетым куэд зэфIегъэкI. Студентхэр щеджэ пэшыр зыхуеину псомкIи кьызэрэпэщащ, спектакIэр щагъэуф, абыхэм щIалъ.

Сокьурым жиIащ сюжет трахэр пщIэщIэ зэрыщIэхахьр, урысыбзэкIэ ящIар студентхэм я анэдэлъхубзэхэмкIэ зэрызригъэдзэкIыну. Игу кьеуэу кьыхигъащIащ зи анэдэлъхубзэр зымыщIэ иригъаджэхэм зэрахэтыр.

Ар тепсэльыхьащ и мастерскойм щыIэщIэ зэрымытыным, студентхэм лэжьыгъэшхуэ я пщэ зэрядилъхьэм, куэдкIи зэрящIыгъуэм. Кинорежиссерым кьыззрилыгъэмкIэ, режиссер бгъэхьэзырыну нэхъ гугъущ, уеблэмэ дохутыр ебгъэджэн нэхъ?. И деж щеджэхэмкIэ арэзыщ, псом хуэмыдэу зыхьыджэбэ щыкIуэхэмкIэ. Абыхэм хуабжьу зэрязаужьар езы дыдэми егъэщIагъэ. ЗэрыжиланкIэ, студентхэм я лэжьакIуэ нэхъыфIэр Рим щекIуэкIыну фестивалым щригъэльэгъуэну и мурадщ.

- Мы гупыр и кIэм нэсу егъэджэнущ, ауэ нэгъуэщI кьыскъуэщтэнкъым. Кьэралыр кьыдэмыIэпыкъуу мы Iуэхур бгъэкIуэтэну гугъущ. Республикэм и унафэщIэм убзыхуауэ яIэн хуейщ щэнхабзэм зэрызрагъэжьыну щыкIэр. КъБР-м и Iэтащхьэм и нэIэ кьыттетщ, мы гъэм студентхэм я стипендием кьахуащIигъащ, кьэдгъэзэжьыну Iэмэпсымэхэм-кIи кьыддэIэпыкъуащ. Дэ догугъу едгъаджэхэм щэныгьэ еттыным, абы щыщу кьахуэщтэнур е кьащтэну зыхуейр езыхэращ зэльытар. Си деж щеджэхэм режиссер кьаэмыкIми, щIэныгьэ зиIэ щыхъ хьунущ, - жиIащ Сокьурым. – Кавказым щыпсэухэм я ныкьусанигьэщ я лъэпкым, унагьуэм техуэхэр нэгъуэщI щыпIэхэм зэрынамыгьэсыр. Хамэ кьэрал щыщхэр кьакIуэу дуней псом дыкьрагъэщыхуэным дежьэу щхьэ дыщыс? Кьэрал иным ущыпсэууэ укъаруунэу гу зыIыбебгатэ хьунукъым, уи фIым нэгъуэщIхэр щыбгъэгъуэззэфу, дунейпсо щэнхабзэ утыкум упхьэфу ущытын хуейщ. НэгъуэщI щыпIэхэм щыIэ ди щIэныгьэлI, егъэджакIуэ Iэзэхэр республикэм щыпсэу, арп зыужьныгьэм щхьэпэн Iуэхут. Дэ дыщогугъ дгъэхьэзыр IэщагъэлIэр нэгъуэщI щыпIэхэм мыкIуэу, ди республикэм кьинэжьну.

Сокьурым и унэцIэм техуэ упщI щратым, кьыхигъэщащ Украинэм ар украин унэцIэу, Японием япон унэцIэу кьыззрыщыжраIэр. Ауэ езым зыщыщ льэпкым апхуэдэу мыкъэжьхуэ иритIыркъым. Абы лъэпкъ эхъэгъэжь ищыркъым, игу ирохь куэд дыззрихьур, дыззрызэмыщIыхьыр. Цыхуэм и Хэкур нэгъуэщI щыпIэкIэ имыхьхьэжу, абы зэрызригъэужьыным и зэфIэкIрэ и щIэныгьэрэ триухуэмэ - аращ псом нэхърэ нэхъыщхьэр.

БЖЬЫХЬЭ Роэз.

● КъБР-м и Жылагьуэ палатэм

Я Iуэху еплъыкIэхэр къагъэлъагъуэ

КъБР-м и Жылагьуэ палатэм Лэжьыгъэ зэхущытыкIэхэмрэ социальнэ политикэмкIэ и комиссэм и зэIущIэ зэхэтащ. Ар теухуауэ щытащ республикэм граждан обществэ щызэтегъэувэным мыкоммерцэ организацэхэр зэрыхэт щыкIэмрэ а Iуэхур егъэфIэкIуэныжмкIэ кьэуб кьалэнхэмэр.

ЗэIущIэм и лэжьыгьэм хэтащ КъБР-м Жылагьуэ, дин зэгухьэныгьэхэм я IуэхуэжмкIэ и къэрал комитетым и унафэщI **Пащты Борис**, «Зыужьныгьэ» псапащIэ фондым и Iэтащхьэ **Кишуковэ Иринэ**, Жылагьуэ палатэм хэт **Чернышевэ Маринэ**, «Зи Iэм имыльагьуэм я урысейпсо зэгухьэныгьэ»-м и Къэбэрдей-Балькъэр кьудамэм и правленэм и унафэщIым и къудзэ **Черкесов Юрэ**, «Чернобыль» жылагьуэ зэгухьэныгьэм и тхьэмадэ **Кучмезов Алий**, КъБР-м и Жылагьуэ палатэм Мыкоммерцэ организацэхэмкIэ и советым хэт **Созаевэ Аллэ**, проектхэмрэ программэхэмкIэ «Точка опоры» жылагьуэ Iуэхущапсым и унафэщI **Азубэч Азэмэт** сымэ.

Зэхьыхьэм Пащты Борис и докладым щедэIуащ. Абы кьызэрыхигъэщамкIэ, республикэм жылагьуэ зэгухьэныгьэрэ мыкоммерцэ организацэу 812-рэ щолажьэ. НКО-хэр хуэунэтIащ псапащIэ Iуэхуэхэр егъэкIуэкIыным, граждан обществэм и хуитыныгьэхэр хьуэмэн, льэпкъ щэнхабзэхэм зегъэужьыным, хьэрычэтыщIэ IуэхуэхэмкIэ дэIэпыкъуэгъу хьуным, дин зэхуэщытыкIэхэр, щIэныгьэр, спортыр егъэфIэкIуэным.

- Мыкоммерцэ организацэхэм ди щIыналъэм зыщагъэжьын папщIэ, хабзэ и льэныкъуэкIэ льабжьэ хьарзынэ хуагъэхъэзыращ. Абы кьызэщIеубыдэ коммерцэу щымыт организацэхэм, жылагьуэ зэгухьэныгьэхэм ятеухуа Федеральнэ законкэр, 2015 гъэ пщIондэ Къэбэрдей-Балькъэрым жылагьуэ-къэрал зэдэлэжьэныгьэм зэрызыщыжкыным и концепцэр. КьинэмэщIу, зи гугъу тщIы Iэнатьхэм даэзэрыдэIэпыкъуным теухуа республикэ программэ хэхам и проект диIэщ. Ар тещIыхьащ Къэбэрдей-Балькъэрым граждан жылагьуэм зыщегъэужьыным, мыкоммерцэ организацэхэм я зэфIэкIым хэгъэхъуэным, ди цIыкIухэм хуащIэ социальнэ Iуэхутхьэбзэхэм зегъэубгъуным. КьыхэгъэщIыпхьащ КъБР-м и Iэтащхьэм 2011 гъэрэ 15-м кьыдигъэкIа Указ №112-р. Абы ипкъ иткIэ республикэм и Унафэщым деж Жылагьуэ совет кьыщыззрагъэпэщащ. Советым хэтщ жылагьуэ, дин зэгухьэныгьэхэм, щалэгъуалэ зэщIэхъеенныгьэхэм, льэпкъхэм я нэхъыжьхэм я лIыкIэхэр. Мыхьэнэшхуэ яIэщ цIыкIухэм я гъащIэр зэрыхэтэщ щIыным теухуауэ НКО-хэм кьызэрагъэпэщащ проектхэм. Нэгъабэ апхуэдэ Iэнатьрэ 25-м, щIыналъэ властыр я дэIэпыкъуэгъуэ, проект 40 зэрызэщащ. Мы гъэм федральнэ фондым кьыхэжьыну коммерцэу щымыт Iэнатьхэхэм сом мелуани 6-рэ мин 624-рэ ятратынущ, - кьыхигъэщащ Пащты Борис.

Кьыкlэльыкlуэу ар кlэщу кьытеуфыlащ «XXI лlэщlыгьуэм и пашэ» республикэ зэпеуэм Къэбэрдей-Балькъэрым гулъытэ хэха зэрыщыхьащIым, икIи ар дызыкIэхуэу жэпуэгъуэ мазэм зэрекIуэкIыну щIыкIэм кьызэхэхъэжащ щигъэгъуэзащ.

ЗэIущIэм щагъэбелджылащ мыкоммерцэ организацэхэм республикэм зыужьныгьэ зэрыщащмыгъуэтым и щхьэусыгьуэ зыбжанэ. Апхуэдизу: я нэхъыбэр Iэнатьхэм зэрыпэрымытыр, я Iуэхукlэ зэрызэрымыщIэр, цIыхубэм пыщIэныгьэ быдэ зэрызыамыIэр, НКО-хэмрэ властымрэ я зэпыщIэныгьэр зэрымахэр. Зэфыщэм щаубзыхуащ абыхэм я хэкIыпIэу яльагъэхэмрэ гъэзэщIапхъэ щыкIытэхэмрэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Зэлущэхэр

Пащты Борис Лысенкэ Евгение медалыр ирет.

Хэкупсэхэр ягъэлъапIэ

КъБР-м Жылагьуэ, дин зэгухьэныгьэхэм я Iуэхуэжмкlэ и къэрал комитетым зэхьыхь гуапэ щIызэхэтащ. Абы щагъэльэпIащ Урысейм и цIыхухэр хэкупсэу гъэсэным хэлъхьэныгьэр зэрыгъэшIхэр.

ЗэIУЩIэр езыгъэкIуэкIар а комитетым и унафэщI **Пащты Борисщ**. Абы кьызэхуэсахэм яIэ кьиргъэкIыжащ УФ-м и Правительствэм и нэIэм щIэту лажьэ Урысей дзэ тхьыдэ-щэнхабзэ центрым и жэрдэмкIэ, УФ-м и цIыкIухэр хэкупсэу кьэгъэхьуным хэлъхьэныгьэ хуэзыщIэхэм илъэс ещанэ хьуауэ Урысейм и махуэм ирихьэлIэу гульытэ зэрыхуащIыр.

Муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я щIыпIэ самоуправленэхэм я органхэм, республикэм и жылагьуэ зэгухьэныгьэхэм мы гъэм цIыху 24-м Щыхьэм и дамыгъэ, фэепль медаль хуэфащэу кьагъэльэгъуащ. Зэхуэсахэм абы щыщу кьыхаха республикэм и жылагьуэ зэгухьэныгьитIымрэ цIыхуиIмрэ Урысей къэрал дзэ тхьыдэ-щэнхабзэ центрым и межведомственнэ зэIущIэм щыпхьыкIащ.

Зауэмрэ лэжьыгьэмрэ, Iэщэкlэ ЗэщIэуэзэда Кьарухэмрэ хабзэхъуэмэ органхэмрэ я ветеранхэм (пенсионерхэм) я зэгухьэныгьэ Бахьсэн куейм щыIэмрэ Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и ДОСААФ ООГО-м и щIыналъэ къудамэмрэ я унафэщIхэу Абазэ Анатолэрэ Хаджиев Руслан-рэ «УФ-м и цIыхухэр хэкупсэу къэгъэхъуным жыджэру зэрыхьхьыкъам папщIэ» кьыхуагъэфэщащ Щыхьым и дамыгъэр Пащты Борис яритыжащ.

Апхуэдизу «Урысейм и хэкупсэ» фэепль медальмкIэ зыхуэупсахэм ящыщу Шэрэдж муниципальнэ куейм щалэгъуалэ Iуэхуэхмкlэ, физкультурэмрэ туризмымкIэ и комитетым и унафэщI Аккиев Хьэсэн, Аруан куейм хьыхь Къэхьун кьуажэм и курыт еджапIэ №2-м тхьыдэ, общественнаниер, правэр цезыгъэдж Шыбзыхьуэ Хьамсинэ, Зауэмрэ лэжьыгьэмрэ, Iэщэкlэ ЗэщIэуэзэда Кьарухэмрэ хабзэхьуэмэ органхэмрэ я ветеранхэм (пенсионерхэм) я республикэ зэгухьэныгьэм и унафэщIым и кьудзэ Зведре Владимир, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Фырэ Руслан, Бахьсэн кьалэм и курыт еджапIэ №3-м тхьдэр, общественнаниер, правэр щезыгъэдж Лысенкэ Евгение, Дзэлыкьуэ муниципальнэ куейм «Егъэджэныгьэмкlэ и управленэ» муниципальнэ казеннэ Iуэхущапсым и унафэщI Нэгумэ Лейлэ, Бахьсэн кьалэм и 1-нэ прогимназием и унафэщI Быф Иринэ, Лэсэкэн районым ис ветеранхэм я унафэщI Тэбыкьу Борис сымэ.

«Стимул» жылагьуэ зэгухьэныгьэм ry унафэщIэ, щыхьэм я узынщагьэр зэфIэгъэувэжыным теухуа «Узыншагьэр хущхьэнщэу», «ГъащIэ узынщ» лэжьыгьэхэр зи Iэдакьэщ1экIым **Къуэщысокьуэ Александр** кьыщыпсальэм Пащты Борис зыхуигъэзащ республикэм и дэнэ щIыпIэмкIэ щыпсэуэхэр хэкупсэу щытыным теухуа лэжьыгьэхэр ирагъэкIуэкIыным-кIэ я комитетыр кьыдэIэпыкъуну, а Iуэхур гъэзэжьэжьным жылагьуэр зэкьуэувэу хэтыну кьыхуриджащ.

Республикэм исхэр хэкупсэу зэрыбгъэсэну щыкIэм теухуауэ **Нэгумэ Лейлэ** Iуэхугъуэ зыбжанэ кьыхилъхьащ. Апхуэдизкъ, псалъэм папщIэ, ныбжьыщIэр зыщыщ лъэпкъым, кьызыхэкIа унагьуэм теухуауэ комитетым нэхъапэм ирихьэжкIыну щыта лэжьыгьэхэм пащжьыбир, сабий гъэсапIэм щыщIэдзауэ хабзэм щапIыкIыным, ахэр жылагьуэ зэгухьэныгьэхэм хашэныр, нэгъуэщIхэри.

Фырэ Руслан и псалъэм кьыхигъэщащ сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ щэнхабзэм, фыуазджэм, литературэм я фIыпIэм щIэпIыкIыным зэрэуеIэр.

ИгъэльэпIаxэм фIыщIэ хуащIащ комитетым и лэжьакIуэхэм. Пащты Борис кьыхигъэщащ зи Iуэхущафэр щапхьэу кьалытахэм дяпэкIи а лэжьыгьэр зэрырагъэфIэкIуэнум зыкъ кьызэрытримыхьэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Зэлущэм кьрихьэлIат дин лэжьакIуэхэр.

● Налшык

ХьэтIохъущокъуэ хадэр ягъэдахэ

КIуэ пэтми йофIакIуэ ХьэтIохьущокьуэ хадэм и тепльэр.

НАЛШЫК паркыр зи Iэмыщ1э илъ «Налшык и зыгъэпсэхупIэхэр» ОАО-м и унафэщIым и кьудзэ Щэмырзокьуэ Мусэ кьызэрыщIамкIэ, иужьрей зэманым мы хадэм игъэта зэхъуэжьынымкIэ гу лъымытэнкIэ Iэжьал иIэкъым. Плиткэ дахэхэмкIэ кьищIыкIа льэс лъагъуэхэм я мызакъуэу, мыбы ит жьгъэм куэд щIэуэ я кьахэхьуащ. Апхуэдэу ефIэкIуащ сабий аттракционхэм, гуэл Iуфэхэм я щытыкIэри. Кьымыдэкlэ, ди республикэм щыпсэуэхэм нэгъуэщI щыпIэ кьызыIыным ди деж зыгъэпсэхуакIуэ кьакIуэхэмя ягу хигъахьуэу парк кIуэщым щаухуащ кофе, шей ефапIэхэр. Аxэр зыгъэпсэхупIэ щыпIэхэм я архитектурэ гъэпсыкIэм хуэкIуэу зэраухуам ихьуреягьыр егъэдахэ.

ХьэтIохъущокъуэ хадэм махуэ псом лэжьыгьэр щыззэпыурихьым. Ди щыпIэм и тхьыдэр зыхьыжу жыгтыжьхэми щIэуэ я щIыналъэм и тхьыдэр зыхьыжу жыгтыжьхэми щIэуэ я щапхъэм тету псы Iэрышэхэр щIэуэ ятIупщынущ, удз гъэгъа, щхьэнтIагъэ лIэужьыгьэщIэхэр хасэнущ.

ЛЬОСТЭН Муэз.

КIЭНЦIАЛИЙ Лиуан Борис и къуэр

И ныбжьыр илъэс 75-м иту дунейм ехьжащ хирург цIэрыIуэ, медицинэ щIэныгьэхэм я доктор, профессор КIэнцIалий Лиуан Борис и къуэр.

КIэнцIалий Лиуан 1937 гъэм КъБАССР-м щыщ Тэрч районым хыхьэ Акьбащ Ипщэ ихуэажэм къуэлыкIуэщI унагьуэм къыщыдалъхуащ. Къуажэ школым классиблэр кьыщIихри, ар Налшык дэт медицинэ еджапIэм щIэтIысхьащ. Курыт медицинэ щIэныгьэ игъэтауэ игъэзэжри, Тэрч район поликлиникэм фельдшеру щылэжьащ. Зы илъэс дэкIри, Осетие Ищхьэрэ къэрал медицинэ институтым щIэтIысхьащ. 1964-1966 гъэхэм ар Тэрч районым сымаджэщым и хирургу, хирургиемкIэ къудамэм и унафэщIу щытащ.

1966-1969 гъэхэм Петрозаводск дэт къэрал университетым хирургиемкIэ и кафедрэм и аспиранту щытащ икIи медицинэ щIэныгьэхэм я кандидат диссертацэр пхигъэкIащ. Апхуэдизу 1985 гъэм абы и доктор диссертацэр кьыщежьэлIащ Урысейм Медицинэ щIэныгьэхэмкIэ и академием хирургиемкIэ и Урысейпсо щIэныгьэ центрым.

1969 гъэм щегъэжьауэ КъБКъУ-м хирургиемкIэ и кафедрэм и ассистенту, доценту, профессору щытащ. 1996 гъэм а кафедрэм и унафэщIу ягъэуври, егъэджэныгьэр, щIэныгьэ кьэхутэныгьэхэр, апхуэдизу сымаджэхэм еIэзэныр зэдихьу екIуэкIащ. КIэнцIалий Лиуан жьарыущхэ хиургием ирихьэлIащ. Операцэ зэмылIэужьыгьуэхэр зэрящIым кьыдэкIуэу, дохутыр ныбжьыщIэхэр Iуэхум хуитащэрт.

Профессор КIэнцIалийм щIэныгьэ лэжьыгьэу 156-рэ итхащ. Абыхэм яхэтщ зыгьэгъадэжь тхьылъ плIы, хирургу лажьэхэм яхуэгъэза чэнджэщхэр зэрыт тхьылъ хы. Абы и унафэм щIэту кандидат диссертацэу блы пхагъэкIащ, доктор диссертацэу тIу ятхащ. Ар «Хирургие» Iэщагьэмкlэ диссертацэ советым хэтащ икIи абы жыджэру хэлэжьыхьащ.

КIэнцIалий Лиуан езым кьыззригъэпэщцрэ Кавказ Ищхьэрэм и хирургхэм я щIэныгьэ конференцу щы, симпозиуму щы иригъэкIуэкIащ. Апхуэдэу ар щIэныгьэ лэжьыгьэхэр щызэхэхуэхьэхэса тхылъышIым жэуап зыхь я редактору щытащ, дунейпсо, союзэпсо, урысейпсо конгресс, съезд, конференц куэдым хэтащ.

Профессор КIэнцIалийм и щIэныгьэ къэхутэныгьэхэр нэхьыбэу зытеухуауэ щытар тхьэмыщIыгьымрэ зэрымрэ зэрыжьныгьэ, абы хуэунэтIа хирургие Iэмалхэр къэхутэныгьэр. Ар Урысейм Естественнэ щIэныгьэхэмкIэ и академием и член-корреспонденту щытащ. «Урысейм и цIыху пашэхэр» энциклопедием ираттхащ икIи абы и щIыхь ядалъар къратащ.

1996 гъэм КIэнцIалий Лиуан «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм хирург Iэщагьэ зиIэ и дохутырхэм я ассоциацэ» жылагьуэ зэгухьэныгьэр, апхуэдизу Къэбэрдей-Балькъэрым и хирургхэм я щIэныгьэ зэгухьэныгьэр кьызэрыгъэпэщащ икIи дунейм екъыкIыу абыхэм я унафэщIу щытащ. А зэгухьэныгьэхэм мыхьэнэшхуэ яIащ республикэм и хирургхэм я Iэщагьэмрэ зэфIэкIымрэ хэгъэхъуэныжмкIэ.

Дэ зэи дигу ихункъым КIэнцIалий Лиуан Борис и къуэр егъэджакIуэ, дохутыр гъуэзэджэу зэрыщытар, и гъащIэ псор цIыхухэм ядэIэпыкъуным зэрыхуигъэпсар.

И ныбжьэгъуэхр, и лэжьэгъуэхр, и гъэсэнхэр.

● ЩIэныгьэ

Къэхутэныгьэхэм кърикIуахэр

Iуащхьэмахуэ льапэ щызэхэтащ ЕтIуанэ дунейпсо урысей-узбек симпозиумрэ ЩIэныгьэлI ныбжьыщIэхэм я Х школым и зи чэзу зэхьыхьэр.

АР ТЕУХУАУЭ щытащ математикэ, информатикэ щIэныгьэхэм я гъэхэм щрагъэкIуэкIа кьэхутэныгьэхэм кьрикIуахэм, а унэтIныгьэхэм адэкIэ кьащыпущытыр кьалэнхэм.

ЩIэныгьэ форумыр Iыхьаплlу гуэшауэ екIуэкIащ, абыхэм щытепсэльыхьащ утыку кьрахьа кьэхутэныгьэхэм я мыхьэнэм, ахэр гъащIэм кьызэрыщысэбэпынум, апхуэдизуи я гугъу ящащ зыIуу гутыуехьэм, ахэр зэфIэхьыжьмкIэ щыIэ зэкIыпIэхэм. Зэхьыхьэм хэтахэр бэиткIэ - урысыбзэрэ инджылызыбзэкIэ - лэжьащ.

ЗэIущIэр кьызэрагъэпэщащ ЩIэныгьэхэмкIэ Урысей Академием и КъБШШ-м прикладной математикэмрэ автоматизацэмкIэ и щIэныгьэ-къэхутакIуэ институтым, Узбекистан Республикэм щIэныгьэхэмкIэ и академием математикэмрэ информационнэ технологиехэмкIэ и институтым, ШЩАА-м математикэмкIэ, нано-информационнэ технологиехэмкIэ и дунейпсо институтым.

ХУЖЬ Таир.

●Бахъсэн куей

Óó¹ì è Iý óæüíûð

Бахъсэн кьалэм кьыщеха уэм кьрикIуахэр гъэззэкIуэжьным йоужьэрэкI.

КУЕЙ администрацэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и кьудамэм и Iэщагьэлэ Тхьэкlумащ1э Борис щыгъуазэ дыззэрищIамкIэ, пхъэщысэмыщхьэхэмрэ хадэхэмкIэрэ кьыпхуэгъэщIэрэщIэжьынкъым, ауэ уэшхьи ирируда щхьэмыжхэр кьызэрэфIэзэжьынымкIэ мэгушэ, илъэсыр кьызэрихьэрэ гъавэжэхIэхэр псы зэрыхуэмынькъуам кьыхэкIыу. Идыкъпсу Iажьыгъэ нэхъыбэ кьезыхьэлIэр «Горэлектросеть» Iуэхущапсым и лжьакIуэхэрщ.

Электрокъарур зрикIуэ кIапсэхэм я нэхъыбэр щыпIэ куэдым щызэпычат. Ахэр щIэрыщIэу уку зэдизжьынымкIэ жэщмахуэ ямыIэу Iэщагьэлэхэр елэжьащ икIи зэман кIэщым кьриубыдэу ныкьусаныгьэхэр ягъэзэкIуэжащ. Псом хуэмыдэу зэкIритхьэр гугъу ирагъэхьащ тек кIапсэхэм я лъабжьэм щIэт жыг гъумыщIэхэм. «Абыхэм кIапсэхэр зэрызэпачым и мызакъуэу, дунейм и къэхутакIуэхэм кьашэ зэхуэмыдыкIыгьэхэр гъэззэкIуэжьынымкIэ зэранышхуэ мэхъу», - жаIэ лэжьакIуэ бригадэм хэтхэм.

ЖАНХЬУЭТ Зуэз.

Дунейпсо мардэхэм хуокIуэ

Стандартизацэмрэ метрологиемкIэ къэрал комитетым и унафэщI Щурдым Юрэ щыгъуаз дыззрищамкIэ, иужьрей илъэсхэм дя республикэм кьыщыщIагъэкI хьэпшыпхэмрэ ерыскьыжкIэмрэ я фIагьым хэпшыкIыну хэхъуащ. Ауэ щыхьукIэ, абыхэм я уасэр езэгъырабгъуу, щэхуакIуэхэр пэльащым хуэдэу, кьонэж.

ЩIЫПIЭ бюджетым хэлъхьэныгьэфI хуэзыщ предприятэхэм я зэфIэкIым хагъэхъуэныжмкIэ сэбэныщхьэу зыбжанэ абыхэм ящыщ куэдым иджырей технологиещIэхэр кьагъэсэбэпын зэрыщIадзар. Кьапщтэмэ, Къэбэрдей-Балькъэрым щагъэхьэзыр продукцIэхэм урысейпсо утыкум щIэупщIэхуэ щызэрагъэгъуэтащ. ЩIэх-щIэхыпэр абыхэм кьыхуагъэфащэ саугьэт зэмылIужьыгьуэхэр, «Урысейм и льэпшыпхэхьэфIу 100» къэралпсо гъэлъэгъуэныгьэм бжьыпIэр щызыубыдхэм ди республикэр хамыбжэу зэи кьанэркъым.

- Сыт хуэдэ х

Лермонтов Михаил и поэмэхэр

ЗЭЗЫДЗЭКІАР АЦКЪАН РУСЛАНЩ

ШЭРДЖЭСХЭР

I

Къуохьжьыр дыгъэр, къепІэжІыжу,
Аузыр жэщым хуэхьэзырщ,
Мэужьыхри пшэлтьыр, мэуфІыщІыжьыр.
Гухэлъ зэщІэлтьым и чэзущ.
Бгы задэм пшагъуэр кІэроувз,
Щэху щІыІэр уэхым хошьпсыхь.
Жбзыщу щІым зэрытеувзр,
Къурш бжэнхэм тьагэу къыщакІухь.
Бгы нэкІум Іэш щучыІытьагъуэ.
И нэр кІыфІыгъэм къыщылыду,
КІэнаужм зэпрэж дыгъужь.
Щакіуэ емышыр, хьэджафитІыр
ЩагъэІа щхъуэжьым нтщ и ужь,
Зэрыгъэгъущхуэу, зыр зыІэ тож.
Щытщ мэзыр, и щхьэм щІэгупсысу.
Мо щхьэукъуэным нэсыпар,
Жьыбгъэ къуейщІэр къызэреІуэсу,
Кьыхощт, и фІэщу зигъэгусэу,
Щхъыщхь макъыр щІым щыІэзэльтыщІысу
МэхъущІэ ар, темышІэж.
Къежьхьыр жьыбгъэм сэхъуа бынщи,
ЕмыдэІуэжу зыуТІыщам.
ПщІыхьэпІэм къыхоІукІ жьыпІэну,
КІыгуугум жьжьэу макъ щегъэйу,
Хигъэщ1у ун гур, зэм мэщІэу.
Къуаргъыжьырь ныбжьыу тесщи жьыгым,
Дунейм щІокІие, димычыхьэу.
Щожэх Тэрчыжьыр нэхъ жьыжьэІуэу,
Мы къекІуэкІ къомым щІэмыдэІуу,
Езым и Іуэхур зрехъэжь.
Мывэжьхъэр зэм зэрегъэуэнтІэІур,
Зэм кІыхьу и цхъэ хуопсэтьэж.

II

Нэхум и бийхэр игъэгуфІэу,
Аргуэру уафэм зыкъеуфэ.
Жьыбгъэ джэгуакІуэри хьэзырщ:
Мы дуней псор щІэдэІу и гугъэу,
Удз гъущэр нэпкъым щегъэзу,
Арщхьэжь бэкІэ зыщыгугъыр
ЩІы щхьэфэм фІэкІ зэхихьхьым зым.
Бгы щыгум мафІэхэр къыщоблІэ,
Абы къэзакъхэри щІэзопльэ,
Жэщым щылыду и мыжжурэр;
ЩІэх-щІэхыу йоджэ зыр адрейм,
Кьыхэнту, пабжьэр жьым дэхъейм,
Бэлэрыгъаери щІегъэжьынущ:
ШІэрджэсым темтьэкъужІ имыщІэ –
А гъуамэр сыту гъунэгъущэ.
Пльэгъуа къудейт псым адкІэ щыІэу,
Иджы кьыпхеІу и къамэ щыІэр,
Абы уи лІэгъэр къыгурыІуэ,
УаІуплъэжьынукъым, къэзакъ,
Уи тьаХэ дыщэ фІыуэ пльагъум,
Гур зыхъэпабгъэ уи унагъуэм.

III

Мэз Іувыр уафэм худопльей,
Сымаджэм сщхьу, хэщІэукІыу,
ЩІы щІагъым къыщІэІукІ нэхъей,
ЩхьыщхъмакъыР тхьгтхьу зэпрыкІыу.
Жьыгенжь щІагъым щотІыСах,
Шым къепсыхауэ, шэрджэс гупыр.
Зыгуэрэхэр хохьэ пхуэ гъэр щыпэ.
Абыхэм пхъэ кърахьэлІэху,
ЛэгъупыР зыфІадзэн хасэху,
Адреихэм хашыр псалъэмакъыр,
Драмышпуэку, сщхьу сакъынщ.
Арыххэу мафІэр къызэщІонэ,
И хъуреягъыр кьнгъэнэхуу,
ИпІхьыхьу нэгу къэсхьу гупсэхуу.
Зэрыщу нэху игъэункІыфІыну
И фІэщ а мафІэм хэт хъэщІыну?
Уи хъжьжь жэщым епэгэкІхэм
Я Іэщэ-фащэр хольдыкІ.
ШэрджэсІ лІыхъжьхъэм я гукъэкІхэм
МафІэм и бзийхэр къыдоудж.

IV

Шу хьэлэмэтхэм ящыщ зым
И афэ джанэр дыжьын защІэщ.
Абы бейгуэлхэр бгъэдэсыжщ,
Хабзэу ирахьыр яфІэмащІэу.
Адрейхэр гупурэ зэхэсщ,
Нэхъ пэгъунэгъуу мафІэ джэгум,
Гум и Іыыр кьнщу щхьэж и нэгум.
Зыгуэрым щэхуу уэрэд хеш,
НэгъуэщІым фочыр егъэкъабзэ,
Зэм-зэмкІэ жэщым тригъапсэу,
КьызэфІоувэ мафІэр, пІэнкІыу,
ЖиІэпу хэту и гукъэкІыр.
ШэрджэсІ пщы хъыжьэри къотэдж,
ЗиІэжьэжьнукъым афІэкІ.
Мыраш и псалъэр пщым и пщыжьым:
«Си къуэщыр нобэ дэ тщымыгъу,
Урыс быдапІэм ар щаІыгъщ,
Ирахкъым жэщи махун лъэхъур.
Зэгъэнкъым си гур, си лъэпкъэгъуэхэ,
Хунт анэкъиІтьхур къэзмыщІыжу.

V

Ар пщІыхьым сэ къыщысхуэкІуащ.
Ит хуэдэт, мыр къызжиІэу, пащхьэм:
«Сыкъебгъэлъынум, кьыхсуІапщІэ.
Зы жэщ нэхъ мыхъуми уэ зыпІэжьэм –
УимыІэжьынум щыщ сыхьуащ».
Ар жиІэщ, гугъэу къызэлтьыжри,
Си шынэхъыщІэр бзэхьакащ.
Сытэджри, фщІыгъэу сыкъежьащ –
Згъэзэнкъым, хунт ар къэзмыщІыжу.
Фи лІыгъэм си щхьэр хэзогъэщхъ,
Ауэ зыгуэркІэ фыщІегъуэжьым,
Фи жьэгу вгъэззжмэ нэхъ къэфщтэжьым,
ЗыкІи си жагъуэ сымыщІи.
Си закъуэу щыгтри, сыпежьэнщ
Си натІэ итым. Ар къызоджэ.
ЛІэныгъэзрауэ ар къыщІэкІым,
ЛІым зэрихабзэу, гъащІэр стыпщ,
Бий куэдым я псэри здэсхьынщ.
СыщыщІыхьэнур я бзийпІэм
Ирехъу урысхэм я кІуэдыпІэ!
ЩІым хъуащ, ар жиІэри, пщы Іэлыр,
И пащхьэ итхэм я нэм щІэплъэу.
«Ирехъу урысхэм я кІуэдыпІэ! -
Пшэм хьхьэжащ и макъыр гупым.

VI

КъуэкІыпІэр пшэплтьым ирилащ,
МахуэщІэр уэгум къызэпхопсыр.
ЩыщІынур нэху къыхуэмыгъэсу,
Адакъэр, зиукІыжу, Іуащ,
Пшэ хъжьхэр, нэр щІрагъэтьафэу,
Мэз щІагъэхъаем къыщхьэщыгтщ,
КьыпфІэщІрэ пэт зихъуэжьыгъуафІэу -
Мы дуней жьыщІ зэрыщыгтщ.
Зыкъызэкъуахыр дыгъэ бзийм,
Йозауэ джэгуурэ кІыфІыгъэм,
Ирахури ныбжькъэр щхьэхъу губгъуэм -
Езыр я лІыгъэм нохьуэпсэж,
ПхуэмыубыдыжжуКъызэрокІыр,
ЩІы фІыщІэм хохьэ, псымри пхокІыр.
Зэтэж Тэрчыжь и Іупэ пІащІэр,
Акъужьыр щабзу къепэщэщу.
Нэхуэщ инІи къабзэщ уафэ гъьащІэр.
Вагъуэ щыкІу къомыр кІэрыщэщри
Дыгъэм и закъуэ къыхуэнащи,
А зым щогугъ, а зыр егъафІэ.
А хуабэм щыщ къыщыгъэІэсым,
Мэуврри гъьапэщІийнуэ мэзыр,
И тхъэмпэ гъущхэр къегъафэ.
Нэм имылтьагъу къарум ипхъуатэу
Тхъэмпэ зырызхэри зольтатэ.
Кьыпфіощі дуней темытурауэ
Тхъэмпэ лъэтам нэхъ Іэуэльауэ.

Арщхьэкі йолъ, пІэту сабэр,
Шу гуп мэз гъьапэм къыщежьар.
Урыс быдапІэр зытет джабэм
КІэрохьэ, ещхьу бжьэ къэпщІам.

VII

Щытам аратэкъэ махуэщІэм,
КІыфІыгъэр зэрригъэткІум ещхьу,
ИгъэкІуэдыфу гуныкъуэгъэгъэр,
Нэхуэщ инІи къабзэщ уафэ гъьащІэр.
Вагъуэ щыкІу къомыр кІэрыщэщри
Дыгъэм и закъуэ къыхуэнащи,
А зым щогугъ, а зыр егъафІэ.
А хуабэм щыщ къыщыгъэІэсым,
Мэуврри гъьапэщІийнуэ мэзыр,
И тхъэмпэ гъущхэр къегъафэ.
Нэм имылтьагъу къарум ипхъуатэу
Тхъэмпэ зырызхэри зольтатэ.
Кьыпфіощі дуней темытурауэ
Тхъэмпэ лъэтам нэхъ Іэуэльауэ.

Арщхьэкі йолъ, пІэту сабэр,
Шу гуп мэз гъьапэм къыщежьар.
Урыс быдапІэр зытет джабэм
КІэрохьэ, ещхьу бжьэ къэпщІам.

VII

Щытам аратэкъэ махуэщІэм,
КІыфІыгъэр зэрригъэткІум ещхьу,
ИгъэкІуэдыфу гуныкъуэгъэгъэр,
Нэхуэщ инІи къабзэщ уафэ гъьащІэр.
Вагъуэ щыкІу къомыр кІэрыщэщри
Дыгъэм и закъуэ къыхуэнащи,
А зым щогугъ, а зыр егъафІэ.
А хуабэм щыщ къыщыгъэІэсым,
Мэуврри гъьапэщІийнуэ мэзыр,
И тхъэмпэ гъущхэр къегъафэ.
Нэм имылтьагъу къарум ипхъуатэу
Тхъэмпэ зырызхэри зольтатэ.
Кьыпфіощі дуней темытурауэ
Тхъэмпэ лъэтам нэхъ Іэуэльауэ.

Арщхьэкі йолъ, пІэту сабэр,
Шу гуп мэз гъьапэм къыщежьар.
Урыс быдапІэр зытет джабэм
КІэрохьэ, ещхьу бжьэ къэпщІам.

VIII

Зэбгрокіыжыр урысыдзэр,



Сурэтхэр **ПАЩТЫ Герман** *ищІащ.*

Зреч уІэгъэ хъуа шы хъыжьэм,
Тесар кьнлъыхъуэ фІэкІ уемыщІэу.
ЩІэу макъыр дэнэжІи къыщоІу,
КъыпфІэщІу дуненжьыр щэІу.

X

Ягъауэ топыр, щІыр дэхъейуэ.
Уэгъэр, уафэм худэпльейуэ,
Зыгуэрхэр хуэму къеІущэщ.
Арыххэу и нэр щІнлъэфащ,
Льэтащ нэху гуэр, къыхэкІри и пкъым.
Щытауэ къыщІэкІынщ ар щыпкъэу...
Игъабзэу джатэр, нэгъуэщІ зы
Урыс сэлэтхэм йобгъэрыкІуэ,
Арщхьэкі ари жьыжьэ мыкІуэ,
Бжьр къыхаІуащи – покІыр псэм.
Льэр кьрнкІыкІми и уэгъэм,
Игъэгушхуэну хэтщ ныбжьэгъуэр,
Езыри фочымкІэ мэзбэ,
Хуехь кьрууншэу кІакъхэм Іэпэр...
Фочышэр дэнэкІи щофий,
Топышэм еджэу къыпфІэщІыну.
Мы щІым сфы пщтыру зыщІифар
Адрей лъэныкъуэм щыпхыкІынущ.
Зэхэуэр блынхэм йокІуэталІэ,
БыдапІэм дэсхэр мэкІэзыз.
ШэрджэсыР лІыгъэ хэтъу малІэ,
ЩІыхэтьщ зэхэуэмри нэмыс:
Уи щІыб кІыдыхьэу къэпыджынкъым,
КъыщІэплъэу уи нэм къоозуэнщ,
УтекІуэу щытмэ – къохъуэпсэнщ,
Къыштекіуэ хъуэр – кьыпщІыхьынкъым.
Егъабзэ джатэр шэрджэс хъыжьэм,
Къэзакъэр ныбгъэжьэ нрихэу.
Бийр къигэнащ ищІэн нмыщІэу,
Зэхэзехуэн ищІащ арыххэу.
Абы фочышэр къегъэпщІэф,
Ар пфІощІ шабзэшэми имыщтэ.
ЩІольэт къэзакъэр, абы щыщтэу,
ЯІуплъэм – джатэр яІэщІоху.
Зэ бжьуэжам – нэсынут куэбжьэм,
Арщхьэкі гупым къаухъуренхь,
ЛІъныкъуэ псомкІи кІьаудыныхь,
КІыхеІу абы зыгуэрым и бжьр.
Ар шэрджэсыщым лІанІэ хуохьу.
ЛІым я нэхъ хахуэр шым къохуэх.
Абдежым мэхъу Іэнкун шэрджэсхэр,
Я лІыгъэр пльагъуурэ мэкІуэщІ.
Шым темысыжьыр ягъэкІэсри –
Зыр адрейм еджэу зэдоКІуэт.
Иджыри шхэр зэдолъэт.
Щофий щІэпхъуэжьхэм я щхьэщыгум.
Зыгуэрхэр псэншэу тохуэ щІыгум.
Кьэнахэм защІ кІапсэлъэрышэ,
Зыщхъхъумэну хэтщ бинщэм.
ШэрджэсхэР мэзым егъэпщкІуэж,
КІьаІэта сабэр мэтІысхьж.
БыдапІэм Іугъуэр щхьэщехуэ.

XI

Шым хъуащ бгы нэкІур, уафэр щымщ,
Пэщхьейуэ щІыльэм къыхуеплтьыхьу.
ТемыпыІэжу кьежьыхь жьым,
Тхьэм ещІэ губгъуэм къыщІлъыхьуэр.
ЛІьагапІэм плъырхэм къыщакІухь,
Макъ зэхахьху я щІыбэр тхьтхьу.
БыдапІэм ельагъуэжьыр щІыхь,
КьыхиГъэщтыкІыкІу, игъэдзыхэу.
Къэзакъыр мажэ, тесу шым,
Ныбжь къыкІэлъыжьэм игъэшынэу.
Кьъаргъыжьхэм зрадзыхьр щІым,
КьрауІукІыну хьэдэм и нэр.
Жуфэбгъу аргуэру ваГъуэм уафэр,
ЩІолыд Іэнкуну бгъщхьэм мафІэр.
Мэлыд къэзакъым нІыгъ джатэр,
ХэпщІыкІыу лъым игъэульнэр.
Дунейм и напщІэр фІыхолъэтыр -
Хэт зыщІэр и гум ирилъхьар?..

XII

Я фочыр я пІэм нрадзэжу.
Гъэзгущхъэ сабэр кьнгъэтэджу
ЯтьагъУри зы шу гуэр къахуэжэу –
ЯфІэмыфІыщІэу къагъэззэжыр,
Къэблагъэм нэр яфІытепльыхьэу.
Шур кьоиэ, шынэу зэплъэкІыжу.
Зы ещІ и къэси и къепсыхь.
Зоплъэкі щІэх-щІэхыуэрэ, кІэзызу,
КъыкІэтьыса къыфІощІ къэзыхур.
Зыхуэнгъэзауэ псом нэхъыщхьэм,
И макъ кІэзызымкІэ къепсэлъ:
«Кьыхуэблэгъащ шэрджэсхэр бгыщхьэм.
Я губжьым мывэхэр къегъэпІть,
Кьыздэкіуэм чыцэр ягъэгъуэльТ
КъаІэщІэсхащ ерагъыу си щхьэр».

IX

Псом я нэхъыщхьэр утыку къохьэ,
Сэлэтхэр блыну егъэув.
Адрейхэр псори зэрызохьэ,
Шынащи, гъэзгу кьыхачыхьф.
Зыгуэрхэм куэбжэр ягъэбыдэ.
НэгъуэщІхэр пІащІэу шым мэшэс,
Къамыгъэкіуэну зы шэрджэс,
Кьымыкіуэтыну я псэр пыту.
ШэрджэсхэМ губгъуэр яуфэбгъу,
Асльэну нэхэр ягъэутхъуэ.
Къэзакъ зыбжанэ хьэдэ мэхъу,
Кьэнахэр, зыкърагъэлу, щІопхъуэ.
Арщхьэкі топыр хьуат хьэзыр -
Урыс топышэр бийм яхохуэ,
ШэрджэсІ гупышхуэ щІыльэм тохуэ.
ИтІаин игъэзакъым зым.
ЩІхьэщІыгум джатэхэр щолыдыр.
Урыс сэлэтхэр ириуду,

КАВКАЗ ГЪЭР

ЯПЭ ІЫХЬЭ

I

Бгы льапэм жьлэ щыІэхэсщ,
ЩІэтІысыкІауэ гукъэкІыжьым.
Шыхульагъуэу вагъуэхэр мэшэс,
КъаХэкІуэсыкІым зкуэкІыжу.
ЩІхьэщыгум кІыхьу зыщеІыгъ
Уэнжакъ нэщхъейхэм къариху Іугъуэм,
ИтІанэ уафэм хошьпсыхь
Гум къыщІнтхъ псори зэрыщІыгъуу.
Сабийхэм пщІыхьым къыщахухь
Гугъапіэ нэхуэм я псэуІэр.
ШэрджэсхэМ бжьэпэм щадз ныбжь кІыхь,
ЩІыгу техъукІар я уэршэрыпІэу.
Зэм шы телъыджэм ящІ и гугъу,
Зэм я ауанщ урыс сэлэтыр.
Мы дунеижьым зеудыгъу,
Ирашэжьам лІыхъужь уэрэдыр.
ШэрджэсхэМ Іэджэ ягу пымыкІ,
Арщхьэкі пожьэ зэса гъащІэм.
Пэху кьатемыщхьэу дошэсыкІ,
ДекІуэкІыу бгыхэм я нэгу пхьашэм.

II

Бзыльъхугъэ щІыкІуэр дожей Іуащхьэм,
Шу кьемыпльэкІхэм я Іэр хущІу.
Гъуэгущхъэ сабэр мэтІысыжьри,
Гъуэгу дыжьныифэр къыпхопсыжьыр,
ИзгъэщІ шууейхэм кьхауэлыду,
Гум щыщІэр зыун кьнмылтьэту.
Гъэугунапщэ удзыр Іурехьыж,
Кьыгтрихьа сабэм игъэщхьауэ.
Тэрчыжь мэшхыдэ щІэгъэщхъууэ,
Арщхьэкі зым зэхимыхьыж
Абы гукъанэу кьрихьэкІыр.
И напэр псым кьрихулэжьыж,
Мыхьэй нэпкъ задэм и зы пальтъ.
Ухуейм зэгуэч, ухуейм къэкъуалъэ.
БампІэгъуэу щымт мы дунеижьыр,
Кьэмыкъугъатэм хьэІуцыдз
Е щхьэрыгтІыпщу шы зырыз
Зэпрымыжтэм губгъуэм, щыщу.

III

ЗэщІэблэрт удзыр алэрыбгъуу,
Бгы нэкІун тафи иуфэбгъуу.
Къыршыпсым мыпхэхэр итхъэщІт,
ТолъкъуН-Іэгъуапэмкіэ нтъэщу.
Кьабзагъэ нэхумкІэ зигъэнщІт,
Мыух гуфІэгъуэр псэм кьнгъэщІу.
Бзылъхугъэ щІыкІуэр бгым къожэх,
Псыр зэрыджэгуэм ягу хигъахъуэу.
Псы я жабзэр Іэгуэм къуэгъахъуэ,
Хьэрэмыгъэншэу мэдыхьэшх,
Іэтьынхэр псым щІагъэтІысыкІыу,
Кьыхапхъуэтыжрэ – щыгуфІыкІыу,
Ещхь хъуауэ фІыгъуэ зэуэІам,
Зи щхьэм тыгъэ зыхуищІам.
Ихэтт Іэльынбар зыутІыщщ,
Насып кьнхьыну гугъэ нщІу.
Бзылъхугъэ щІыкІуэр хэпльэрт псым,
Псы щІагъым щещІэу я суРэтыр.
Абыхэм ящІэт псэм кьыхуэтыр –
Кьыпэплъэрат имыщІэр зым.
Кьыхадзэрт зэм уэрэд гугъафІэ,
Я макъым ныдджэр дэуфафэу.

IV

Нужьрей бзийр епэжьыр дыгъэм,
Къуршыщхъэ мылым тецІэнтхъукІыу.
ЩІытщ Іуащхьэмахуэ, хэпыдыкІыу,
Мы дунеижьым и дамыгъэу.
ЯІъэхъа шыхэр зэм мэщыщ,
Ягу кьыщыуцыр ямыбзыщІ.
Кьыдыхьэж Іэщхэр зэщІобууэ,
Іэхъуэм и макъыр щІагъэмбрыуэу.
Зы хъущэм итщ адрейр и ужь,
Жуфэбгъури – щІыр умылъагъуж.
Сыт хъущэм щІыгъуу кІуэ зу макъыр?
Ар лъэхъу зу макъым сыту ещхь.
ИльагъУм уи нэм унгу хегъэщІ:
ЯІъэф гъэр-Іэхъуэхэм я лъакъуэр,
ДзуФІыцІу сабэм хэткІуэ лъыр.
Кьощ нэгум зэрыуэзыр лъыр,
Псэр зэрыуэзыр нэхъ Іенэку,
Кьозауэ я псэм гукъэкІыжьыр,
Гугъущ зэрамыІэри къэкІуэн.
А псоми гукъыдзж текІуэн.
Зы щІыхьэ гугъэншэу, зэшыгъуащэу
ЮкІуэжкІыр Іэхъуэхэм я гъащІэр.
Уэрэд гузэвщІ, нэпс гъащІэгъуэрщ
Зыхалъхьэр я гум къыщеблар.

V

КІуэжьыну гугъэ къаухуэнакъым,
ИтІанэ хэкумкІэ мэдаІуэ.
Зэм ягу мызагъэхэр щІэпхъэунщ,
Кьурш тхъуахэм щхьэхьэ зэпрыжу,
Я гугъэу лъапсэр кьагъуэтыжу,
Зэм гугъэншагъэм итъэхъэнщ...
Иджы Іэш хъущэхэр къахужьыр
ЩІхьэщыту сабэр гъуэгущхьэІуэм,
Езыхэр фэбжьым игъэщІуу.
Хьэ банэ макъыр гъунэгъу мэхъу,
ГухэщІыр нэхъри зэщІнІэтэу.
Бзылъхугъэ щІыкІуэм хаш уэрэдым
ЩІегъапхъуэ унгурн - кьегъэщІэхъу:

УЭРЭД

Ежьам уафэгъуагъуэр
И щыбгэр и Іэщэу,
ХегъащІэ зэ уэгъуэм
Жыгейм я нэхъ лъэщыр.
Апхуэдэу урысыр
ХагъащІэ ди лІыхъухэм.
ШэрджэсыМ хуэмызэр
ЩІылъфІыц зауэ губгъуэм.
Хуэзам и мыгъуагъэщ,
Зыщ итыр и натІэм:
ХокІуадэ е щІопхъуэ,
ТекІауэ и напэр.
Пэльдым уэгу дыгъэм
ШэрджэсыМ и джатэр,
ГъэщІэкІупІэ кьнлъыхъуэу
Бийм и гур зольтатэ.
Апхуэдэу жьы кьепщэм
Жыг тхъэмпэр дотьыгтыр.
Бий дзыхэм и тепльэрщ
Гу бампІэр дзэыхьыр.

Йодаіуэ гъэрхэр уэрэд хьыжьэм,
Жгу дзыхэр нэхъри игъэхьщІэу.
Зэрыпхьэжьу уэрэм задэм
ДаутІыпщхьэжри гъэрхэр пщІантІэм,
Кьапэплъэ пкъохэм ирапхьж,
Кьалъыс хьудырыр кьыхуахьыж.
ПщІантІэжм мафІэ иращІыхьри,
Йожьэж, Іуэхунщэ зэщІагъэхьэу.
ШыІжжкъым махуэр. Ещхьу щьлхьым,
Бгы нэкІум ныбжьхэм къыщакІухьыр.

Зыгуэрым, уи нэр лъэщІэмыхьэу,
Уэгу кьащхъуэм вагъуэр щрекъухьыр.

VI

Жей ямыІэжу шэрджэс зауэлІхэм,
Іуащхьэ джафэжьым щыІэхуос.
И гугъу ямыщІ мурад дыгъэлхэм,
Абыхэм зауэм зыхуагъэпс.
Загъэпс урысхэм ятеуэну,
Шы хъыжьэу хьуам тралъхьэ уанэр,
Шы хъыжьэу хьуам я Іэщэ-фащэр
Мазэгъуэ жэщым хольдыкІ.
ЩІмыитыфыну лъахэм гъащІэр
ШэрджэсхэМ зылІи къахэмыкІ.
Хуопабгъэ зауэм жьыри щІэрн,
Кьаруу шынагъуэу зэдежьэнщІ
Абдежьым сабэм зыкъеІэт,
Щотэдж гъуэгущхъэм шы лъэ макъыр.
Зы шу кІыфІыгъэм къыхокІуэт,
Зыгуэр щызеуэу и щыбагъым...

VII

Елъэджьауэрт и шым щауэр.
АркъэнкІэ уанэм кІэрыщІауэ
Абы гъэр щІалэ къыкІэлъыжьэрт,
Зэм джаІэу, зэмм къэтэджьыжрэ
Зыкъригъэлу гъэгу мыватъэм.
Лъым щІигъэнат и нэкІур щІалэм.
Шу зыкъизыхьыр хохьэ гупым,
Иредзэ гъэр ищІар утыкум.
Тельщ щІалэр мывэм, и щхьэщыгум
Ажалым дамэр щигъэджэгуу.
И нэ пІащтІыр уэгу бзыхьэхуэщ,
Псэм я нэхъ пхьашэр къыдахьэхьыу...
Хьэзырщ шэрджэсхэр, зрадз шым,
КъаІэту сабэр, йоуэжІ бгым.

VIII

ХуащІ гъусэ щІалэр ардей гъэрхэм,
ИратъхьэІ лъэхъур епІэщІэкІыу.
Ар удзым хэлът, макъыншэу гъыуэ,
И лъынтхъуэм мылыр ирищІэкІыу.
Ар Іуэщхъурт зэм, Іыхьлыхэм лъыхьуэу,
ЇэштІым гуащІэншэр зэм икъуэт.
Кьыпхьпст и нэгум зэм лІэныгъэр,
Зэм фагъуэу гъащІэр къызэпхпст.

IX

Уэгу къащхъуэм дыгъэр щыпэзаэт,
ЩхъуантІагъэм и кур кьрисыкІыу.
КьыпщІихьурт Іуащхьэхэм загъаз,
Хьущэ мамыр аргуэру ивгъэр.
ЗыбжьыщІыжьжьым - и насыпыр
Игъуэтыжьыну щытам хьунт.
Мес, щхьэр къеІэтыр, хэщхъыкІыу,
Мэтхытх и щІыбэр зэрыщІыту.
Зэтрихмэ и нэр, щытщ ныбжьэгъуэхэр.
Сыт щІа а гупыр гъэр зэрыхьуэр.
Кьыгурыіуащ и Іуэху зытетыр
А напІэзыпІэм урыс щІалэм.
Нэджьыджьым губжьыр
Кьыщыкъуалъэу,
Лъэхъу фІыцІэр ІнтІымкІэ еубыдри,
Дзэм ещхьу, гъущІыр зэрегъэкІ.
Абы и гущІэм къиІукІ макъым
Джэрпэджэж щащІэр зэблегъэж,
КъыфІокІуэ нэпсри, къемыдаІуэу.

X

Зы гурыфІыгъэщ къыхуэнар -
ЗэрилъагъужьрщІ и ныбжьэгъуэр,
Кьыдигуэшыну и гурыгъуэр
Зыгуэр зэрпІэрщ, ауэ нэр
Мэтхъхъэуэ лъагъуэхэм ящкъыр.
Псэ мыхьэзырри хьиём икІынущ,
Кьыпкърыхьэпэм и щытыкІэр,
Кьыгурыіуэжмэ зэрыхуар.
Ар пхуэпсэун, зи лъэгу щІэхуам
Бауэгъуэ къэс кьыпнкъуэзыкІыу?..

XI

ЗеублэрэкІри мы дунейм,
БлэмІаІэр зэуэ нэгу щІокІыжьыр.
КьыхущІагъуну фІыгъуэ лей
Гугъа щІалэгъуэр йокІуэтыжьыр.
И гъащІэр щІыхум зым щымыщІт,
ЖаІами вагъуэм патьытыну.
Кьыщхьэщыт къуршым губжь къыпхьщІт,
КьыфІэщІт къэбакъуэу ипытІыну.

(КІэухыр 4-нэ нап.)

Лермонтов Михаил и поэмэхэр

Зэзыдзэкlар Ацкъан Русланщ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 3-нэ нап.)

XII

И гъащIэ псор ихьынущ гъэру,
Абы хэмыхъуурэ йосэж.
Зэм и Iэхьэгъухэм я гъусэжщ,
Зэм щхьэхуэ зещI, гупсэхуу гъыну.
Тэрч Iуфэ Iэджэрэ ар Iусщ,
Теплъыхьэу и нэр псыеежэхым,
Ехъуапсэу абы здрихьэхым.
Псэр гугъэншагъэм егъэуэ.
Ежэхт псы уэрыр, хъущIэу, пIащIэу,
Къыгъыса жапIэр хъунт фIэмащIэ –
Ерыщу нэякъыр ныгунтIыкIт,
Жыг гъабжьэр кьыпIлъу гунтъэсыкIт.
Зы тIэкIу нэхъ мыхъумри къехъулIамэ,
И Iупэм гуфIэр тест толькъуну.
Псым адкIэ, бгыщхьэм щыпIлъагъунут
НикIуклкынкIыкIыу кьэзакъ пгъырхэр.
Жыжьэ Iуэт ахэр, хъыжьэт псыри,
Iэщ Iэмыжьынт щэрджэсым зыри,
/Парт е иджыри къамыгъхуарт
Абы ихэтыр мызаузэIу.
Щэрджэсым зэ уаIэщIэхуам,
Нэхъыфlт зыбгъэщхьрэ зыкъебгъэлым.
Ар здэщымыIэм кьыщыкъэхуэт,
Кьнпъэтырт и щэр зэрымыгъым.

XIII

Дыгъэм и хуабэр зэрыщIэкIыр
ЗыхэщIэм, гъэрым и псэр хэкIырт:
Зэрыдыхьэжу ирапхынут,
Езыпхым кIапсэр къемэщIэкIыу.
Гъэр щIалэм Iэщ Iэр къыхуеIпгъэкIырт,
ЯфIэгугъныхьу кьыпщIихьыну.
Щытамэ псалъэу и бзэр хъушэм,
КъыфIэщIт абы кьыщхьэщыжыну.
Нэхъ теугъуафIэт адрей гъэрхэр,
Нэхъ есэжауэ арагъэнут.
Мыбы и гущIэр кьрисыкIт
И хэкум хуэзэша гупсысэм,
ГукъэкIыж Iэфlхэрат и гъусэр,
И нобэр ящIу нэхъыри дыдж.
Кьуршыбгъэ уэгум кьыпхъыщакъэ -
Абы щымыIэт игу кьэмыкI,
Гъэр щIалэм и псэр зэпхилыкIт
Езыр зэрещхьым бгъэр зэщакIуэм...

XIV

ИтIагъут бгъэр пшэхэм зэрыпхыкIыр,
Зэрыжэр бланэр, /тъатэ щыкIэу.
Мэз кьепэгэкIыу кьыщхьэщыгъым,
УщыхэпхыпIлъу бгым кIэрытым
Псэущхьэ Iэджэм кьыщажькIыт.
Уэгунэбзухэм кьаТъэтихьт,
Уэрэд жьгъырухэр япэ ягу.
Гъэрым и закъуэт зым хунмытыр.

XV

Ар якIэтъыпIлъырт щэрджэс шухэм,
Псы гъунэм Iуту кьэзыжьыхьхэм.
Кьыхахт елIалIэу нэпс, Iунгъэзыкlащ,
ЩIэпхъуащ, щым лъэмыIэсу гъакъуэр.
Ирихьэхащ ящжы щыжьпIэм,
Кьыщыкъэхуэхуэт бим пэгъунэгъуу.
Я зелъэтэкIэм удихьэхт,
Зэ кьихута нэужькIэ губгъуэм.
ЗэрыжьэрыпIлъэр кьэзакъ гупыр
КьыщIэуэрт нэм, уэзгунгъэпу,
Хэупхыжку зэмм щхьэм мыгъуагъэ.
Кьэзакъхэм сыту ямыгъагъурэ
Традзэу ныбжь нхьар я пащхьэм,
Игъэшынауэ кьахуэблагъэм
Зэрыхэтъэтыр бзухэр пабжьэм.
Бэлэрыгъам кьыгъэос хуэфащэр:
Аркъэным зеужъуэдийрн блащхьэуэ,
Кьэзакъхэм щыщ кьыхуеубыдыкI...
ЗыпфыщIыжамн, зы кьнмыкI -
Зегъэбзэхьжыр пщIащхъуэу шум,
Гъэр кIэрыщIар щызеуэу щIым.

XVI

А псор пщIыхьэпIэу елъагъуж,
Шынагъуэ гуэрхэр щIыгъужауэ.
ПщIэнтIэпс къекIуауэ кьоушыж,
Нужькlэ куэдрэ мыжеиж,
ЕгъащIыр нэху зэхэукIуэ,
Егъакlуэ махуэр щхьэр и жагъуэу.
Нэр зэтрипIамэ, и нэгу щIэтщ
Щэрджэс шу хахуэм и сурэт,
Зэм губжьыр и нэм кьнхьэпскIыкIыу,
Зэм и пащIэкlэ щIэгуфIыкIыу.
Абы тIум щыгъэмн кьару,
Дэтхытхыу щIыфэр, кьыпкърокIыр,
И зыпгъыкIэрн кьрум
КъыфIнхьэхуауэ ун гум кьоклыр.
И Iэщэ-фащэр дыжьынпсщ,
Дыщэпсыр зэмн тетъэдэжу.
ФокlэщIыр и пIлэм нридзэжьым,
Зытес шы хъыжьэм мэхъу екIупс.
Гъуэгу щытехьэжкlэ - ещхьщ лъэтэжьым.
Уеплъамэ цIыхущ - имыщIэ шэм.
Пэхьнур хэт апхуэдэ шум?..

XVII

Апхуэдэу кIуэрт и гъащIэр гъэрым.
Iэщыхьуэт махуэм. Жэщыр хъуамэ,
Пкьом, епIэщIэкIыу, ирапхьжт,
Кьыгъыс хъуДырыр кьыхуахьыжт.
ЗыкIэрыгъ бжьыхьым фIэкI нэгъуэщI
И щIыб дэмыту нэху игъэщт,
АтIэми кIыхьт гугъэншэ жэщыр,
Гупсысэ хьэтъхэр кьнгъэщIу.
КъыкIуэскIынтн и хэжу жьыжьм,
Кьыкlэтъыпкlуэнт зэм гукъэкIыжхэр.
Кьыпэтlысынт, кьыдэпIту бжьыхьым,
Кьыхухагъахъуэу и бжьыхьм.
А щIалэр псалъэу фIэщ щIыгъуейт.
Адрейхэм нэхъро нэхъ нэщхьейт,
Зэшынкlи гъуэхэм ятекIуэрт.
Тхъэрт зыщIэр абы игу щызекIуэр.

ЕТIУАНЭ IЫХЬЭ

XVIII

Мы жэщ кIыхь гуэрым
щыст гъэр щIалэр,
Бжьыхь гъэр, бжьыхь бзэншэм егъэщIауэ,
И нэр мазэщIэм фIытепльызэрт.
Щепэзззэхт уэгу /ъащIэм мазэр,
Iэикунт иджыри, фагъуэт нуру
Абы мы щIыгъэм кьыгригъапсэр.
Зэгуэр щытат ар гухэль уэру,
Макъыншэу псэм кьыдэуэршэру,
Иджы и щIыбыр кьыпхуегъазэ.
Ныбжь щэхухэр, ещхьу дыгъуэрабзым,
Упащхьэ /ъахъшэхэм щогъуэть,
ЩIхьэ пIащIэ хъужу кьыпхукъуопль.
Уэздыгъэ нэфхэр щыункIыфIынум,
ЩIхьэгъубжэ нэхухэр кIыфI щыхъунум
А гупыр пэплъэу кьыпфIэщIынущ.
ПщIантIэжум мафIэр щоужьыхьыж,
Бжьыхь джабэр мащIэу кьнгъэнэхуу.
Упагъуэ кьэс и пщIыхь хэтъыжщ,
И закъуэщ гъэрым зигу мыпсэхур.

XIX

Хэт а кIыфIыгъэм кьъэзэпхыкIыр,
Щхьырыбей Iувым зыкъунгъапщкIуэу?
Ар дыгъуу щытмэ, пыкlащ гъащIэм:
Здэжейм щэрджэсыр пходэIукIыр,
И кьамэрщ и пIэщхьагъ щIэмыкIыр.
КIыфIыгъэм хэтыр кьыхокIуэтыр,
/ЪъэбакъуэкIыр кьэс абы еБзыщI.
Гъэр щIалэм и гур кьыфIотъэтыр,
Нэгу щIэкIыр псэм и фIэщ хузмыщI
Бзыгъхугъэ дахэ кьыбгъэдыхьэм
И теплъэм гущIэр доушьж.
Щху фалъэ, щIыгъуу щIакъуэ Iыхьэ
Дахащэм щIалэм кьыхуешIн.
ЗеIэжьэ абы кьемыезгъэуу,
И нитIыр щIотIысыкI гущIэгъум,
ЗорыIэнкунри фэм кьыпхощ.
Гъэр щIалэм пщащэм щхьэщэ хуещI,
Псэм зыхищIар иригъэльагъуу.

XX

Щытащ ар куэдрэ, бзагуэм ещхьу,
Арщхьэкlэ и нэхэр кьопсатъэу,
«Зыхуэгъэшэч гугъуехьыр, щIалэ,
Ижакъым гугъэр», - жаIэ пфIэщIу.
ИтIанэ хьэльэу щатэ макъыр
Абы и гущIэм кьнуякIащ,
КъыфIекIуэу нэпс, Iунгъэзыкlащ,
ЩIэпхъуащ, щым лъэмыIэсу гъакъуэр.
Ар хэбзэхащ кIыфIыгъэ щэхум,
ЯгъэункIыфIа уэздыгъэ нэхуу.
Щыункlыфlыкlри и нэр гъэрым,
Зыкъомрэ щIыр нИъагъужакъым,
Дунейр щIэтащ и нэгу хъарпшэру,
Пэху щыхукlэ и гур теужакъым.
ТIэкIу Iурихатн пщэдджьыпэу,
Ирагъэхуакъым пщIыхь /ъагъупIэ.
КIэратIэтыкlри пкъо щIыIэжьым,
ДаутIипщыкlащ ящIыгъуу Iэщым.
КIуэрт щIалэр, и /ъэр хущIэмыкIыу,
ИгъэжIуа жэщыр игу имыкIыу.
А жэщым пщащэ кьызэпхьпст.

КАВКАЗ ГЪЭР

ГущIэгъур дахэм и нэм щызт,
Мыгурыlуэгъуэу кьызыхэкlыр.

XXI

Иджы жэщ къэскlэ пщащэ щыкIур
Гъэр щIалэм щхэуу кьыкlэлъыкIуэрт.
Кьритри шхыныр - инIуэтыжт,
Кьыщыхьхьэу нэкIуэ балиипсыр,
Хъеям жыг тхъэмпэ, хэкIыу и псэр.
Хъыджэбзыр и фэм имытыжт,
Хэпщlыкlыу хъуат нэхъ гъур а щыкIур.
Щежьэжкlэ щIалэм ар кьепгъыжт,
Нэм кьыфIыщIыхьэу гум щызекIуэр.
Гъэр щIалэм псалъэ игу пымыкIт,
Е имыгъэтрэт псалъэ гуапэ.
ЗыфIэкIуэдам пIар гугъапIэу
Гухэль ящIыну нгу кьэмыкIт,
Ар псэут блэкIамкlэ, фIэкIуэдамкlэ...
Ар хуейт хунщIыну пщащэм фIыщIэ,
Кьыщнгъэжьэнурат имыщIэр,
Имыгъуэтыжыр къэIуэтэкlэрт.
Дэгут гъэрым и псэр, и гур бзагуэт,
Зыгъэхъужьынур и хэжу закъуэрт.

XXII

Ар щххуу йопльыр шэрджэс пщащэм,
Ауэ ильагъур нэгъуэщI гуэрщ,
Хъураращ зэгуэрым щыщ и гъащIэм.
Ар и псэм фIыуэ ильагъуащ,
И гур изгъуэщIым хэумыкIуэн.
Хэпщтыкlамэ шэрджэс пщащэр,
Зэхех адрейм и щатэ макъ,
Зэми щхьэщыгъу и фIэщ мэхъу,
ГуфIэгъуэр и нэхэм кьыщIэщу,
Арщхьэкlэ псынщIэу зыкъебгъэжьрн,
Нэ фIыщIэ пIащIэхэм Iуощlэжьыр,
Аргуэру кьыпхущытщ гущIэгъу.
И нитIыр щIалэм мэужьыхьыжьыр,
Ещхьу жьэгу мафIэ зэхэжьыжьым.

XXIII

Кьыгурыуакъым урыс щIалэм
Мы пщащэ цIыкIум игу щызекIуэр,
Зыщlапlыкlауэ хъуам ятекIуэу
Джаурым ар езыгъэпсатъэр.
Кьыщауэ пщащэр гущIэгъу закъуэм
Зыпхыбгъэкlыну сыту гугъут.
Гухэльщ жыпIэнти кьэзыгъакIуэр -
Зыщщыгугъынум ар пэмыхьут.
Нукlт гъэр щIалэр а гупсысэм,
КIыфIыгъэм и нэхэр хэплъыхьэу.
Ар пщащэм ежьэрт мы жэщ гуэрым,
Кьытрихьэу шэч кьызэрыкlуэнум.

XXIV

А жэщым жьымн знукIыжт,
Жыг гужьеяхэм ефыщIауэу.
Кьъзыхужьари кьыщIыщIари
Ямыщlэу, уафэр ипхъэнкIыжт,
Пшэ уфIыщIахэр кьнгъэгубжьрэ
Кьарингъэгъачэу уафэхъуэпскIыр,
ЯфIыхъэпичэ мафIэ кьуэпсыр
Щыдыхьэщхьыжу, игъэхъущIэу.
ЗэкIэтъыгъакIуэу кьэлыдт уафэр,
Бжьхьым и дзажэр кьыхибжыкIыу.
Зэрыхьхьхьжу уэгум мафIэр,
Гъэр щIалэм и нэр щыункIыфIыкIырт.
Псаф хъуат тхъэмыщIкlэр, щIыIэм ист,
Псэр уафэгъуагъуэм дэкIэзызт.
Мыпхуэдэ жэщым хэт кьэкIуэнур?
И гугъэр щIалэм хихьжат.
Арщхьэкlэ жьапщэр теужащ,
Тысащ уэгу /ъащIэм епльэкIуэну,
КьыщIэну кьыхэрыщыхьэуар.
Щешхат нэхъ и щхьэмкlэ уэпхьышхэу.
Псыхъэлыгъунщэ кьыщыхэхуэм,
Тэрчыжьым и нэр кьыщIипхъуат.
Кьыпхьыщт уэгу кьащхъуэм япэ вагъэр,
Уэфl зэрыхьунур кьыгъэтъагъуэу.

XXV

Кьнувэжащ щхьэщыгум мазэр,
ЗыщIигъэзыжу пшэ данэхум.
Тельщ дыжьынпсыр Iуащхьэ щэхухэм,
Кьетхъэщхьауэ кьабзэщ мэзыр,
Мы дуненжьыр зэщIольыдэ,
Гур хэзыгъэщI щымыIэ хуэдэ.
Гъэр щIалэр щысщ нэбзэуншэу.
И нэгум щIэту махуэ кIуар.
Тхьэкlуэмэ итщ и макъыр хъушэм
И махьыу блэкIа уафэгъуагъуэм.
Иджырн къэскlэ зыпэплъар
Кьытощыр хадэм кьыпхыкI /ъагъуэм,
ФIыщIагъэ зэфэ ззщн щыгъыр.
Кьамэ кьнхари сыт щIнIыгъыр?
Кьокlуатэ пщащэр, зэплъэкIыжу,
Зигъэпщкlурэ - псынщIэу
къыкъэкIыжу.
Гъэр щIалэм нэпсыр кьыфIекIуащ.
Иджы абы кьыгурыIуащ
А пщащэ цIыкIум фIэкI нэгъуэщI
Зыщыгъэтын зэрыщымыIэр.
Кьоlуэ щIыфэм кьамэ щIыIэр,
Хъыджэбзым кIапсэр зэпгъэщ,
КьытещIэу нэкIуэ и щхьэщ псыIэр,
ЗыхищIэу зэми и Iу бахъэр.
Хунт хъуащ иджы, кьэтэджми мэхъур,
Арщхьэкlэ пщIыхьым хэтым хуэдэщ:
ЗыкIэричыну бжьхьым хэтми,
Iэпкъгъэпкъ жэщIар хузмыгъэхъей,
Жэщтеуэм нубыда нэхъей.
Тэдж жиIэу, пщащэм ар зэрехуэ,
Езыр, кьушхьэншэм ещхьу, щысщ.
Мы гулай кIыхьыр зэ нухьм,
КъыкIэтъыкIуэнум йогупсыс,
И гущIэр абы докIэзыз.

XXVI

Гузавэ кьнщтэу зеплъыхь пщащэм,
Зыкъригъэзэхьыу, кьоIущащэ:
«Умыгузавэ, псэм и хъуахуэ,
Иджыри уиIэщ уэ ныбжьэгъу.
ИщIынщ абы пщэдейр ун махуэ,
ПщIыгъунщ, гъэзгу хунтым уIущIэху.
ИгъащIэ псокlэ ар пщIыгъунут,
Арщхьэкlэ ун гур зейр нэгъуэщIщ.
Абы иджыкlэ сигу хегъэщI,
Сигу кьэкIмэ - слъэкIкlым сымыгъыну.
Ар пщыгъупщатэм - сыхьэзырт
ГуфIэгъуэн гуаун бдэгъэшынну.
ПфIэIэфIу гъащIэр епхьэкlыным,
Хуей хъумэ, си псэри щIэстынт...»
Топлъыэз гъэрым и нэр уафэм,
Псалъэр и гущIэм /ъэмыIэс,
Хъыджэбзыр зыс гурыщIэ мафIэм
Гъэр щIалэр щIыIэм нрегъэс...
Ар зэгупсысыр зыхищIа,

ЩIолыд хъыджэбзым и нэм щыIэр.
ТекIуэнт а пльэгъуэр /ЫгъэщIым,
Бгъэм и пагагъэмкIи гъэнщIат!

XXVII

Къотэдж гъэр щIалэр, игу зелъатэу.
Нужьрей гугъэр, ещхьу узым,
Тхъэмыщкlэм и гум кьыхолъадэ,
Щолыд и нитIым гуфIэ нэсыр,
Уэгу кьащхъуэм и фэр кьыщIэлъадэу.
Зэрыгъунэгъум уафэ нэзыр
Иджыщ гъэр щIалэм гу щыльтэр.
УльэIэсынщ, уЫбэу щытмэ.
Арщхьэкlэ зэуэ игу кьокIыж,
Зэрыщщыжьыжэр бгым гъунэгъур.
Абы хэплъхьэжмэ зыIыгъ /ъэхъур,
ПыкIауэ гугъэм кьыщIокIыж.
А гукъэкI щхьэм зыдигъаззу,
Абы хъыджэбзым зыхуегъаззэ:
«Ун гугъэ щхьэкlэ сыкъебгъэлу,
Нужьрей /ъагъуэ сытыбошэ.
ДжIыпIэм нэс сынимыгъэсу
КьысльэщIыхьэнщ зыгъэрым и шэ,
ЩIым сыщIыхьэнщ си гъусэу /ъэхъур...
Арщхьэкlэ кьамэр кьеший пщащэм,
ЩIыIыду и нэм гугъэ щащIэр:

XXVIII

«Убыд мы къамэр, щIалэ щыпкъэ,
Хуэгъэхьэзыр гъэугуанэм ун пкьыр,
Псэр хунтынигъэм щIэгъэзэу!
Сэ укъэзгъанэу сежьэжьынкъым,
Бгым уихьэжьыху сурригъусэщ.
Бгы еуэкIыпIэм дыиэс закъуэм,
Гъунэгъукъэ адэкlэ кьоэакъэр.
Уахьхьэжьынщ узигъусахэм.
Тхьэм жыхуIарщ узыхуэзэнур.
Пхьы нэхъ ун гъащIэр /ъэхъур ильу
Нэхьыфlщ зыбгъалIэм /ЫгъэзэIу.
Нэхъ тынщкъым сэри зыэзспщытыр,
Сыхьэкlуэдэнщ, сыкъащIэу щытым,
Арщхьэкlэ си псэрщ сызэдаIуэр,
Ар зэпымычу кьызодауэ,
Укъэзмыгъэлу кьыхсхунмыдэу,
И /ъащIэм щыщу укъиIтыIтэу...»
Ар кьрекIутри пщащэ цIыкIуи,
КьеIэт и нитIыр, кьнщу щыгъур.
Зэпыччи ильагъуу /ЫгъэзэIу кьуэпсхэр,
Кьыфlыщlэкlакъым абы нэпсыр.
Быдэу иубыдри щIалэм и Iэр,
Техащ зэгъуэсэу /ъагъуэ псыIэм...

XXIX

Дэкlауэ жыIэм, Тэрч хуоблагъэ.
Гъэр кьаруунщэр щIэх ешащ,
/ЪыщIынэ Iэнэ хъуащ и /ъакъуэр.
Арщхьэкlэ гугъэ кьэушам
ХэкIыпIэр псэм кьрегъэлъагъур.
Кьытощыр бгыщхьэм кьэзакъ пIъырхэр.
Псым нкIыу щытмэ - зэ ильагъуэщ

ЯIъэIэсыну кьыхуэнэжьыр.
А псор хъарзынэт, ауэ, ауэ...
ЩIыр кьыдэпсалъэу фочыр мауэ!
ЩIолъэтыр, джалэу, дкэрпэджжэжыр,
ХъыбарегъащIэу бгым ихьэжу!
Гъэр щIалэр хуэму тохуэ щIым.
Апхуэдэу уэсыр кьынгуоху бгым.
Хъыджэбзри щIалэм щIыгъуу йощIэ,
Абым шэр техуа кьыпфIэщIу.

XXX

Гъэрым и нэгу щIокIыжьыр гъащIэр,
Бзу гуп блэлъэту кьыфIнгъэщIу.
Аргуэру... фочыр щыблэу мауэ!
Кьохуэхыр бзухэр зэрыгупу,
ЩIы фIыщIэм нэкIкlэ зыхаубэу,
Еубыдыр дуней псом и бауэр...
/Пэныгъэр щIалэм и нэм кьощ,
И щIыб кьыдэту уафэ кьащхьхуэр.
Екъуэрн гъэрым кьамэ Iэпщэр,
Здэкlуэм здихьыну хэт кьыпфIощI.
Нужьрей псалъэр тесщ и Iупэм.
/Ъыр кьоур и нэм, ещхьу псыпэм.

XXXI

Щэрджэс шууей кьыщIокI жыг щIагъым.
Мэтхытхыр и Iуфlтыр /ъагъуэм.
Кьопсыхрн шур, бгъэдохьэ хьэдэм,
Йолъэпэуэжыр, щымэхъашэу,
Шым зредзыкрн, пIащIэ хуэдэ,
ХуеупэтIыжьыр абы кьуаажэм.
Мэхауэ щыгъым хуемыпIлъжI,
Ар пщIэнкъым и бий фIыщIэу фIэкI.

XXXII

Абдежьм пщащэм зыкъещIэж,
Мэтъыхъуэ нэкIэ урыс щIалэм.
Абы и нэкIум кьъх /ъыкъуалэр
ЩIлъагъум, нэпсыр кьыфIыщIож,
Макъ дэкъуэзар кьоIуж и бгъэгум,
Зэпичу пагагъ зыпъэхьар.
Кьнщар и нэгум пщащэ цIыкIум
Мазэм и закъуэщ зыпъэгъуар.
Тельт мывэ хьэпъэр абы и псэм.
Тэрчыжьри, хуэмыубыду и бзэр,
Хуэщхьидэрт гущIэгъуншэу хъуам.
НэгъуэщIхэм ар хуэщхыдэ щхьэкlэ,
Езыр ерухэм я нэхъыкIэт,
Убэгэрыгъмэ - унтхъэлэнт,
И напIэ ауи мыхуэлэнт.
ФIыщIакlуэ жьапщэр, хамэт щIыр,
Дунейм хэпльыхьэу, мазэр щIымт.
Хуэдэгут гущIэгъум дуней псор,
ИмыщIэт здигъэззнур псэм...
КIыхьэфIоувэ пщащэр, ещIэу.
ПхокI мазэ нурым, ныбжьым ещхьу.

XXXIII

Теплъыхьэу и нэр псы толькъунхэм,
Пщащэр нэпкъ задэм щхьэщоувэ.
И гурыIупсыр ирикъуэлу,
Тэрчыжьри жэщым щоуфафэ.
Iэпкъ зызыгъэшым тольэт пщащэр,
ЖЫыбгъэм зэрихьэу и кIэкъуащIэр.
Здэтъатэм и нэгу кьыщIохьэж
И адэр, фочыр кьаригъапщэу...
Зы вагъуи уафэм эпрож,
Зи тIолъхуэныкъуэм кIэльыпIащIэу.

XXXIV

Пщащэм и хьэдэр хэтъу пшахъуэм
Кьагъуэтыжащ пщэдджьыжь нэмэзым.
ЗыкъридзэкIауэ уафэр гъуагъуэрт,
И щIыфэр тхытхыу пIейтейт мэзыр.
Тэрчыжьми и щхьэр фIнудыжт,
Кьыгурыуэжауэ зэрыкъуаншэр,
КьыпфIэщIу и дзэр зэрнгъэшх,
Мывэ хьэтъэжьхэр зэрнгъажэрт.
КьунгъэщIыхъужу жьаиIэ тхъуар
Тхъурымбэр псыщхьэм кьытрищIэрт -
/ЫыкIыр хэтми Тэрчыжь ищIэрт...

XXXV

И бийр нукlмэ зэфIэкIауэ
/Ыы гущIэгъуншэм и гугъащ,
Арщхьэкlэ икъукlэ ар щыуащ -
Кьыщщокlыр ипхъурн Iэщ Iэкlауэ.
Дунейм тетыху ищIэнкъым уэху,
Кьегъунущ и псэм гукъэкIыжьр.
Пхъум и щэр жиIэу и гур дкэху
КьыпэджэжьынущI дкэрпэджжэжьр...

Лермонтов Михаил и поэмэхэр

Зэзыдзэкіар Ацкъан Русланщ

АБРЭДЖ ХЬЭЖЫ

Нищ Джэмэт жылэр, хуэжъулейщ,
Абы зым и бжьыр бгъэзагъэ.
И мывэ блыным кьегъэтьей,
Зыгуэр и мылткум къеХьуэпсамэ.
И бын щхьэхунтхэр шабзэм ещхьщ,
ЗауанІэ губгъуэрщ я ныжьджытыр.
Я хьыбар хахуэр жьыбгъэм ехь.
Хэт зыщІэр ахэм кьапэщытыр.
Я фочыр пащІ абыхэм гущэм.
БлэкІынкъым я шэр ныхъ гущхьэм.

Нобэрей махуэм укъелыгъуэ,
Езыр жьауанІэ хуэдэщ гъыхъуэ.
Іу бахъэр мывэ къэс щхьэщытщ,
Бгъэр, сахуэм ещхьу, уэгум итщ,
Зы удз щІы щхьэфэм щымычъей.
Щымщ щІылъэр, хэдзІынКІ нэхьей.
Къуажэбгъум щыпльэ Іуащхьэ закъуэм
ЩокІуэкІыр щэхуу псаугъэмакъыр.
ЩІалэ къуданхэр хопсэ щІым.
Зыгуэр хальгъуэуэ кьыпфІэщІынщ.
Зэрахуэр сыт абыхэм нобэ?
КІуэнщауэ зэ кхъыжьрэ тобэ
Е ицэр зэпыгъуэм нубыда,
ЗекІуэнкІр ягу кьыпфІэзда,
Хьэмэ хъыбар кьалъэІэса
Гъунэгъу къэхъууэ урысыдзэр?
Хьэуэ, абыхэм я гупсысэр
Нэгъуэщ зыгуэрщ зыхуэгъэззар.
Я пащхьэ ицщи хамэ лЫжь,
ИІуатэр зыми зэпиудкІын.
Абы и гуауэм игъэпуду
Дэтхэнэ зымк кьыфІощІыж.
КьеІуатэ хуэму кьумыкъу лЫжьым,
Нэпс пщтыр зыми нэр кьыхэмыпльыжу:
«Сэ къунщрэ пхъунщрэ сиІэгъащ,
Дэтхэнэ зыри пэсщІу си ицэм.
СекІуэкІт, сыхэтым ещхьу шыпсэм,
АрщхьэкІэ жьыуейр ныкъкъуэущ,
ТрищІыкІащ кьудамэзу сиІэр.
Иджы, си куцІыр ису щІыІэм,
Дакъэжьу губгъуэм сыкъынащ,
Хьэущ дунеиныр сэрэкІэ нэщІ.
И Іуэхур жьыгъэм хэт зымыщІэр,
Абы и уэсыр тоСэ гущхьэм,
АрщхьэкІэ щыІэкъэ щыпльагъу
Щыушэу ицы уэс куум и щІагъ?!
Сигу ильэ бжьеСІэну сыкъуэнсати,
Къызэпыстчащ гъуэгуанэ задэ.
Хэт щымыгъуаззр шууей нэсхэр
Фи жьыпм кэуду зэрыдзэсым.
Хэт нщІыхуну Бей-Болэт,
ПэтъщІу а пщы абгъм, хэт
КъыСхуншэжьну си пхъу закъуэр?
Мы си гур и пІэм имызагъэ,
Бын гуэзэгъуэм кърехуэкІ.
СтъэгъуэР фи нэгу ТЬхьэм щІимыгъэкІ.
ЩылІащ пщылЫпІэм адрей сипхъухэр.
Щым щыщу кьыСхуэнати зы къуэ,
Ари си пащхьэм щауэІащ,
Ар, пыгуфІыкІыу, псэм пыкІащ,
Зэгупсысарн ТхъэшхуэрщІ зыщІэр.
ПфІэщІынт зыгуэрым хуищІу фІыщІэ...
Арати, губгъуэм сихьэжащ
Сф гъусэу кьыСхуэна бын закъуэр.
Абы, псэм хуэдэу, сыхуэсакъыу
СтрахьухункІэ есхьэкІащ.
Дыщьпсэуащ дэ бгъуэнщІагъ кІыфІым,
ПхужьмыбмІэнщ дэкІари дэм.
Сшэчынут сытри сэ кьыслъысу,
Схъуэмэу сщІэм кьэна си кьуэпсыр,
АрщхьэкІэ гуауэр кьыскІэлъэтос,
Сшэчауэ хъуар сщиГъэгъупщэжу.
Закъуэныгъэшхуэр сэ кьыслъос,
ІЭнынгъэр зэм кььзигъэнтэжу.
ПейтеІуэ жэщым сыкъоуп,
Зыспльыхьым - си гущхьэм сщІымыгъэж.
ЩІыззэсхэм сэ шы лъэ макъыр,
Сыщщыхуежьам щІэсчыну кІакхъур -
Шу абгъэр кьурщым нкьэжат.
Сэри, сипхъу закъуэм сыпыкІат.
Езыльэжьам си бын гъэфІэнщ
Себгащ, Іэбжьанэкіэ щІыр кьыстхъуу,
Ныващхъуэ щІыкІэ нэрыІэ нрыСхъуэу.
Арат абдежьм сэ сщІэфынур...
Иджы хъуэпсанІэу сиІэр зыщ -
Къызаха лейр сымыгъэгъунырщ.
Ар згъэззщІэхукІэ си гур гъунущ.
Аращи, кьуэшхэ, фыжьбзыщІ,
Здэщыгъэр фщІэмэ Бей-Болэтыр.
ПэувыфІын абы кьыфхэтым, -
Си щхьэфэр сэ лъэгущІыхь хуэсщІынщ!»

«Сэ сощІэ Бей-Болэт здэщыІэр,
Кэуд щІауэ сигу абы хуэщІыІэщ, -
КъыхокІыр гупым щІалэ хъыжьэ -
Мыбдеж жэщитІкІэ къыщІэзжьэ.
ЖэщитІыр блэбгъэжІа ныжь,
КъэзмыгъэззэмэІ дунеим щІыгъуу,
ЩымыІэж си псэм кьыхуэщІыгъуэ,
Умыльтьыхуэжу си лъэужь».

КъреІэ пшэплъым уафэ джабэр,
Аккъужьыр щІылъэм ионэщІщ.
Нэху кьуэпсхэр дыгъэм ятэ йощ,
ПІасхъэщІэхынкІр зэфІэкІауэ.
Кьыр хэмыщтыкІым и кьудамэм
Кьыщыушащи пшэ Іэрамэр,
Зыхеш жейбащхъуэу, зыкъеГъэщІщ.
И гугъэр уафэм мрегъэпщІ.
ТІэкІу докІри, тохьэ и гъэзгуанэм,
ИмышІэу зэкІэ зыхуэкІуэнур.
Мэбауэ тынщу хъуреягъыр.
Хуоушэ псынэр пхиша лъагъуэм.
Къопсых нужьКІэ дыгъэ бзнИхэр,
Мывэ пІыщІахэр кьабзеихьу.
Ныбжь закъуэтІакъуэр ирафыж,
Уэсэпсу хъуар трафыхыжь.
Бгы зыхъэшыым еуэкІ лъагъуэм
Шу хъыжьэ закъуэ тыбольагъуэ,
Шыр, ныбгъуэм ещхьу, зэм щІолъэт,
Зэм, пшэм хэпырхъэу, щхьэр еІэт.
Гъэзгу гъунэм Іуву щыкІ жьзумыр
Губгъуэзнымк хозадьбІ дыжьыну,
Мэ гуакІуэр ауз псом щхьэщІыщ,
Дунейр ІэфІ защІэу кьыпфІэщІынт,
Бгы нэкІум кІэрылъ кхъэр мыхъуамэ.
Шур щІопхъуэ зэм, бийр зылъэгъуауэ,
ИгьаджэУ щІопщІыр. ЛІуэтэжу.
ЩІопщ макъым бгъэхэр кьыпоДжжыр.

Бгым зэреузкІыу шу кьуданыр,
Къуршыбгъэм ешэщІыжыр дамэр,
КъыпрИтІ зэхуэм добэхэж.
Абы ищІ хуэдэщ зэхэгъэж.
Тоувэ шур кьыпэплъэ нэпкъым,
ЕльагъУр зылъыхъуа нльэпкъыр:
Жьлагъуэ щыкІыр щІэсщ бгъ лъапэм,
Зыщитъэзыжу нэхъ лъагапІэм
Зеплъыхь и унэм Бей-Болэт.
И теплъэр псомк кьахолъэт.
Куэд щІащ жьлагъуэр зэрыущрэ.
Уэгу кьащхьэм и гур зэрнгъэшхыу,
КъыщІоУ уэрамым гу кІырЫ макъыр.
ЩетІысСхауэ жьызум щІагъым
Къумыкъу бзылъхугъэм хеш уэрэд,
И макъым кІуэху зрегъэІэт.
Ар зыпэджьжьыр зым имышІэ.
И макъ дахащэр кьоІукІ гущІэм,
Хьэуар дэтхытхыу ихьэу уэгум,
Езым и нитІыр темыкІ гъэзгум.
ЗэщыгъуэР и псэм кьыщхьэщытщ,
Гугъу удемыхьу ар болъагъур.
Хэт зыхухэшыр и гум лъагъуэ?
КъуэкІыпІэ вагъуэу а бзылъхугъэм
ИгьафІэр хэт и лъагъуныгъэм,
КъыхэзыІэлар насынЫр хэт?
Хуэпэж ар псэкІэ Бей-Болэт
Е и гур еджэрэ нэгъуэщІым?
Мэхъуж и фІэщ кьыззэфІнгъэщІыр,
Удз кІырым щабзу Іэгур дильэу...
Бзылъхугъэм къэушащи и лъыр,
Зэхех и мыгъэр зэрыбауэ.
КъыфІощІ акъужь кьеІуСэр бауэ...
КънгъапцІэ пэтрэ ІэфІщ гупсысэр,
И мыгъуэр фІэфІщ кьыззреІуСэр,
ЗешиІ, и Іэплъэм кІуэн хьэзыру,
Ауэ хьэуам хэт лъэІсэнр?..
ЗдэщыІэр дэнэ псэм и хъуахуэр,
Шу хъыжьэу щыІэм я нэхъ хахуэр?!
КІоІу ныс лъэ макъыр асыхьэту,
Гъэгущхьэ сабэм зыкъеІэтыр,
БзылъхугъэмкІэ щыкІуэн кьыщІотэт,
Пожажьэ, гуфІэу, Бей-Болэт.

Удихьэхыныр куэдрэ гугъэм.
Нэр ирешажьэ, псэр схьэху.
Шу щІалэр пщІантІэм кьыдьыкащ,
Абы Іэнкуну йопльэ бзылъхугъэр:
И пащхьэ итыр имыщІыху.
ХуэІэзэу хьэщІэр шым къопсых,
И хуарэм бахъэр и кьыщыщхьыр.
Бзылъхугъэм хабзэ шум ирехыр,
ИригъэблагъэУ, йокІуэтэкІ,
Іей пхъэпкъ и гущхьэм кьымыгъэкІ.
Іэнкунщ и хьэщІэр, сыт кьэхъуар,
И псалъэр щІэУ кьыщыхъуа?
БзэмыІум ещхьу, кьопльрп щытщ,
КьиЛыхьхуэу псалъэ кьыпфІэщынщ.
ЛъэбакъУ закъуэкІэ кьокІуатэ.
ЩэІу макъ кьыхьхьэу ар мэщатэ:

Бзылъхугъэм псалъэхэр кьегъуэт,
Іэнкун хъуа щІалэр игъэгушхуэу:
«ХуэІуХащ щыху хэрэмышІэм
Сыт щыгъуэ и бжэр Бей-Болэт.
Неблагъи, шхыным тхухэІэбэ,
Хъунщ ди хьэщІэщІыр уи псэхупІэ.
Ди дежкІэ хьэщІэр Тхъэм и лЫкІуэщ,
Абы и деж кьыщыпхъ емыкІырщ
Ауану жьлэзм кьыдэнэнур.
ЖагъуэгъуУ хъуам кьуахъуэныжьынур.
Неблагъи, Бей-Болэт гьэгуфІэ!
Езыри кьэжІуэжьнщ мыгувэу...»

Абрэдж Хьэжы

И нэфІыр Тхъэшхуэм кьыпщыхуэнщ,
Игу фІы хуэпщІащи гъуэгурыкІуэм.
Сгъэгъуащи уядэр сыкъыщыкІуэм,
НыбжесІэжьну си кьалэнщ.

ЛЭІнлэ

ДауэІ Си адэр у пльэгъауэн?!
СфІэщІат абы сыщыгъупщауэ.
Дэнэ щыпсэур?..

Абрэдж Хьэжы

Щыпсэуам.
Гъуэгу щытемытым - щІэсщ бгъуэнщІагъым.

ЛЭІнлэ

Нэщхъыфі ар е нэщхъеягъуэр
ЩІхъэщыт псэм тельым и нагъыщэу?

Абрэдж Хьэжы

Ун адэр псэущ, аращ нэхъыщхьэр.
Уэ-щэ, уэ дауэ пхьырэ гъащІэр?

ЛЭІнлэ

Си хъуреягъыр насып защІэщІ!

Абрэдж Хьэжы *(щэхуу)*

Ущыынэхъуар мис абы щыгъуэщІ

ЛЭІнлэ

Зыгуэр жыпІа си гугъэщ...

Абрэдж Хьэжы

Хьэуэ!..

Абрэдж Хьэжыр пэрысмн Іэнэм
Кьыхуахьа шхынымк хэмыІэбэ,
Абы хнгъащІкъым фадэ пІащІэм.
Гузавэу щІедзэ унэгуащэм,
КъыфІэщІу хьэщІэм зигъэгусэ.
ФІэмащІэщ, дауи, хуищ нэмысыр,
Мыгурыуэгъуэу зещІыр хьэщІэм,
Игу ирмыхьыр пльэкІым кьащІэ.
Зэльхьэм натІэм зыщауэжьыр
Гум щызэбгъэкІэм и лЪъужьу.

ТригъэУн и гугъэу хьэщІэр
ЛЭІнлэ кьещтэ шыкІэпшынэр.
Макъамэ дахэр щІзэ мэхъу унэм,
ФІы зигу имылтъым игу хигъэщІу,
ФІыр зи гуращэм игу хигъахъуэу.
Бзылъхугъэм и нэр маблэ вагъуэу,
ПІейтеІуэ и бгъэм зыкъеІэт;
И мыгъуэ закъуэр и нэгу щІэтщ.
Сабийм и гущІэм ещхьы и гущІэр.
Кьытохьэ, зэрыхъуар имыщІэу,
И нэгум щІэтым кьыхуэфэну,
ХьэщІэщым щІэсри игъэфІэну;
Хьэжы и пащхьэм щокІэрахъуэ,
Дыгъэ кьуэхьжым хьэндырабгъуэ
Зэ хэджэгуэж фІэкІ умыщІэну.
ЕІэтыр зэм и шыкІэпшынэр,
Зэм, зыдигъаззу, нрехьэх;
Зэмк нэбжьыщхэр кьыфІохуэх,
ЯгъэпщкІуУ нэпсыр зыщІэт и нэр,
ИтІани гуфІэр Іупэм тесщ.
СымыщІэт зэрелтъыр кьуэшыр
А си мурадым, ауэ псэм
Зэгуэр кьиштар сХуэжьынкъым сэ!
Аращи, кьиппэщыльыр зыщ.
Мес, дыгъэри кьухьэн хьэзырщ.
Хьэущ игъуэ, джатэр сэ кьызох...
И макъыр кьуэпльм зэхьэзох...
Сыщыпупльъм уэ яп э дыдэу,
Укъыщыспежьэм нитІыр лыду,
Джылат си гущІэр, щІыр хьэрэмщ,
Ауэ тэлай псэуауэ арщ
ЩыуауэУ я кьыскхэжьІу гущІэгъу.
Иджы кьаІэныр згъэззщІэнущ...
Бзылъхугъэм и фэр зэуэ покІыр,
ШэжьисЫм ещхь и нэкІур мэхъу.
Ерагъыу и нэм кьыщонэху
ЛЭІнлэ ЩІэнэ ящІэнэ щІэтыр.
Ерагъыу псалъэри кьегъуэтыр:
«ЕхьэкІ ун нитІыр, нэгъэщІ мыхъуми,
Ун псалъэм пхуэгъэзщІ гущыкІ.
БзылъхугъэР джыгэнІэ зыуэ!
ЛЫмыкъуэщ, кьнгъэщІэнур мыгъуэщ.
Е гушыІэкІэ гущІэгъуншэ
Си жьэгум нобэ кьыдэпхьа?
КьитІэскъым кьызжеІапІэр щхьэм,
ЩымыІэ си гур зыхуэмыжэ.
ЗыхэтхъэкІ лЫгъэ, кхъхьыж тобэ!
ПасэІуэщ сэ сыпІэну нобэ.
Уэ лъагъуныгъэ уніагъэнкъым,
Си гум щызекІуэр зыхэпщІэнкъым...»

Хьэжы ныбжь фІыщІэу итт утыкум,
Епыджу нэщхъкІэ унэ лъэгум.

«КъызгурыуакІэщ, гущІэгъуншэ,
Си гъащІэр бжьыз зэрымыхъужыр.
Кьызэт дакъинкъ, нэгъэщІ мыхъуми,
ЩІэзгъэтыжьыну нэгу си мыгъэр!..»

Щхьэщыгум джатэр щылыдащ,
Бзылъхугъэм и щхьэр пылъэтащ.
Зи нитІыр пшагъуэм щес абрэджым
КъиІэтри лъэгум илъ щхьэщыкІэр,
ИщхьэщІыжащ абыкІэ джатэр.
ЛъэгубгъукІэ хьэдэр игъэкІуатэщ,
ЩІхьэр щІакІуэ кІапэм кІуэщІишьхьри,
Хэльэдэжащ шу хъыжьэр пшыхьым.
Абы и хуарэ жьыІэдаІуэр
Жэрт, и гур шынэм нубыдауэ,
И сокур щызелъатэу жьым,
Пэм къриху гъуэзыр хьхьэу щІым.
ЗыхнмышІэжт абы удынэр,
КъыжьэдакъуакІи мыдэІуэжт.
Зэса гъуэгуанэр кьнльыхъуэжт,
Тынш цІыкІуу и псэр имытыну...

Хуэм-хуэму пшэплъым и фэр покІ,
КъыщхьэщогъуалъхьэщІыльъэм жэщыр.
ПсыІагъэр щІыльъэм щащІу
ЩцхьэрэкІэ пшэ псыфэр кьокІ;
Зэрахуэ кэуду я мыІуэу,
ЗыщІынІэ дежи щымызагъэ;
Зэм къырыжь дзакІэхэм зыщахъуэ,
КъыкъуэуІуа жьым кьыщІнгъэІэху.
Щоушэ лъэгум кьуршыпс щхьэантІэр,
Емышу хуожэ итым натІэм,
ЗнубЛэрэкІыхукІэ нэ кьыхопльъ...
Псэм кьещІыІэкІыу зыгуэр хэтыщ
Дунеим. ЗудджкъыМ псори ятэм.
Щхьэр щыщІэуауэ щІакІуэ кІапэм
КъыфІощІри, къоскІэ зауэІ ябгэр.
ЗэпльэкІми, пхъэр и ужьым иткъым,
ШейтІаин кьыдзджэгу хуэмыдэ.
Тхьэм етьэІуну итъуэ дыдэт,
Нэмэз эзращІыр ищІэу щытым...

ЛЫ хахуэм и шырщ кьыхуэпэжыр,
Щыхъ хуэдэ, ари хощэтыкІ,
И щыфэр тхьгтхьу, кьыхощтыкІ.
Зэм блащхъуэм гъуэгуэм щыщІэшыр,
Зэм мывэр ныдджэм хольдыкІ.
Йопсалъэ щабэу, хуэмыхъущІэу
Хьэжы лЫ хахуэр и шы хьэжьэм:
«ЩІхъэ укъыхощтрэ, си ныбжьэгъу,
Мыпхуэдэ гъуэгу фІэкІ дгъэунэхуакъэ!
Нэхъ зауэ гуащІэм дыхэтакъэ,
Зым дыпэмыплъэу и гущІэгъу!
СыкъыІэщІэнхьыгъэ джалым
Сыкъэпхьыжа уэ сыт хуэдизрэ!
Иджы кьыфІэщІрэ зыбгъэгусэу
Е къохьэтъэжІрэ, умэжалІэу?
ЗыдгъэнсэхунщІ, дынэсыжым,
УзгъэхъуэкІуэнущІ, узгъэнсКІыжым.
ПфІэфІ псор уи нэгум щІэзгъэкІынщ,
Урыс дыжьынир кьозбгъэкІынщ.
Пхуэзблэхьжьркъым ун лъакъуэр,
ЗыщІэпхьуэжар кьызгурыгъаІуэт.
Уэбауэ зыхьэтъу, ятелтъ тхъурымбэр,
Укъыззадаіуэркъым нэхъыбэм.
Куэд мыщІэу мазэр кьыщІэкІынщ,
Щым кьрикІыхьыу дыжьынынпсыр.
ТтьагъУнщ ди жьыІэр кьызэпхьпсу
И нурым мазэм. Уэ зипчынщ,
Хуэбунэтынщ, бгъэІуэщхъуу тафэр,
Іэщыхъуэ пщыІэм щыблэ мафІэм.
ДыззреуэкІыу бгым я нэхым,
ТтьагъУнщ тубгъуэжьым шыхэр изу.
Укъауэрунехьмэ хуарэ гупым,
КьнгъэззжьнщІ уи насыпым...
А псори сэ зыкъэсІэтэхущ,
Шы гуп кьожар зэбгрысхуэхущ.
ЗытпыІуадзынщ, зэрызыхащІэу
Ди натІэм итыр зэрызэщхьыр...»

Ауэзыр жэщым зэщІищтащ,
ЩопсэУ пщІыхь ІэфІым Джэмэт жылэр
Къыхэщту, щырхъ тельэтмэ щІыльъэм,
ЛЫжь зэщІэтхъуа гъуэгущхьэм тесщ.
Абы и нитІыр маплъэ жьжьэ,
Абы игу щыщІэр Тхъэшхуэгъэр зыщІэр.

Шу гуэр уэгу гъунэ зм кьыщохутэ
Жэщ кІыфІым нэхър нэхъ фІыщІэжу.
Щысщ лЫжьжьы, и гур мызагъэжу:
ХуэмыІуэущ шур кьызэрыкІуатэр.
Ар хэтми, и шым и лъэр щІэкІыкъым.

Нужьрей бгым кьызэрегъэкІыу
Шу щІалэр лЫжьжьым кьещІыхуэ,
И бынымк ІуплъэУ кьыщІоуэ.
Абрэдж Хьэжы и нитІыр пшагъэущ,
Зыгуэр щегъэпщкІу и щІакІуэ щІагъэм.
МэгуфІэ лЫжьыр: и нэхъ тыгъэ
КьнгъэхьаУэ ар мэгугъэ...

Шым и щхьэр пІащІэу врехьэкІ,
Шу щІалэм и фэр пыхьэ-пыкІщ,
КьыдреІэтей и щІакІуэ кІапэр.
ЩоухуэхьэкІр щхьэр лЫжьжь тхъуам и лъапэм,
КьыпыткІу лъы кьабзэм удзыр илэу.
Тхытхащ абдежьм, дыщ, щІылъэр,
Кьэнакъым ауз псор къэмыскІэу.
ЗрядзыхаУэ лЫжьжь ЪхъэмыщкІэм,
Пхъум и щхьэр бгъэм ирехьэзыкІэ,
Нужь хуабагъэр абы хилъхьэу.
Нэр кьнІэтыжри зэ жьакІэхум,
КьнгъэщІа псор хуэхІуащ зы щэІум,
Гуданэ щІа фІэкІ умыщІну,
ЗэпычрИ и псэр ежьэжащ,
Зы вагъуэ уафэм щижащ.
АпхуэдэУ псынщІэтн хъыгъэр,
Кьыпхъщыжакъымнэгум гугъэ...

Хьэжы и напщІэр мыхъея,
И нэгу кьнщакъым гущІэгъу налъэ.
ИгъаджэщІ щІопщри щІыр дэпсалъэу,
КьыпэплъэкІ кьуршым нкьэжащ.

Зэман дэкІа нэужь, къуэладжэм
Псы гъунэм Іуту щыгум дэкІхэм
ЩыхухъУ хьэдитІ кьыщагъуэтащ,
ЩІалъхьэжрэ, мывэм хуэрІащ,
ЛЪыр тІум я бгъэгумк кІэрыгъуат,
ГужьгъэжьыР нэгукІэ яхъумат,
ЗэтекъуэзаТ я Іупэр быдэу,
Нужьрей гьбзэр яІыгъ хуэдэ.
ЕпЪтыхУ кьафІэщІырт, гъуэгурыкІуэм
ЗихъуэжУ хьэдэхэм я нэгум,
МыгурыІуэгъуэУ ягъэшынэр.
Зым ядзыр Іэнхъэрт адрейм и нэм.
ЯщыгъыУ хъуар нэхъыфІым хуэдэт,
Я Іэщэ-фащэрэ кьулейт.
ХьэдитІым языр Бей-Болэтт,
ЕтІуанэр кьахъэщІакъым эхтм...

Сурэтхэр **ПАЩТЫ Герман** *нщІащ.*

Исмэхьил-Бей

Хьужащ аргуэру си гур хьуапсэ,
Псэм и гъэгуанэр кьонэжуж.
Си гущIэм усэм зыщегъаазэ,
Жьуджалэм гугъэ кьыхохуж.
Апхуэдэу щIыпIэ имыцIыхуэм
Зыкьыщщ1эжри гъуэгу тет бзум,
Кьыпэплъэ гъащIэр иубзыхуу,
Уэрэд гупсэхур егъэзу.
Кьытеуэу зэшыр дыгъэр кьухьэм
Ар хуэусэнущ, макъ пIэху,
Къуэкlыпlэ бэкlэ зыщыгугъым.
Лъэтэнущ, зыпежьам хуэзэху...

ЯПЭ ІЫХЬЭ

1

Шэрджэс щIыналъэ си щхьэр пхузоГъэщхь.
Уи кьуршхэм срахамэу мыхьу си бзыкI.
Си гугъэр уи лъагагъым щIапIыкIан,
Ущlызпlар пщlыхьапlэу армырат.
Иджы уи гъащIэр нэгум щIызоГъэкI,
Си гущIэр игъэтIысу бгъщхьэ уэсым.
Сызыгъэхьщ1э зэшыр зэрехьуэкI
Уи уафэ щIагъым щIэджэгукI мафIэсым.
Ар мэужьыхыжри - пшэм Іугъуэмэ щоу,
Кьурш пьбжьхэр кьотIысыжьу, зэIущащэу.
Ауэым дозэгъэжри хуэму гъащIэр,
Дэп щIэхьымауэ, зэкlэ мэхьур щым.
Хэку мамырам и пльыру кьыпфIигъэщIу,
Кьыщхьэщоувэ мазэ нэхур щым.

2

Сыт хуэдэу сигу мрихьрэ, бгы щIыналъэ,
Уи бынхэм лIыгъэ пэхур зэрапщалъэр,
Уи уафэм игъэжа нэужькlэ псы,
Зэрыгъущыжькр кьырхэр кьамэ щхьуантIэу.
Бгы кьуагъым кьыкьуэлъэтрэ зэмн жьыр,
Удз щIыфэр игъэтхытхыу, зэрыщатэр.
Бгъуэнщ1ыкъ кьэсхыкуkI, Іуащхьэ задэ кьэс
Кьыхоц уи жэщым плъыр кьыхэмыщтыкIыу.
Нэху мэшри - дыгъэм кьрекIы дыщэпс,
Жэщ кIыхьым екIуэкIам зы химыщыкIыу.
Гъэгъа жейбащхьуэм и щхьэр елътыж,
Дахагъэр зыхфIэзфIхэр и нэгу щIэкIыу.
Дунейм зы хьэрэмыгъэ темытыж
Кьыпфlэзыгъэщ1 тэлайм Іэджэщ лъэкIыр, -
Абы чэщанэу пшэхэр кьыщIегъэкIыр.
Арщхьэкl эзнэхьбэжщ жьым хуэзфIэкIыр, -
Ирех чэщанэр, удэри ефыщIыж.
Зы щIэщхьэр цIыкIу адрейм кьыпфIегъэщIыж,
Арщ щIыр кьэзыгъэнар зыщIэдэIуkIыу.
Апхуэдэу гъэр зэ хьуам и жейр кьыхощт,
Зэхих кьыфIэщIу лъэхьум и зу макъыр.
Псэ зыIут псоми зыгъэшынэ хуэщт,
Мы гъащIэр зыми нэсу хуэхьумакъым.
Кьэувыlэу зэм, щхьэхьанэу кьеплъэкIыжу
Пшэ хужь Іэрамэ уэгум зэпрокI.
Абы игу ильыр зыщIэ езым фIэкI
Дунейм зэрытемытыр ягу кьэкIыжым,
Зыгъэунэхуахэм псыдзэ я фэр покI...

3

Зым схуемыгъэщхь щыпсэухэр мы щIыналъэм.
Іэтащ я хабзэр, я Тхьэр хуитIыныгъэрщ.
Сабийхэр кьагъэтэдж яхэльу лIыгъэ,
Арщхьэкl щагъэшынэ урыс псалъэ.
Мыбы бий щIыбукIыныр мыкъуанщагъэ,
Хэкlуадэм мыс э - зым имыягъэ.
Мыбы псэм щIыпальытыр ныжьыгъугъэр,
Гуапагъэ пщIам хуэдитI кьыщIыпхущIэж,
Ятыж жьыпIэну щIыхуэ, лъы щащIэж.
Щынщ гужьгъэжьри, ещхьу лъагъуныгъэм.

4

Хьыбар щаIуатэм седэIуэну сфIэфIщ.
Кьыщожьэ псэм, щIагъыбзэ зэфэ ззэщщ.
Мыбы сыкьаkIуэу кьыщIихысшым лъагъуэ,
Зы бгырыс лIыжь сиIати гъуэгугъэльагъуэу
Иlэбжащ и щхьэфэ зэман Іэджэм,
Кьыхэмыхуар пщIыхьапIэм нэгу щIигъэкIыу.
Сигъэлъэгъуащ и мывэр Рослъэмбэч,
Зы нальэкIэ кьыр задэм иIыгъыжьыр,
Удз кIырыр, умыщIэну дамэ фIэкI,
Лъэтэным и пэ кьихуэу зэкlэкlыжьыр.
Хьэум хэт мывэм ищIа жьауэм хэст,
Кьыр дзакIэ кьысфIэщIыжу, бгырыс лIыжьыр.
И псалъэ къэс си гущIэ лъапсэм нэст,
Гуэль гъжьыхьжар щигъэушьжу.

5

Абы кьыхуиIуэтар изольхьэ сигу,
Зэгуэр ди щIыпIэ жьыкъэм нэсхьэсыну.
Ар кьысфIэщащи хэтн игу нэсыну,
СопIащIэ псальэу хьуар зэхуэсхьэсыху.
Ирещlэ хэти лIыгъэм и пагагъыр,
Псэ хьыжьэр зэрапщIрелъагъу.
ЩыIэни сIуэтэжам щIы хэзыльагъуэ,
Апхуэдэм сыхуэхьакъынкъым псэльэгъу,
Хьыбару щIэр кьыщIэкIынщ и жагъуэ.

6

Зы зэман гуэркlэ уIэбжьым,
Дунейм и фIыпIэм ухуэзэжьым,
ЩIыналъэ бгыхэм яIэтам,
Я нэфI Тхьэ псоми зыщIихуам
Зы лъэпкъ дахащэ щIыпсэуащ.
Зи унэ и щхьэр къэзыхьжу

Мы щIыпIэм дыгъэр кьыщIщIэкIт.
Кьухьэпlэм хуэплъэ бгым кьыкьуkIт,
Кьуэкlыпlэм хуэплъэм щхьэдэхьжьырт.
Мыбы псом яп1 щрагъэщт,
Бгъурыту напэм, ныбжьэгъугъэр.
Зыщщгъэпсэхурт гъуэгурыкIуэм,
Щlэсыж кьыфIэщIу и унэжь.
Мы хэкум ипхьухэм я дахагъым
И хьыбар Іэфхэм дихьэхауэ
Куэд кьихьуэпсыкIырт хы адрыщIым.
И щIалэ кьуапщIэхэри хьыжьт,
Асльэн губжьа кьатемыкIуэну.
ЩIэблэ акъыл зэтегъэхуэныр
И нэхьыжьыфIхэм я Іэщlагъэт.
Лъэпкьитlыр благъэ зэрыщIакъэ,
Жэщибл-махуиблкIэ зэхэзгт джэгур,
Кьуэ лъащIи щыгун кьыпэдджэжу.
Яуст уэрэдыр, нэсу гущIэм.
Урыс мыжурэри ямыщIэт.

7

Фы защIэу гъащIэр емыкIуэкI.
Зыщlыпlэ деж щIыззрехьуэкI
Гуапагъэр губжькIэ дунеижьым,
Кьуппэсым уи псэр игъэхьщIэу.
Мы жэщри гуапэм ящымыщт,
Абы и нэгу гущIэгъу кьимыщт.
ЛъэIэст кIий макъыр уафэ гъунэм,
Щыгъуэгт уэгу лъащIэм Іэщ нэгъунэ.
Кьеплъыхт нэщхьейуэ вагъуэ закъуэ,
Зыззхуригъашэу гу кIыргъ макъым.
Яныгъыу анэм я кIэкъущIэр.
Сабий шынахэр зэщIэгъуагэрт,
Цlыухьхуэр щыму я шым шэст,
Здэкlуэм кIэракьуэр ияэзду.
Кьыздамыщтэфу хьуар ягъэст,
ПIэнкI макъым я гур кьыдилъэту.
Пщэдджьжьым дыгъэм зыкъыIэту
Зэкlэщlихуэм зэуэ пшагъуэр -
Цlыху кьыхэщакъым нэм ильагъум.
Щlызеуэрт жьыбгъэр Іагъуэблагъэм,
Дэп кьыщIлтыхьуэу жьхэ щIагъым.

8

АтIэми хэт нрихуIа
Зи гущIэм шынэ имыльар
Адэжьхэм я кхъэр кьыгъынэнным,
Насып хамэщым щlылъыхьуэным?
Тхьэшхуэм и губжьыр кьыльыса
Е кьрихуэкIрэ гурыгIуаззэт?
Ар ещхьыкъм, хамэ щIыгу ехьуапсэу,
Зи бжьыхь нэгъунэ зыгъэзам.
Кьэйуат хьыбар мыбы ис лъэпкъым
Кьыхуэкlуэу бий зэрамыщIэж,
Щlымыlэу ар хэзыгъэщIэн,
Гъэр ищу зыльлэIэс ильэпкъыр.
Щэрджэсым дежкI зым щымыщ
Итынныр гъащIэр, зауэм Іухьэу.
Бзэльхугъэм кьамэр и хьэзырщ,
Ягъэпудыну и ужь кьихэм.
Ажал хуэбгъэпскIэ пльэмыкIын
Мы льэпкъыр и щIым ибгъэкIын,
Ауэ фIэкlуэдым хуитIыныгъэр,
Зым щымыщIыжу ар шэрджэсыр.
Араш и льэпсэр кьыщIигъанэр,
Бийр пльэгъуэ щIыIэкIэ щIигъанэу.
Кьурш щIымхэм псори кьагуроIуэ,
Абы я нэгу щIэкIащ куэдыIуэ...

9

Зэкlэлъхьэжьыгъэхэр макIуэ,
Шэрджэсым и льыр кьагъэпльыжу.
ЗыщIыпIи и нэр щымыпльэжу,
И льынтхуэр, и щIым хуеIэу, мауэ.
Гъуэгу техьэжьыну мэхьу хьэ ззыр,
Абы нэгъуэщIи кьыкьуэуэ.
Абы кьыдощ и щIыгу тель мывэр,
Кьоджэж и щIыгухэр, кьыхуэгуфIэу.
Иджы яполпъэ Рослъэмбэч
КьыщIшэсахэм Псыжь и Іуфэ.
Зэгъусэу ахэр бгым щеуэкI
Тхытхынущ я пэу бийм и щIыфэр.
Щlхьэщыувэнщ итIанэ бийм
Хуэфащэ хьжьыр езытIыжыр.
Апхуэдэу кьох уэсукхъуэр бгым,
Щынагъуэ щIыIэр хэльдыкIыу.

10

А псор мы хэкум кьыщIблагъэм,
КьуршитI зэхуакум кьыдэш лъагъуэм
Щу закъуэ тету ильэгъуащ.
Кьуршыбгъэ дыдэм гу льитакъым
Абы и ильэнэхуэ хьуам.
Зэшыгъуэр ныбжьу зытетL кьуршхэр,
Заукъэбзыжу, ёопльрэ щум -
Тхьэм ещIэ я гум кьыщIышыр,
КьафIэщIрэ псори кьэкIуэжьи?..

11

Пщэдджьжь уэсэпсыр дэгъущакъым
Иджыри кьэскIэ Іэнкун дыгъэм.
Кьох дыжьын плъыфэр, пщIыпщIу, кьырхэм,
Зыщигъэзагъэу кьуршыпс щIагъым.
НэгъуэщI зыгуэрым лъыхьуэ щум
А дахагъ псори кьимыхь и нэм.
Зэм щхьэхьу щIопхъуэ, зэмн щым
Тенауэ и шыр кьыпфIэщIынущ.
Хьэуам хэпльыIэ нэм кьыщIощ

Гупсысэу и щхьэм щыззблэкIыр.
Зыльыхьуэр ильэгъуа кьыфIощI,
Арщхьэкlэ мывэт и нэгу щIэкIыр.
Хихьжу гугъэр шым кьопсых,
Щы псыIэм и щхьэр ирегъэщIыр.
Щхьыщхь макъ фIэкI зыри зэхимых,
Ари удз кIырырщ кьэзыгъэщIыр.
Кьыпэплъэр ищIэ кьыщIэкlынщ,
МыпIащIэ щхьэр кьиIэтыжьну.
Мы дуней псор абы щIтынт
Зэ щалъхуа унэм Іуплъэжьным.

12

Пльэт нэхьыфIыIуэу, хэт а щур?
Ещхьщ бгыщхьэ уэсым и бащlыкъыр,
И пыIэ кьуацэр гуохьэ пшэм,
И нитI плъызам щызоуэ лIыгъэр.
Зэкlужщ кIэрылыр Іэщэ-фащэу,
Бгы псыгъуэм Іэкlуэу еблэкIащ.
Зыщ кIэрысльагъуэр схуемыгъэщхьу:
И нэгур фагъуэщ, Дэнэ кIуа
Дыгъэ хьэлэлым и льэужьыр?
Ищхьэрэ хэкухэм щыпсэуащ
А лIыр зыкъомрэ, шэч хэмыльу.
И нэгур фагъуэщ, ауэ и льыр
Зэрэкъуфейуэ кьэнэжащ.
Ар нэ фIыщIитIым кьыпхуаIуатэ,
Абы Іэпкъльэпкъыр и щIыхьэтщ.
Ар шым щытескIэ - хуэдэщ льатэ,
Уавам - и льабжьэр щIыльэм хэтщ.
И пащlэ-жьакIэр иупсакъым,
Я хабзэр кьыщтэу здэщыIам,
Зигъэщхьыу зыми еубзакъым.
А псор и теплъэм кьызжIащ...
Зыщ кьыхсхуэмыщIэр: сыт або
Бгынэжа щIыпIэм кьыщIилъыхьуэр,
Ищlауэ тхъапIэхэр Іэщыбб,
Псэм хуимытыжу, сыт зезыхуэр?

13

Абы и нитIыр кьыпхуэзам,
Узыгъэтхытхыр щIэплъэгъуэнут.
Апхуэдэу, уае льэIэсам,
Мыл пIащIэ псцьхэм трищIэнущ,
Ауэ мыл щIагъым псыр щызоуэ,
Дыгъэ бзий хуабэхэм щIэззууэ.
ЛIы хьыжьэм и нэм щыужьыхьар
И бгъэгум дэпу йоIэпхъхьыр.
И нэгу итхащ кьыхунухар,
ИджыкIэ зым кьыхуимыхьу.
Апхуэдэм гъащIэ кьримыт.
Ауэ, щимыIэкIэ кьикIуэт,
Узгу кьащхьэр кьыхурехьу щыхьэт.
Хэуба сфIэщIу дэп жьэражьэм,
Мес, абы щIым зытрепхьуэт,
Ибг йохуэгъэкьр и кьарапщIэм.
Абы пэувми семыхьуапсэ.

14

БлэкIар и щIыбым кьыдохьэж
И ныбжьку зи псэр хьэрщьм щыIэм.
Ар и Іэпкъльэпкъым кьоIуэсэж,
КьыхиутIыпщхьэу и лъым щыIэр.
Щыщхьэмыгъаззэр еутIыпщ,
И гукъэкIыжьым Іэщlэкlыну,
Арщхьэкlэ дэни щIэр зыщ -
ЩIыр псэнщэ хьуауэ кьыщIэкIынущ.
Абдеж щIыбгъым кьыщIыуащ
Фочауэ макъыр ауанынщ,
ИтIанэ, бгыхэр кьигъэушу,
Ауэым джэрпэджэж щыхьуащ,
Дыхьэшхыу фIэкI ар умыщIэнт.
ШIольэтри бзууэ и кьарапщIэр,
Шу хьыжьэм кьамэр кьрепхьуэт.
Кьэзакъ мэз чыцэм кьыхокIуэт,
ИныгъщIэтауэ зы мэздждэд.
Мэздждэд дахащэм кьыпIыткIу льыр
ЩIым нэмыс щIыкIэ кьощ уэсэпсым.
Егъэпс бгырысым урысбзэр
ФIэгъэзагъэгъэну кьэзакъ лIым:
«Кьыжьеlэт, сытым щыгъуэ хьуа
Мыпхуэдэу нэщI дыззрыт хэкур?
Мы щIыпIэ дахэм иса льэпкъыр
Текlуэту зым имыльэгъуа...»
«Абы, щышынэу урыс Іэщэм,
Хамэ щIыналъэ зыщIэзгъэпщкIур», -
ИIуатэ хьуну кьыщIыхьащ
Кьэзакъым, ауэ ар щыащ.

15

Хуэзат ар япэу адыгэлI.
Кьэзакъыр псэншэу щIым щогъуэль,
Бзэхащ и Іупэм теса гуфIэр,
Диящ и нитIыр, ещхьу мывэм.
Абы и Іуэхур зэфIэкIащ.
Зы хьыжьэм, хьуауэ бауэкIэщI,
И натIэр Іэщхьэмкlэ ельэщI,
Кьыззгупчынущ и бгъэр губжьым.
Лъы игъэжакIи лъэмыкIа
ИгъэтIысын абы и гущIэр.
И нэ фIыщIитIым кьыщотэдж
Ажалри гъащIэрэ зэщIэту.
Гум щыщIэр лъынтхуэм еIуэтэж,
Ищхьэрэ щIыпIэм хуэхьэту.
Щолыд кьамэдзэ и нэджыджым,
Зы псалъэ кьигъуэтын лъэмыкIыу.

16

Зы напIэзыпIэм зыкъещIэж,

Суретхэр **ПАЩТЫ Герман** *ящIащ.*

Лермонтов Михаил и поэмэхэр

Зэзыдзэкlар Ацкъан Русланщ

Йольэдэкьаугэри кьарапщIэм -
Іуащхьэжь тIысам щхьэщокI бгъэ фIыщIэу.
Иджы ар нэгу кьыщIэгъэхьэж.
ЛъэIэскъым жьпIэу мывэ лъагъуэм
Щур пшагъуэ Іувым хыхьэжащ.
Апхуэдэу щIэпхъуэр и кьуаншагъэм
ПIэщIэ хъуным щIэкъуращ.

17

Щу хьыжьэм дэнэ игъэза,
Игъащтэ чыцэхэм загъэщхьыу,
Хэжея жыгхэр игъэIуэщхьуу?
Щыуащ а щIалэм екъэпсар,
И гугъэр утIипща кьыфIэщIу.
ГуIэгъэущ зыхур абы и псэр.
Кьыщалъхуа унэр, я мэжджытыр,
Кьуаxэм гуфIэгъэуэу кьыщхьэщытыр -
Зэрыхьу хаутащ урысхэм.
Иджы тыншынкъым абы и псэр,
Имыгъэгъауэу бийм и кьуэпсыр,
Ищlыху и льагъэ арэзы.
Щум и щхьэм ильыр мис а зырщ,
Хэт хуэхъуфын абы зэран,
Зыдэщыр уащхьэрэ арам?
Ищхьэрэ жьыжьэм хуеплъэкIыху,
КьыфIыдокIуеуей гужьгъэжьыр уэру:
«Иджы урысыр фызоцIыху,
СыкъэфцIыхунщ куэд мыщIэу сэри!»
А псальэр дзапэкlэ иныгъщ
Щу щIалэм, жьым химыуТыпщхьэну.
И бийм гупсысэр льэщIыхьами,
Езым и Іуэгу иджыри гугъущ.

18

Бгы нэфIэгуфIэр уафэ щIагъым
Зэкlэлъхьэужьу щоувэкI.
Зэм нахуэщ, зэми кьыпхуэщIэнкьым
Пщlыхь хьэлэмэтым хэту фIэкI.
Дыгъэм и бзийхэм загъэзэхукlэ
Бгы нэкlум и фэр зэррехьуэкI.
Холъэтыр ныбжь зызыгъэпсэхуэр,
Мыарэзыу я йокIуэтэкI.
Щыр щlэльэтыжыркъым ешащи.
Бгъэм дамэр пшэхэм ятрешащIэ,
Кьыхуэгуэавзу гъуэгу тет щум.
Кьагурыуэн гум щыщIэр пшэм -
Хьэщхьуэжь и быну эрэошажьэ...

19

Арщхьэкlэ мес иужьрей бгыр.
Абы еуэкIым кьыкъэущынрщ
Щур зыхуэпабгъэр ильагъунту.
Мес, и щIыналъэм хуэжэ псыр
Псынэ Іэнкуну мыбдеж щожьэ.
Щиху жьыжьэм и щхьэр пшэхум щощIэ.
Йокlуэкlыр губгъуэр алэрыбгъуу,
Псым и ІуфитIыр иуфэбгъуу.
И льаxэр нэкlэ игъэрIэжу
Здэщытым, нэгу кьыщIоувэжыр
И сабингъуэ льапцIэрышэр,
Иджыри кьэскlэ кьужжэ гъунэм
Щыджэгу кьыфIощI ар, ещхьу зыщIэм.
Нэпс кьыщIоувэ абы и нэм,
Мэужьыхьыр уеблэм и гужьгъэжьыр,
Нэхъ псальэ Іэфlхэр гум кьигъэщIу,
И нэгум щоблэ зы нэху гуэр
Кьыхэкlыу и лъым псэм и щэхуу.
А кьару щэхум кьытекIуэн
Зэрыщымыlэм гур допсэхур,
Абы зэманыр кьегъэувыIэ,
ЛIэщIыгъуэу хьуам хигъэхьэу хуэщIыр.
Щум щогъупщэж гугъуехьу щыIэр,
Кьызыхэкlам иригушхуэжу.

20

Апхуэдэу щIалэм зегъэпсэху,
Кьуршыщхьэр пшэплым кьицIэлэху.
Кьуэ зэвыр хуэму мэхьур кIыфI,
Щогъуэль бгы дамэм пшагъуэ псыфыр.
Жьыбгъэ Іэ щIыIэр кьыкьуэкIыху
Мэтхытх удз щабэхэм я щIыфэр.
Жьхьыхьэм и махуэр ункIыфIащ,
ФIэкlуэда псори кьыщIыхьэжу.
Гъэгъа хуэлэжьым ещI и фIэщ,
Пщlыхь Іэфl хэтыну, зишыхьыжьым.
Мывитl зэхуакум блащхьэ дэлъщ,
Пшапэм и фэгъуэр хэгъуэщэжу.
Шууейм кьарапщIэр ирегъэль,
Кьыпэщыль гъэзум екьуэпсэжу.

21

Иджы кIыфIыгъэр кьепсыхащ,
Щум щlакIуэ фIыщIэр зытреубгъуэ.
И пащхьэм гъуэгур щыбзэхащ,
ЩIикIуэтри шыр кьыгурымыIуэ.
ЗытрелэтыкIри жэщым пхопль,
Зэбгъэрыкlуэнур кьыщIлъыхьуэу,
Арщхьэкlэ зыри щыхуэльагъукъым.
Щы кьыхуэпэжьым щарэу хуоль,
Аргуэру, мес, кIыфIыгъэм пхопль,
ЩыхупIэ щIыIэр псэм зыхищIэу.
Удихьэхьну зы ныбжь гуэр
ЩIхьэщытщ щыхупIэм, нащхь кьищIу.
Щур щIодэIужьар льынтхуэ уэм.
КьыщоуIу кьуэ льащIэм псым и макъыр
Уэрэд кьэушым и дежьуэ.
Мэхъу щIалэ хьыжьэм и гур махэ,
Дэхуэха псоми ядэщIыну.
ЩIхьэщытщ щыхупIэм, мыбэуэжу,
Зэрезэшари кьыщIыхьэжу.
Абдеж кьыфIонэ щIалэм и нэм:
Кьыщоблэ мафIэ уафэ гъунэм,
Зэм зыкъеIэт, кьыхуэгуфIэжу,
Зегъэщхьыр зэми, жьым хигуэжу.
ЗдэщIыIэм мафIэ - псэн щыIэщ.
Щум фIокIуэдыж абдеж зышыIэр,
Кьыхуэдэжгу мафIэм ныхуопIащIэ,
Абы епха нэхьеI и гъащIэр.

22

Нэгу щIэкlыр зэми мэбзэхьыж,
Жин Іэмэпсымэ кьыфIэщIыжу,
Арщхьэкlэ, месыр, кьоунэхуж.
Езымэ и гур мэпсэхуж,
Зэрезэщар зым щымыщыжу.
Бгы я тIэгъуафэр зэренэкI,
Унэ лъахъшитIым бгъэдохутэ.
УнитIри пщlэнкъым Іуащхьэу фIэкI:
Унащхьэр я тIэщ, удз кьокIэкI.
Адыгэм ар зэримыщIар
Гугъу удемыхьу кьыбохутэ,
Ауэ мы щIыпIэм кьэгъэущар
Зэрыбгырысым хэлькъым шэч.
Мес я лэгъупри зэфIэщIащ,
Бахъэ хьэлэлыр кьыщхьэщихьу.
Мэзыщ кьарапщIэр, щIыр дэтхэитхыу -
Щыщ макъыр щащIэу кьыподжэж.
УнитIым язым зылI кьыщIожь.
«Кьытхуэкlуэм хьэщIэ - Тхьэм и фIыщIэщ», -
Кьепсэльри, щабэу щIоупщIэж:
«Щу щыт куэбжэпэм е кьысфIэщIрэ?..»
«Кьыпфlэщlкъым, дядэ, сыгъуэгурыкIуэщ,
Зыщщlщэм гъуэгур сыхуэныкъуэщ», -
Жэуап ет щIалэм, шым кьепсыхьу.
Кьокlуатэ лIыри арэзыуэ,
И хьэщIэр дешэ, пщI кьыхунщIу,
АфIэкIа зыми щIэмыупщIэу.

23

ЛIым хьэщIэр жьантIэм щегъэтIыс,
Жьэгу кьиджэгукIым и гъунэгъуу.
Зеплъыхьыр щIалэм, нэм ильагъум
Хэмыту зэкlэ игу нэмыс.
Блын хэщIыхьаxэм еблэкIащ
Зэрыгушхуэну хъуар бгырысыр.
ЩIэращIэщ шабзэр, мор фокIэщIщ,
Тетщ кьэмэ Іэкlуэм хьэрыпыбзэр.
ПлIанэпэм щIакlуэр щыфIэдзащ,
Бащlыкъыр и плIэм кьыдзыжу,
ФIэльщ уанэр, щIопщыр бгъурыпльыжу,
Цейм и бгъэр хьэзыр зэфэззэщщ.
Щокlуэкl жьэгу пащхьэм псалъэмакъ
Кьыхэщу гъащIэр, хуитныныгъэр,
ПщIэ хуигъэфащэу бийм и лIыгъэм,
ИгъакIуэу фыгъуэр псом я щIагъ.
ЛIыр и псэуклэм топсэльыхь,
КьеIуатэ щIалэмэ зыльыхьуэр.
Мы хьэщIэм хуэдэу игу нэсыну
Зыгуэрри хуэмыза бысымыр.

24

Къумыкъуц бысымыр. Іэджэ щIащ
Зэримысыжрэ и щIыналъэ.
Абы хамэщIым щихьа пIальэр
ГъащIэ зыбжанэу кьыфIэщIащ,
Аущlэ щIегъуэжу жимыIэну -
Кьригъэлащ льыщIэжьым быныр.
Иджы и кьуищIыр кьыдопсэу,
Ипхьу ТхьэIухудри и гъусэщ,
Абы я гъащIэр и нэ-и псэщ,
ХамэщIым хуэмурэ йосэж.
Уэгу льащIэм вагъуэхэр кьитIысхьэм,
ЩIалищIыр гъуэгум йохуэпсэж.
Кьаззурщ ахэр зэрыпсэур,
Замыльытэжми зэи мысэу.
Зым щIыщкъым шы кьагъэкIуэсэныр,
Хуейм зэрыгуартэу кьыпхуахунщ.
Фочьипэм кьуэту кьыхах хур,
Джатэ кьыхакlэ фор кьыграхьр,
Зыхуейм хуэдизщ зыхуитIыр ахэр,
А псор урысырщ зи фэ дахьр...
ЩIалищIым язт ныщхьэбэ дэсыр,
Ар лIым зэ джэгъуэкlэ кьегъэс.
Кьохутэ пащхьэм щIалэ ес,
Абы и щIыб кьыдэтщ хьыджэбзыр,
Набдзэ зытетым я нэхъ кьабзэр.
Еубыд абдежым хьэщIэм и бзэр,
Сэлам кьудей зэхимыхьжу.
Апхуэдэу хьунур вагъуэжж
Тэлайкlэ и пIэм йожьыхьыж,
Зыхуагъэпсар и фIэщ мыхъужу.
Хьыджэбзри кьопльэ, мыбэуэжу,
КьыIуатэр и гум нэм кьыщIощ,
ЗыхригъэщIэну щIалэм хэту.
А ТхьэIухудыр кьигъэщIащ
Жэнэт жьхуаIэр и нэгу щIэту.

25

Ар ильэгъуауэ хэт кьэбгъэпцIэжьн,
Нэхъ дахэ вагъуэм дунейм теткъым жьпIэу.
Абы кьыбгъэдэкI хуабэр зыхимыщIэм,
ГунтIщхьитI хъуа псэми сыт зыхищIэжьн.
Мы гъащIэм кьрипхьыхьу щыта гугъэр,
А зым зэрыхуэкIуари ильагъужьнщ.
Зы ильэгъуэр кьыптекIуащ,
зебгъэхьми лIыгъэм.
Апхуэдэщ, щIалэ, гъащIэм и щытыкIэр,
Кьызыкьуехьф сыт щыгъун абы щэху...
И нитIым щIалэм щIыIэр зэм кьыщIех,
Зэм мафIэм и бзий нэхур кьыщотэджыр.
Ар и блэкIам гукъуэпскIэ зэрыпэджэр
Бзыльхугъэм и гум зэхегъэкIыр щIэх,
И льэпкъ зэрыхуэпабгъэри кьещIэф.
Зы мащIэщ хуейр апхуэдэр щIегъэужьнум,
Уи бгъафэм щIэкIыу мафIэм ныхьэжьнум...

(КьыкIэльыкIуэнущ).

Библиотекэр щIэныгъэм и «къигъэхъуапIэщ»

***Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университетым и библиотекэм ирджыблагъэ щекIуэкIа пшыхьым ирагъэблагъат абы щылажьэу щыта ветеранхэр. Зэхуэсым кырихьэлIат КъБКъУ-м егъэджэныгъэ IуэхуэхэмкIэ и проректор Къэжэр Артур. Ар библиотекэм и куратор, апхуэдэу абы кепха Iуэхуэгъэ псоми щыгъуазэу щытщ, и жэрдэмкIэ къадеIыт.**

ЗЭЙЩIЭР къыщызэIуихым Къэжэр Артур библиотекэм и лэжьакIуэхэм ехьуэхьуащ. Тхьилъыр зэщIысIащ, ар пажжыкIыж льандэрэ щIэныгъэм, щэнхабзэм я Iэмэпсымэ льапIэу зэрыщытыр, библиотекэм я лэжьакIуэхэм я гъэсакIуэгъэ кIыхьэрекIуэкIэ, ар университетым щIэсхэм, щIэныгъэлIхэм сэбэпышхэу зэрахъэхуэр къыкIэлыщащ.

Америкэм щыщ щIэныгъэлI зэрыпуэу Уиллер Бенджамин жиIауэ щытащ: «Библиотекэ кыхьэфти, абы хьыкъу уней верситет кьыфхуэзэгъэпсыщынщ». А псалъэхэм я мыхьэнэр хуабжьу куущ. Сыту жыпIэмэ, библиотекэм, ятIэрауэ, щIэныгъэм хуэгъэзауэ и фонд дыр зэрегъэпщэщ, студентхэм дисциплинэхэр зэраджьин тхьилъыфI зыIэригъэхьэныж хущIокъу. ЕджапIэ нэхъыщIхьэмрэ библиотекэмрэ сыт и лъэныкъуэкIи зэпыщIауэ щытщ, зэгъэсу зэдалэжь я кьалэнхэрэ куэд мэхъу. Арауш, университетым нубзыку кьалэнхэр нэхъыфIу гъэзэщIа хъунымкIэ щIэгъэкъуэныфIу иIэщ тхьилъ хьуманIэр, абы и лэжьакIуэхэр.

IэнатIэм и унафэщI Унащ Роэз зэрыжиIэмкIэ, библиотекэр университетым и гущдзэн кьудейуэ арацым, атIэ абы и щIэныгъэ лабораторэу кьелыпэ. Абы и лэжьакIуэхэр я кьару емыблэжу, я Iэнатlэм хуэпэжу зэрыпэрытым, я щIэныгъэм зэрыхахъхьэныжьым зэрыхущIыкъум Роэз ироапэгу. УнащIэр гупым щапхьэ яхуэхьуу, нэхъыжь губзыгъэу, цIыху зэпIэзэрыту яхэтщ. Абы мыхьэнэщхъэ ирет гупым я лэжьыгъэ зэрагъэтэмэмын IэмальщIэхэм, кьаухъкIуэ щIэджыкIакIуэхэм гуапIэу яIущIэну, дэтхэнэ зыри щIыкIэ щытыну еуцIи.

Библиотекэм нобэ и Iуэхущафэхэм схутепсэлыхьыжьауэ абы и унафэщIым щIэныгъэмкIэ и кIуэдзэ **БОРЭН Мадинэ.**

- КъБКъУ-м сыщыщIдж зэманым сэри си дэIепыкъуэгъу пэжу щытащ библиотекэр. Зэманри мэкIуатэ, куэдрэ зехьуэж. Сыт хуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр фи библиотекэм щекIуэкIрэ?

- Университетымрэ ди библиотекэмрэ зэгъусэу гъуэгуанэфI зэрыжеIэну зэхъуэкIыныгъэхэм дыхуэхуIащ. Дэ сытым джем дыхущIокъу егъэджэныгъэм щIэтэхъуэм ди библиотекэм щекIуэкIрэ? Университетымрэ ди библиотекэмрэ зэгъусэу гъуэгуанэфI зэрыжеIэну зэхъуэкIыныгъэхэм дыхуэхуIащ. Дэ сытым джем дыхущIокъу егъэджэныгъэм щIэтэхъуэм ди библиотекэм щекIуэкIрэ?

- А тхьилъыр Iыхьэ куэду зэхъуэкIыныгъэхэр фи библиотекэм зэман куэдым кьриубыдэу щылэжьаxэм, иджыри я кьару емыблэжу зи Iэнатlэм бгъэдэтхэм ятеухуэу кьысхуIэрэтэжаxэр. Абыхэм псоми я гугъу щызощI си тхыгъэм.

Ди нэхъыжьыфIхэм уащыкIэльыплъым деж, Iэмал имыIэу гу лыбготэ абыхэм я IэщIагъэм теухуауэ псоми зы хьэлыфI зэрахэлъым - библиотекэм хуэIэ лъагъуныгъэшхуэм. А лъагъуныгъэ щыIэу щытмэ, библиотекэр уи унэ дыдэу больытэ, уи гъащIэ псор абы щепхьэкIыу мэхъу. «Нэхъыжьыфl здэщымlэм нэхъыщIэфIи щыIэкъым», - жаIэ. Нэхъыжьыр псоми лъабжьэ, быдапIэ хуохьу, абы кьыбгъэдэкI фыгъуэм дэ, нэхъыщIэхэм, ди гъуэгур кьеГъэнэхУ. ГъащIэм хащыкIри, дагъэIущ, Iэмал зэрагъуэткIэ, чэнджэщэгъу тхохьу. Нэхъыбэу удехьэх ди нэхъыжьхэм я зэхущытыкIэм, пщIэ, нэмыс, зэрызэхущIым. Апхуэдэщ ди библиотекэ унагъуэшхуэм нобэкIи п:сэукIэр.

- Апхуэдэу гуапэу узытепсэлыхьэ уи лэжьэгъуэхэм яIущIу, дауи, куэдым я щIэкъуэхэрэ я лIыкIуэхэм сыт кьызэрагъэпэщыну я мурад абы иригъэIуIэ?

- Пэжщ, жэпуэгъуэм и 12-р университетым и махуэ льапIэщ, 1932 гъэм университету къежьауэ, ефакIуэ зэпыту йокIуэкI университетыр. Псоми зыхуэдогъэжьэзыр а махуэр дгъэльапIэну. Библиотекэм и кьудамэхэм кьыщызэрагъэпэщынуц гъэльэгъуэныгъэ зыбжанэ. Абыхэм ятеухуауэ зэпеуэ екIуэкIынущ.

- Сэ зэрысщIэмкIэ, уэ тхьилъ ботх университет библиотекэм и кьекIуэкIыкIам теухуауэ. Дапщэщ дунейм кьытехьэну ар, тIэкIу укьытхутепсэлыхьыфыну пIэрэ уи лэжьыгъэм?

- Пэжщ, а тхьилъым куэд щIауэ солэжь, ауэ гъэщIэгъуэн куэд кьыкьуэкIыжьрэ хьэгъэхьэж, аращ и кIэм щIынэмысар, Зыри сэщIэмыху, сытми гу лыыстэн хуейуэ кьызольытэ, ар Iуэхугъуэ цIыкIуми.

А лэжьыгъэр тынщкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, архивхэм дэфтэр куэд щызгъэтыртэкъым. Абдежым УнащIэ Роэз хуабжьу кьыздэIэпыкъуащ. Библиотекэм щылэжьаныгъэ зэхуэдэ зэрыгъэзэжьрэ, я гукъэкIыжьхэм ящыщу нэхъ гъэщIэгъэн кьыщыхьуахэр, Роэз зэрригъэпэща альбомхэри сэбэпышхэу кьыщыхъуахэущ. Мис апхуэдэу дыдэдэIэпыкъужурэ кьызэдгъэпэщыжащ библиотекэм и кьекIуэкIыкIар.

- А тхьилъыр Iыхьэ куэду зэхъуэкIыныгъэхэр фи библиотекэм зэман куэдым кьриубыдэу щылэжьаxэм, иджыри я кьару емыблэжу зи Iэнатlэм бгъэдэтхэм ятеухуауэ кьысхуIэрэтэжаxэр. Абыхэм псоми я гугъу щызощI си тхыгъэм.

Ди нэхъыжьыфIхэм уащыкIэльыплъым деж, Iэмал имыIэу гу лыыстэн я IэщIагъэм теухуауэ псоми зы хьэлыфI зэрахэлъым - библиотекэм хуэIэ лъагъуныгъэшхуэм. А лъагъуныгъэ щыIэу щытмэ, библиотекэр уи унэ дыдэу больытэ, уи гъащIэ псор абы щепхьэкIыу мэхъу. «Нэхъыжьыфl здэщымlэм нэхъыщIэфIи щыIэкъым», - жаIэ. Нэхъыжьыр псоми лъабжьэ, быдапIэ хуохьу, абы кьыбгъэдэкI фыгъуэм дэ, нэхъыщIэхэм, ди гъуэгур кьеГъэнэхУ. ГъащIэм хащыкIри, дагъэIущ, Iэмал зэрагъуэткIэ, чэнджэщэгъу тхохьу. Нэхъыбэу удехьэх ди нэхъыжьхэм я зэхущытыкIэм, пщIэ, нэмыс, зэрызэхущIым. Апхуэдэщ ди библиотекэ унагъуэшхуэм нобэкIи п:сэукIэр.

- Апхуэдэу гуапэу узытепсэлыхьэ уи лэжьэгъуэхэм яIущIу, дауи, куэдым я щIэкъуэхэрэ я лIыкIуэхэм сыт кьызэрагъэпэщыну я мурад абы иригъэIуIэ?

- Пэжщ, жэпуэгъуэм и 12-р университетым и махуэ льапIэщ, 1932 гъэм университету къежьауэ, ефакIуэ зэпыту йокIуэкI университетыр. Псоми зыхуэдогъэжьэзыр а махуэр дгъэльапIэну. Библиотекэм и кьудамэхэм кьыщызэрагъэпэщынуц гъэльэгъуэныгъэ зыбжанэ. Абыхэм ятеухуауэ зэпеуэ екIуэкIынущ.

- Сэ зэрысщIэмкIэ, уэ тхьилъ ботх университет библиотекэм и кьекIуэкIыкIам теухуауэ. Дапщэщ дунейм кьытехьэну ар, тIэкIу укьытхутепсэлыхьыфыну пIэрэ уи лэжьыгъэм?

- Пэжщ, а тхьилъым куэд щIауэ солэжь, ауэ гъэщIэгъуэн куэд кьыкьуэкIыжьрэ хьэгъэхьэж, аращ и кIэм щIынэмысар, Зыри сэщIэмыху, сытми гу лыыстэн хуейуэ кьызольытэ, ар Iуэхугъуэ цIыкIуми.

А лэжьыгъэр тынщкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, архивхэм дэфтэр куэд щызгъэтыртэкъым. Абдежым УнащIэ Роэз хуабжьу кьыздэIэпыкъуащ. Библиотекэм щылэжьаныгъэ зэхуэдэ зэрыгъэзэжьрэ, я гукъэкIыжьхэм ящыщу нэхъ гъэщIэгъэн кьыщыхьуахэр, Роэз зэрригъэпэща альбомхэри сэбэпышхэу кьыщыхъуахэущ. Мис апхуэдэу дыдэдэIэпыкъужурэ кьызэдгъэпэщыжащ библиотекэм и кьекIуэкIыкIар.

- А тхьилъыр Iыхьэ куэду зэхъуэкIыныгъэхэр фи библиотекэм зэман куэдым кьриубыдэу щылэжьаxэм, иджыри я кьару емыблэжу зи Iэнатlэм бгъэдэтхэм ятеухуауэ кьысхуIэрэтэжаxэр. Абыхэм псоми я гугъу щызощI си тхыгъэм.

Ди нэхъыжьыфIхэм уащыкIэльыплъым деж, Iэмал имыIэу гу лыыстэн я IэщIагъэм теухуауэ псоми зы хьэлыфI зэрахэлъым - библиотекэм хуэIэ лъагъуныгъэшхуэм. А лъагъуныгъэ щыIэу щытмэ, библиотекэр уи унэ дыдэу больытэ, уи гъащIэ псор абы щепхьэкIыу мэхъу. «Нэхъыжьыфl здэщымlэм нэхъыщIэфIи щыIэкъым», - жаIэ. Нэхъыжьыр псоми лъабжьэ, быдапIэ хуохьу, абы кьыбгъэдэкI фыгъуэм дэ, нэхъыщIэхэм, ди гъуэгур кьеГъэнэхУ. ГъащIэм хащыкIри, дагъэIущ, Iэмал зэрагъуэткIэ, чэнджэщэгъу тхохьу. Нэхъыбэу удехьэх ди нэхъыжьхэм я зэхущытыкIэм, пщIэ, нэмыс, зэрызэхущIым. Апхуэдэщ ди библиотекэ унагъуэшхуэм нобэкIи п:сэукIэр.

- Апхуэдэу гуапэу узытепсэлыхьэ уи лэжьэгъуэхэм яIущIу, дауи, куэдым я щIэкъуэхэрэ я лIыкIуэхэм сыт кьызэрагъэпэщыну я мурад абы иригъэIуIэ?

- Пэжщ, жэпуэгъуэм и 12-р университетым и махуэ льапIэщ, 1932 гъэм университету къежьауэ, ефакIуэ зэпыту йокIуэкI университетыр. Псоми зыхуэдогъэжьэзыр а махуэр дгъэльапIэну. Библиотекэм и кьудамэхэм кьыщызэрагъэпэщынуц гъэльэгъуэныгъэ зыбжанэ. Абыхэм ятеухуауэ зэпеуэ екIуэкIынущ.

- Сэ зэрысщIэмкIэ, уэ тхьилъ ботх университет библиотекэм и кьекIуэкIыкIам теухуауэ. Дапщэщ дунейм кьытехьэну ар, тIэкIу укьытхутепсэлыхьыфыну пIэрэ уи лэжьыгъэм?

- Пэжщ, а тхьилъым куэд щIауэ солэжь, ауэ гъэщIэгъуэн куэд кьыкьуэкIыжьрэ хьэгъэхьэж, аращ и кIэм щIынэмысар, Зыри сэщIэмыху, сытми гу лыыстэн хуейуэ кьызольытэ, ар Iуэхугъуэ цIыкIуми.

А лэжьыгъэр тынщкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, архивхэм дэфтэр куэд щызгъэтыртэкъым. Абдежым УнащIэ Роэз хуабжьу кьыздэIэпыкъуащ. Библиотекэм щылэжьаныгъэ зэхуэдэ зэрыгъэзэжьрэ, я гукъэкIыжьхэм ящыщу нэхъ гъэщIэгъэн кьыщыхьуахэр, Роэз зэрригъэпэща альбомхэри сэбэпышхэу кьыщыхъуахэущ. Мис апхуэдэу дыдэдэIэпыкъужурэ кьызэдгъэпэщыжащ библиотекэм и кьекIуэкIыкIар.

- А тхьилъыр Iыхьэ куэду зэхъуэкIыныгъэхэр фи библиотекэм зэман куэдым кьриубыдэу щылэжьаxэм, иджыри я кьару емыблэжу зи Iэнатlэм бгъэдэтхэм ятеухуауэ кьысхуIэрэтэжаxэр. Абыхэм псоми я гугъу щызощI си тхыгъэм.

Ди нэхъыжьыфIхэм уащыкIэльыплъым деж, Iэмал



Къэрал кIэуцI Iуэхуэхэмкlэ министру КъБР-м щыIэ Васильев Сергей ягъэльэпIа журналистхэм яхэту.

Я зэпыщIэныгъэр ирагъэфIакIуэ

Хабзэ зэрыхьуауэ, Урысей Федерацэм и МВД-м и пресс-Iэнатlэм и махуэр мэкъуаугъэуэм и 10-м ягъэтIапIэ, Абы теухуа зэхьхьэ гуапэ КъБР-м щыIэ полицэм и генерал-майор Васильев Сергей зэхьхьэм кьрагъэблагъэ республикэм и хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм я лIыкIуэхэм щыхьх тхыльхэр, фэепль саугъэтхэр яритащ.

- ПРЕСС-IЭНАТIЭМ мыхьэнэшхуэ иIэщ министерствэм и лэжьыгъэм теухуа хъыбархэр щыхубзм я деж нэхъсыныжкIэ. Иужьрей илъэсхэм Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм Хъыбархэмрэ жылагъуэ зэпыщIэныгъэхэмкlэ и Iэнатlэр КъБР-м щыIэ МВД-м экстремизмымрэ терроризмрэ теухуауэ ирагъэкIуэкI бэнэныгъэм пыщIахэм ящыщ зыщ. Республикэмкlэ МВД-м и хъыбарегъащIэ политикэр зыхуэунэтIар жылагъуэм зэпыщIэныгъэ зэрыха хуэIэнырыц, полицэмрэ цIыхухэмрэ я зэдэлэжьэныгъэр егъэфIэкIуэнырыц. Республикэм щыIэ щытыкIэр зыхуэдэм, ди лэжьыгъэм кьрикIуэхэр, ди екIуэлIэныгъэхэмрэ дызыхуэнэмысахэмрэ, ныкъуасныгъэхэр маху я кьэс щыхубзм я деж нэзыхьэсыр фэращ - КъБР-м и хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм я унафэщIэхэрц, я лэжьакIуэхэрц, - жиIащ министрым икIи псоми фIыщIэ яхунщIащ.

Васильев Сергей кьыхигъэщащ Къэбэрдей-Балькъэрым жылагъуэ щытыкIэ зэпIэзэрыт щыIэн и лъэныкъуэкIэ къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ Iэнатlэхэм зэфIах лэжьыгъэр уэзэщIауэ, пэжыгъэ хэлъу щыхубзм я деж нэхьэсын и лъэныкъуэкIэ республикэмкlэ МВД-м журналистхэм, ведомствэхэмрэ министерствэхэмрэ я пресс-Iуэхущапlэхэм яхунI я зэпыщIэныгъэр нэхъри зэрефIэкIуэнур и фIэщ зэрыхъур.

ЗэIущIэм кьрихьэлIахэм КъБР-м щыIэ МВДм хуаIэ апхуэдэ я зэпыщIэныгъэм гулъытэ хуащIри, къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ Iэнатlэхэм адэкIи ядэлажьэну зэрыхьэзырыр кьыхагъэщащ

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iуэхущапlэр республикэм и хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм зэIухауэ ядолажьэ. Абы и лэжьакIуэхэм я кьаланыр хуэзэлу зэрагъэзащIэм и щыхьэтщ КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iуэхущапlэр Урысей Федерацэм кьэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министерствэм и апхуэдэ Iэнатlэхэм я нэхъыфIхэм зэращыщыр.

Гулъытэ зыхуащIа журналистхэм ящыщ «Кабардино-Балкарская правда» республикэ газетым и редактор нэхьащхьэ Болэт Арсен, «Адыгэ псалъэ» газетым и кьудамэм я унафэщI Уэдокьуэ Женя, суэттех Кьарей Элинэ, «Заман» газетым и корреспондент Марзият сымэ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жансурэт.

Олимпиадэм я къалэнхэр щагъэув

Бадзэуэгъуэм и 27 - щыщыкIуэм и 12-кэм Лондон щекIуэкIыну Олимп Джэгуэм Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхам кьалэныщыкуэкIэ щыкIуэгъэувыжащ. Иужьрейуэ ди къэралыр Олимпадэм пашэ щыщыкъуэар 1994 гъэрщ, Норвегием и Лиллехаммерщ.

АТЛЕТИКЭ псынщIэр медаль нэхъыбэ щыта - 47-рэ - къыщекIуэкI спорт лIэужьыгъуэщ. Федерацэм и президент Балахничев Валентин зэрыжиIамкIэ, абы и нэIэ щIэт спортсменхэм дыщэ медалу 6 кьахьыфынущ.

Атлетикэ хьэлъэмкIэ спортсменхэр Олимпиадэм щIэкIэуэр зыщ - адрей илъэсхэм зыIэрагъэхьа ехъуIэныгъэхэр ирагъэфIэкIуэну. УФ-м и командэм хэту медалэхэм щIэбэнынущ спортсмених. Федерацэм и президент Сырцов Сергей щогугъ лIэужьыгъуэ хэсэ медаль тIурыт кьыщахьынущ. ГугъапIэ нэхъыбэр зрапхэм ящыщщ ди лъэпкъэгъу Аккаев Хьэжмурат.

Урысейр зыгъэгушуэхэм ящыщщ бэнакIуэхэр. Ахэращ лъэпкъ командэм сыт щыгъуи дыщэ медаль нэхъыбэ кьыхуэзыхьыр. Федерацэм и президент Мамиашвили Михаил иджырей Олимп Джэгуэм куэдкIэ поплъэ:

- Хьэлъагъэм псоми (7 мэхъу) пашэ дыщыхъуну дыщыщыгугъыр лъабжьэншэхьэм. Олимпиадэ кьэс ди бэнакIуэхэм кьыщагъэльагъуэ зэфIэкIхэм нэхърэ нэхъыкIэ дымыхъуну сыпоплъэ.

Къэралым и командэ кьыхэхам хагъэхьэмэ дыщэ медалэхэм щIэбэнырыпхуи щIалъэуэ Махуэ бийап, Курамагомедов Заур, Урыш Анзор, Джэданэ Алим, Мудрэн Беслъэн, Абдулин Аслъэн сымэ, нэгъуэщIхэри.

Урысейм боксымкIэ и гъэсакIуэхэр дуней псом щынэхъыфIхэм ящыщщ. Лондони ди гупыр щыпашэнущ. Апхуэдэу зи гугъэр командэм кьыдэщIхэм я заукъэкъым, атIэ а гупысэмэ тетщ УФ-м Боксымкlэ и федерацэм и президиумым хэт, олимп чемпион Лебэяк Александр:

- Ди щIалэхэр дуней псом щынэхъыфIщ. Олимпиадэм зыщыкъуэдгъэувыжа кьалэн нэхъыщхьэр дыщэ медалу 2-рэ дыжьынрэ жэзу зырызрэ кьэхьынырщ.

Синхроннэу псым есын - ар дыщэ медаль кьыщынэмыщIа, адрейхэр текIуэнырщ ди къэралым кьыщимыльытэ спорт лIэужьыгъуэщ. Абыкlэ Олимп чемпионитI яIэну кьалэн зыхуагъэувыжащ.

Гимнастикэр - Урысейм медаль кьыщихьын хуей иджыри зы спорт лIэужьыгъуэщ. Хоркинэ, Кабаевэ, Канаевэ - ахэр дуней псом щыцIэрыIуэщ. ДызыкуэкIуэ Олимпиадэм иджыри унэцIэщIэхэр кьыщытщIыхьэфынущ.

- Сыт хуэдэ кьалэн нэхъыщхьэ диIэфынур ди Iуэхур зэрыдагъэзыкIыным теуухуауэ сыт щыгъуи дыщэ медалэхэр зэрагъэзащIэкIэ? - жеIэ гимнастикэмкIэ федерацэм и президент Винер Иринэ. - Европэм и чемпионатым фы дыдзу зыкъыщыдгъэльэгъуащ. Олимп Джэгуэм сыткIи хуэхъзырщ Канаевэр, Меркуловэр. Дэ Iейуэ зыкъэдгъэлъагъуэ зэхуэдэ. Абы щыщ:

- медальныншэу къэбгъэзэжьырщ.

Пщыкуэ щыщ:

- Апхуэдэ медаль зэхуэмыдэ Олимпиадитlым кьыщихьыфащ гимнаст Немов Алексей. НэгъуэщI зыгуэрым хуэзфIэкIыну пIэрэ иджыри апхуэдэ? Сыткlэ дащыгуфIыну ди спортсменхэм?

Мы махуэхэм наIуэ къэхъун хуейщ Лондон щекIуэкIыну Олимп Джэгуэм кIэнухэм я унэцIэхэр. Ар щытраухэунущ Урысейм и Олимп комитетым и гъэзэщIакIуэ комитетым. Догугъэ абы ди щIалэ зыбжанэ хэхуэну.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Я гур къабзэу къэгъэнэн

Сабийм и хуитныыгъэхэмкIэ уполномоченнэу КъБР-м и Iэтащхьэм деж щыIэ Iуэгъуэ Светланэ Тезырхэр гъэзэкIуэжьныныкIэ федеральнэ къулыкъум и Iуэхущапlэм КъБР-м щыIэм балигъ мыхъуахэм тезырыр щрахьэкI гъэсэныгъэ колониер къиплъыхьащ.

УФСИН-м и унафэщIым и къуэдзэ къэрал кIуэцI къулыкъым и полковник Болэ Айварпэ Iуэхущапlэм и Iэтащхьэм и дэIепыкъуэгъу Бырмамытl Аусерэ ящIыгъуу Iуэгъуэным щIыпIэр кьыщэхихIухьащ, кьыщIэхуа ныбжьыщIэхэр щыпсэу общежитэм я щытыкIэр зэрыщIащ, абыхэм епсэлъащ, кьэкIуэнум теухуа я мурадхэр зыхуэдэр, дэхьыхьэх литературэр, нэгъуэщI куэди зригъэщIащ. Колонием и гъэсэнхэм щаIущIам Iуэгъуз Светланэ кьыхигъэщащ Iэмал имыIэу Iэщ:Iагъэм хуеджэным пащэн, фIым хуэпабгъэу ерыщу мурад дахэм хуэкIуэн зэрыхуейр.

Сабийхэм я хуитныыгъэмкIэ уполномоченнэм жиIащ ирагъэджэн, спортым зыхуагъэсэн папщIэ сыткIи кьыдэгъэпэща колонием щилъэгъуам арэзы зэрытехуэр. Псом хуэмыдэу гуапэ щыхъуащ сабийхэм я психологие щытыкIэр, абыхэм гъащIэм губгъэн зэрыхуамыIэр, ахэр зэIухауэ, гу кьабзэу зэрыщытыр.

А махуэ дыдэм Iуэгъуэ Светланэ щыIащ ИК-4, КП-5 Iуэхущапlэхэм. Ар кьрикIуэщ агъэтIысэ щIыхубзхэм ящыщхэм я сабийхэм теухуа гугъуехьхэр зэфIэхыным и лъэныкъуэкIэ зыкъыщэрыхуагъэзам. Уполномоченнэм тезырыр езыхьэкI щIыхубзхэр щыпсэу общежитэр кьызэхикIухьащ, коммунально-бытовой пэшхэм я щытыкIэр, библиотекэр зригъэлъагъуащ. Щхьапlэм щагъэхьэзыр ерыскым и фIа-тыкIэр кьыпщытащ, я щIакхъуэгъэжьа-пIэр зыхуэдэр зригъэщIащ. ДапIэ цехым лэжьыгъэр кьызэрыщыдзэрэпэщам, кьыщIагъэкI продукцэм щыгъуазэ зищIащ.

АдэкIэ ар цIыхубзхэм я щхьэ Iуэхуэхэмкlэ яIуэщIащ. Ахэр хуейт алиментхэр кьратыну, нэгъуэщI унагъуэхэм щапI я сабийхэм яхуэзэнырыр кьызэрагъэпэщыну.

Iуэгъуэ Светланэ Iуэхущапlэхэм я психологие Iэнатlэхэм я лэжьакIуэхэм яхуэзащ, ирагъэкIуэкI щэнхабзэ Iуэхугъуэхэм ятеуха программэхэм щыгъуазэ зищIащ икIи кьыхигъэщащ цIыхубзхэр гу быдэ мыбы щыхъун зэрыхуэмейр, ахэр дахагъэм хуеплъэкIыныжмкIэ щэнхабзэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр, ирехъу ар усэхэм я пшыхь, художественнэ самодеятельностхэм я концерт я тхылъ гуэрым щытепсалъэхь зэхуэс.

ЗАБАР Мадинэ,
Тезырхэр гъэзэкIуэжьныныкIэ федеральнэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущапlэ.

МафIэсгъэункIыфIхэм я зэпеуэ

«Гъатхэ-2012» зыфIаща мафIэс-прикладной спорт зэхьэзэхуэр «Трудовые резервы» стадионымрэ Налшык кьалэ МЧ №2-мрэ иджыблагъэ щекIуэкIащ. Абы хэтащ республикэм щыIэ мафIэсгъэункIыфI часть 20-м я команд. Къыхэхахэр. Балигъхэм я мызакъуэу, я ныбжь елытауэ гуэщауэ щыта ныбжьыщIэхэми я зэфIэкI ягъэлъэгъуащ.

ХАБЗЭ зэрыхьауауэ, зэпеуэм хэтхэм лъэпощхьэпоэхэр кьыхэзраныжкIи, пкIэлъейм дэкIуейуэ зыгъэсэныгъэмкIэ еплIанэ кьатым и щхьэгъубжэм дэкIын хуейт.

ИпхэшIэкIэ мафIэ къэлыдадэу щхьэгъубжэхэм лыгъэ кьыдидзырт. Апхуэдэ теплъэ щыIэным хьилагъ хэлъу бгъэдыхьащ - гъущI кумбыгъэ иным мафIэ щыщIэщIагъэстащ. Иужьрей илъэсипщIым иджы япэу эстафетэм и иужьрей Iыхьэр мафIэс гъэункIыфIныныкIэ иухырт.

Зэхъэхуэм хэта балигъхэми ныбжьыщIэхэми дэтхэнэ зы лIэужьыгъуэми зэфIэкIыщхъуэ щагъэлъэгъуащ. Судьяхэм гъэщIэгъуэн ящыхъуащ мафIэсгъэункIыфI часть №10-м (Тырныауз къ.), №4-м (Прохладнэ къ.) я лIыкIуэхэр Iуэхум зэрыгъэрытыр. Сабийхэм я нэхъыщIэ гупым лъэпощхьэпоэхэр кьызэнэкIыныныкIэ я зэпеуэм тырныауздэсхэр щытекIуащ. НыбжьыщIэм я нэхьыжь гупхэр щыгъэныкъуэкIуа пкIэлъейм дэкIуейуэ щхьэгъубжэм дэкIыныкIэ прохладнэдэсхэм бжьыпэр щауфыдащ. Абы кьегъэлъагъуэ ІэнатIэхэм сабийхэм ядэлэжьэным, ахэр мафIэсгъэункIыфI ІэщIагъэм дегъэхьэхьным гулытэ зэрыхуащIыр.

Нэхъыщхьэр, дауи, Іэщ:Iагъэ Iэ я зэхьэзэхуэрт. Ятп:щIыщIи, бжьыпэр убыдыным къызэрымыгуэкI зэныкъуэкъуэ щыIэ-хуэхьуат Тырныауз къэралым и мафIэсгъэункIыфI часть №10-м, ДзэлыкъуэкъуажэщIэ часть №9-м я спортсменхэр. Уеблэмэ командэ нэхъ лъэщхэм яку кьыдахьуэ зэныкъуэкъуэхэр хьэхьэну хэтащ ещанэ, еплIанэ увыпIэхэр зыубыда Налшык кьалэ щыIэ часть хэхамрэ 1-нэ частымрэ я мафIэсгъэункIыфIхэр.

Лъэпощхьэпоэхэрэмрэ зиIэ метри 100 гъэугъанэр кьыззэныжкIаxэм ятп:командэ увыпIэр зыльыстащ МЧ-9-м и спортсменхэм, МЧ-10-р етIуанэщ, ещанэ зыхуэдэ Тэрч кьалэ и МЧ №11-м и спортсменхэр.

ЗэрыбгъэжкIэльейр гъэувыным икIи абыкIэ еплIанэ я кьатым и щхьэгъубжэм дэкIыныжмкIэ ятп:ищащ МЧ №10-м и спортсменхэр, МЧ №1-р - етIуанэщ, часть хэхам и спортсменхэм ещанэ увыпIэр ялъысащ.

Псом нэхъри нэхъ удэзыхьэхыу щытащ мафIэр гъэункIыныныр псынщIэу зэтеубгъэныжмкIэ зэпеуэр. Мыбдежым МЧ №9-м и командэ кьыхэхам кьытекIуэн кьаухэсIащ. ЕтIуанэ увыпIэр Налшык кьалэ и МЧ-19-м кьихьащ, Зеикъуэ кьуажэм щыIэ МЧ-15-м и мафIэсгъэункIыфIкIэр ещанэщ.

Командэ зэпеуэм щытекIуащ МЧ №10-м и мафIэсгъэункIыфIхэр, МЧ-9-р етIуанэщ, ещанэ увыпIэр часть хэхам ялъысащ.

Зэхьэзэхуэм щыгъэкIуэхэмрэ кьыхэжаныкIаxэмрэ щIыхь тхылъхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ ирагащ.

Урысей МЧС-м и кьэрал Iуэхущапlэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым мафIэсым пэщIэтынымкIэ къэрал къулыкъымкIэ и кьуэдзэ Хьэтыкъу Беслъэн кьызэригъэльэгъуащ, зэхьэзэхуэр ирагъэкIуэкI мафIэсгъэункIыфI-прикладной спортым Къэбэрдей-Балькъэрым зыщегъэжьыщ, спортым и мастер льагапIэхэм нэсын, спорт мардэхэр гъэзэщIэн мурадкIэ КъБР-м фIэсгъэункIыфI-прикладной спортыр спорт кьудейкым. Ар я Iэщ:Iагъэм зэрыхащIыкIыр утыку кьызыкъэ мафIэсгъэункIыфIхэр я кьалэным зэрыхуэхьэныр зыгъэльагъуэщ. Иджырей зэпеуэм кьрикIуахэр абы и щыхьэтщ.

СЭБАН Арсен,
КъБР-м МафIэсым пэщIэтынымкIэ и кьэрал къулыкъум и пресс-Iуэхущапlэм и лэжьакIуэ.

● Шэджэм куей

Ди пщащэхэм я зэфIэкIыр

«Шэджэм псыкъелъэхэр» ансамблым и уэрэджыIакIуэхэр хэтащ Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу бгырыс лъэпкъхэм я Iуэрыlуатэмрэ щэнхабзэмрэ хьумэным теухуауэ Дагъыстэным щекIуэкIа 5-нэ дунейпсо фестивалым.

«БГЫРЫСХЭР» фIэщыгъэм щIэту кьызэрагъэпэща гуфIэгъуэ зэIущIэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэр Урысейм и Ищхъэ лъэныкъуэм щызэдэпсэу лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм игъащIэ лъандэрэ яку дэлъ зэныбжьыгъэгъэмрэ зэхущытыкIэ дахэхэмрэ кьэгъэзащIэрэщIэжьныщ, Кавказ Ищхъэрэм мамырыгъэр щыгъэбыдэнырщ.

Фестивалым я зэфIэкI щагъэлъэгъуащ Къэрэшей-Шэрджэсым, Осетиэ Ищхъэрэ-Аланием, Адыгейм, Ингушым, Шэшэным икIа артист ныбжьыщIэхэм.

ЗэIущIэм инкъ иткIэ, «лъэпкъ фащэм и усыгъэ фIэщыгъэм щIэт зэхъэзэхуэ зэхэтащ. Фестивалым кьрихьэлIа дэтхэнэми абы щIэпсэлъэгъуэн хуейт кьызыхэкIа лъэпкъым кьыдекIуэкI зэхьэгъуэлIагъуэ фащэмрэ я гуфIэгъуэм ехьэлIауэ кьадекIуэкI хабзэ дахэхэмрэ.

«Шэджэм псыкъелъэхэр» я кьалэным псомиефIэкIыу пэлъащащ. Абы хэт щащэ-зэкIэм ягъэлъэгъуащ адыгэ «уняшэр» зэрырагъэкIуэкI щIыкIэр.

Къэбэрдей-Балькъэрым икIа Iуэрыlуатэмкlэ гупым щIахь тхылъэ саугъэтхэм ра кьратащ икIи фIыщIэ ин кьыхуащIащ. Лъэпкъым кьызэгъэзыгурыкIуэ хабзэфIэхэр хъума хуэныкъо я щIалэ щIэныгъэ Iэ псори зэрырахьэлIэм папщIэ.

ЛЪОСТЭН Муэз.

Псори зэгъусэу 19

Мэкъуаугъэм и 8 - 10-кэм Краснодар кьалэм щекIуэкIащ атлетикэ псынщIэмкIэ Ищхъэ федеральнэ щынагъыпсым и первенствэ зэхьэзэхуэр. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балькъэрым и командэ кьыхэхари.

ДИ СПОРТСМЕНХЭМ зэхьэзэхуэм фIы дыдэу зыкьыщагъэльэгъуащ. Апхуэдэу абыхэм дыщэ медалу 4, дыжьыну 11, жэзу 4 кьыщахьащ.

Зыхэта IуэгъакIуэхэм пашэ щыхьэхэщ ФIэпщэ Изнаур, Черняхов Пётр, Петуховэ Евгение, Къарэмырзэ Къант

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

● Псэлъафэхэм къарыкIыр

ÇÿIóñÿì ïñÿ õåéúõüÿ

Акьылыр щагуэшьы дурэшьым дэсащ.
Зи акьылыр жьыкъэ нэмыс цIыхум екъэлIауэ кьапсэлъ.

Гур зэрыгъум дыгъур кьроклуэ.
Гум кьэхъунур ещIэ жьхуаIэращ. Гур зэрыгъуэ гуэр къэхъуэ нэужь, жалэ хабзэщ.

ДаIуэ шхипIэ тоувэ.
Чэнджэщ зыльытIэр кьыззрымыкIыфын щытыкIэ щыIэкьым.

ЗэйуСэм псэ хелъхьэ.
Зэйусэр мэхъу жьхуиIэщ. Iэужь дахэ зиIэ цIыху Iэпщlэльапщlэм хужаIэ.

Мэзыр жыг зырызурэ зэхэтщ.
Зэкьуэтыныгъэр кьаруушхуэ зэрыщытым теухуащ.

Сыхэмыкьэмэ ситхъуащ.
Iуэхугъуэ гуэрым, нэхьыбэу - шынагъуэм, дзыхь-щыгъуэджэм, хэпщIэну, и Iуэху хилъхьэну зэрыхуэмейр зыгъэнаIуэ цIыхум жеIэ (е апхуэдэ цIыхум теухуауэ кьапсэлъ).

ЩАУЭ Кьэлидар.

Псалъэзэблэдз

ИхъуреягъкIэ кьиикIуху: **6.** Уэрэдус, уэрэджьаIкIуэ Кьэжэр Индрис кьыщалъхуа къуажэ. **7.** Жыг быдэ лъэпкъ, гульэгу, бжьы хуэдэхэр кьыхащыкIыу. **8.** Нащэр ... жъуащ, пхуэшъынукъым. **9.** Дунейм и пщтырыгъуэм, ягъэщIыЗэтыIэн папщIэ, пэшхэм щIагъэувэ. **10.** Жьажьэ, щхьэхынэ. **11.** Пластапхъэ. **12.** Адыгэм зэрахьэу щыта псыльэшхэр, гъуаплъэм кьыхэщыкIауэ. **13.** Адыгэ кьуажэшхэр. **14.** Дыщэм нэхъро нэхъ лъапIэ мывэ лIэужьыгъуэ. Е Адыгей республикэм и кьэфакIуэ-уэрэджьаIкIуэ лъэпкъ ансамбль цIэрыIуэ. **15.** Пшынауэ, Кьэбэрдей-Балъкъэрым щыхьэ зиIэ и артист. **16.** ГуфIэгъэуэ Iэнэм щыжаIэ псалъэ дыгъэл. **17.** Гуныщ, ауан е щIагъыбзэ хэлъу нэгъуэщым ираутIыпщ псалъэ. **18.** Нэмыщдзэхэр Кьэбэрдей-Балъкъэрым кьыщысам а лъэпкъым щыщ куэдрэ ящыгъуащ. **19.** Зэхъэзэхуэм щытекIуэ цIыхум, бригадэм ирату щыта щэкI плъыжь щыкIу. **20.** Китайм, Корее Ищкьэрэм, Япониемрэ и лъэпкъ шхыныгъуэ нэхъыщIхьэ. **21.** Кьэбэрдей композитор. **22.** Машинэ зэжьхэхуэм щIалэм ... хихащ. **23.** ... тесу псым ёопыдж. **24.** Жэм бу ... къэIуащ. **25.** ЩыпсалъэкIэ зэйынэ. **26.** Джэдкьазым, кьуалэбзум ятет цы щабэ. **27.** Кьэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ художник. **28.** НапIэзыпIэ. **29.** Iэщ цIыкIум (нэхъыбэу бжэным) и фэм кьыхэщыкIа кьэп. **30.** Хъэкум щожьэражьэ. **31.** ПхъащIэ Iэмэпсымэ. **32.** Лажьэ зимыIэ, кьуаншагъэ зыбгъэдэмыльэ. **33.** КьуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ хъэрыпкъэрал. **34.** ЩIалэщIэм и ... кьэжIэгъэгъуэщ. **35.** Тонн зыплIытху кьэзышэч псэущхьэ. **36.** Адыгэ тхакIуэ, драматург, япэ кьэбэрдей романыр зи IэдакьэщIэкI. **37.** УнафэщIэ ... Iейкiэ зыкъэзэплъащ. **38.** ЯфIэгъэныхь хъум щхьэжIэ апхуэдэу жаIэ. **39.** Еуэжыпlэ. **40.** Шым и кIуэнтIэ. **41.** Псэущхьэ Iашэ бжьабэ. **42.** Кьэбэрдей адыгэ усакIуэ, «Нур» журналым и лэжьакIуэ. **43.** Дзыгъуэшхуэм и бий кIэуфIыщI. **44.** Европэм и кьэрал нэхъ ин дыдэм (Урысейр хэмыту) и кьалащхьэ. **45.** Кьуаргъ лъэпкъ.

Кьехьу: **1.** КьурIэным и зы пычыгъуэ. **2.** Мыщэм фIвэлапIэ хъэжIакъуэкIэ. **3.** ЩоджэнцыкIум и щэжIэ щыIэ Кьэбэрдей драмэ театрым и джэгуакIуэ, Кьэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артисткъ. **4.** Ди щыналъэм щыIэ псыежэх. **5.** Псы Iуфэ лъагэ, екьупIэ задэ. **30.** Зи акьылыр зэкIуэкIа цIыху. **31.** Си былым ирахужьам, зипхъу ирахьэжьам кIэльыщIэпхъуэ гуп. **41.** Ди лъэпкъэгъу, Кьэрал Думэм и депутат. **46.** Школым щадж предмет. **47.** Джэду лъэпкъыгъуэм хыхьэ хъэжIэкъуэжIэ мыин.

Зэхэзыльхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Мэкъуауэгъуэм и 16-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **5.** Жыраслъэн. **7.** Хьэхэбгъэ. **8.** ЩIхьэгъусэ. **9.** Кьандзэгу. **10.** Джэдыгу. **17.** Саур. **20.** Мажьэ. **21.** Iулъхьэ. **22.** ЩIышIэ. **25.** Аргъуей. **26.** ГуфIэгъэуэ. **27.** Дурэш. **30.** Iкъэн. **31.** Лулъ. **32.** Саут. **34.** КIапэ. **37.** ЩIхьэпэ. **42.** Кьаздзэхьу. **43.** Балыджэ. **44.** Кьагъырмэс. **45.** Темыркъан.

Кьехьу: **1.** Кьурмэн. **2.** Псысэ. **3.** Бэлагъ. **4.** Вабдз. **6.** Ныджэ. **7.** Хьэжы. **11.** Тэтэрстан. **12.** Гъур. **13.** Налъэ. **14.** МышIэ. **15.** Кьум. **16.** БжьыхьэкIапэ. **18.** Хьэмфанэ. **19.** ПщIэгъуалэ. **23.** Чей. **24.** Ауэ. **28.** Ажал. **29.** Кьулей. **33.** Тхъу. **34.** ГIуэгъ. **35.** Iкъэн. **36.** Хьэкьурт. **38.** Хьэпс. **39.** Пощт. **40.** Кьатыр. **41.** Щыпкъэ.

Гу зыльытапхъэ: и хьуреягъкIэ кьэзыкIухь псалъэхэм зым и кIэухыр кьыкIэльыкIуэм и щIэдзапIэщ. Щапхъэ: гъэш - шыд - дыху.

● Шхыныгъуэхэр

Лэпс зэщIэт, мэлыл, кIэртIоф хэльу

Мэлылыр яупщIатэ е зэпаудг 30 - 60 хьуу. Ятхьэщ, шыуаным иралъхьэ, псы щIыIэ щIакIэри, мафIэ иным тету зэ кьытраг1экъуалъэ, тхъурымбэр кьытрахьырэ. МафIэр цIыкIу ящ, шыуаныщхьэр трапIэжри, дакьикъэ плIыщI хуэдизкIэ ягъавэ, ззэзмызэ тхъурымбэр кьытрахьырэ. ИтIанэ кIэртIоф укъэбза, IупщIэурэ упщIэтауэ, халъхьэ. ЗэIащIэ, шыуаныщхьэр трапIэри, мафIэ щабэм тету дакьикъэ пщыкIутху-тIощIкIэ ягъавэ, абы халъхьэ бжьныныхъыщIэу, щимэ цIыкIуурэ упщIэта шыабжий сыр мыхьэжа, зэпэплIимэ цIыкIуурэ упщIэта бжьныныщхьэ. Шыуаныщхьэр трапIэжри, хьэзыр хьуху ягъавэ. Шыуаныр пэшхьэкубгъум трагъэувэ, джэдгъын хаудэри, и щхьэр техауэ дакьикьитху-хыкIэ щагъэт. Iэнэм фалъэ куукIэ трагъэувэ. ПIастэ щIыIэ, чыржьн, хьэлIамэ, щIакхъуэ дашх.

Халъхьэхэр (цIыхунтI Iыхьэ):
Мэлылу - *грамм 400*
Лыр зэрагъэвэну исыуэ - *грамм 1100*
КIэртIоф укъэбзауэ - *грамм 200*
Бжьыныщхьэ укъэбзауэ - *грамм 50*
Бжьныхуу - *грамм 30*
Шыбжийуэ, шыгъуу, джэдгыну - *узыхуейм хуэдиз.*

Шхум хэгъэпщIыхьа хугу гъэлыпъуа

Хугу лъэсар Iэнэм тракIуэгъи ягъэжэпхъ, итIанэ мыIуи дыдэу, зэхэлыгъуэкIыи щхьэкIэ, шыуаным ракIуэгъи пэшхьэкум трагъэувэ. МафIэр ешэхауэ, чымчыркIэ зэIащIэурэ тхъуэплъ дахэ хьуху ягъэлыгъуэ. ИтIанэ тIэу-щэ щIагъэщ. Хугу гъэлыгъуар щэ ягъэщщым хаIкIэгъи, чымчыркIэ зэIащIэурэ кьагъавэ. Хугум щэр фIыуэ зыщIифауэ, къэпщауэ, ху бэлам ещхьу щытщ. Щэр хьэкум кьытрахыж, ягъэупщIкIыу, щхупщIатэ иратри хужакьыурэ зэIащIэ, хьэдзэкIэр жмыкъутэн, жмыпIытIыи щхьэкIэ. ЗэщIауфэжри, щIэн папщIэ хуабапIэ ягъэув. Щху пщIар хуэсакъыурэ зэщIах, щIыIапIэ ягъэуври ягъэдий. Зорыгъэщlэлъу фалъэ куум ираkIэри Iэнэм трагъэувэ. Нэхъ щащхыр гъэмахуэ щыIэ, ешщI мазэхэрщ. Щхьэж зэрыхуейуэ фошыгъу е щыгъу халъхьэ.

Халъхьэхэр:
ШЭ щIэмыхуу - *грамм 3000*
Хугу - *грамм 1000*
Щхупщатэ - *грамм 150-рэ*
Щыгъуу, фошыгъуу - *узыхуейм хуэдиз.*

КЪУБАТИЙ Борис.

● Сабийхэм папщIэ

Аркъэн

Мыхьэнэщхуэ иАщ сабийхэр лэжьыгъэм хуэгъэсэным, Iуэхум щIэпыкIа хъуным. Абы кьыхэкIыу джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэхэр кьагъэсэбэпу щытащ.

АБЫХЭМ ящыщ зыщ «Аркъэн» жьхуаIэр. Мыр щIалэ цIыкIухэм я джэгукIэщ. Аркъэн ямыгъуэтмэ, фэ кIапсэ, щIэп кIапсэ кьагъэсэбэн хъурт. Ауэ «аркъэн» дриджэгуну жаIэрэ абыхэм нэхъыжьхэм зыхуагъэзамэ, зэи ягъэщIэхъуртэкъым, уеблэмэ я гуапэу кьратырт.

ЩIалэ цIыкIухэм аркъэныр гъэурыгъуэурэ ядзырт. Япэ щIыкIэ, лъэбакъуитщI-пщыкIутху хуэдизкIэ япэжыжьэу бжэгъу хаукIэрти, абы гъэурыгъуэурэ ирадзырт. Абы зрагъэсамэ, мэл е бжэн кьаубыдыфу, итIанэ шы Iэсэхэм аркъэныр ирадзрэ кьаубыдыфу загъасэрт.

Аркъэныр кьызэхъэлъэкI, абы зи къару пэмыльэщ цIыкIухэм кIапсэ зэрыгъуэр яшыхьрэ ядзу е чыжьэ бжэгъу щхьэкIэм фIагъэхуэфу зрагъасэрт.

МАФIЭДЗ Сэрэбий.

● Гуфlэгъуэ зэхыхьэхэр

Адыгэхэм я деж - хьэщIапIэ

Краснодар крайм щыпсэу, щыхьэщIэ щыху куэд хэту Урысей Федерацэм и зыгъэпсэхупIэ-кьалэ нэхъ ин дыдэм иджыблагъэ щекIуэкIащ «Сочэ махуэщхуэм и кьалэщ» лъэпкъ щэнжабзэ карнавалыр. Апхуэдэ щыкIэкIэ кьыззIуахащ а хэгъуэгум и мыгъэрей курорт лъэхъэнэр.

ГъАщIэм сыт щыгъуи ущрохьэлIэ тельыджэ гуэрхэмрэ гур хэзыгъахьуэхэмрэ. Апхуэдэ гукьинэжхэр псом хуэмыдуэ щыкуэдщ зыгъэпсэхупIэ щыпIэхэм. Кьэхъугъэ гъэщIэгъуэнхэм сыт щыгъуи дахьэх сабийхэри балигъхэри итхьэкьуат таурыхьхэм хэт лIыхъужьхэм зыкъыщагъэльэгъуэ гъэтлъэгъуэм. Гукьинэж хьуат гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм и дамыгъэ хьуа, тенджкIыым и тепщэ Нептун иращIэкIа дауэдапщэр.

- Ди дежкIэ ильэсым щыщу махуэ нэхъ льапIэ дыдэр мыращ, - жиIащ Сочи кьалэм и Iэтащхьэ Пахомов Анатолий. - Нобэ гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэр идогъажьэри, ди хьэщIэхэмэ гъуэгур яхуэзыдох. ИкIи ди фIэщ мэхъу нэгъабэ нэхърэ нэхъыбэ зыгъэпсэхуакIуэ кьызэрыхтхуэжьнур. Дэ диIэщ Урысей Федерацэм хамэ кьэралхэми я цIыхухэм ед гъэльапIэун: кьалэм и тельэм хуабжьу зехьэжж, нэхъ зеужь, йофлакIуэ, цIыхухэм хуащIэ Iуэхутхьбзэхэмрэ зэрагъэхьэщIэ щIыкIэхэмрэ дунейпсо мардзхэм пэгъунэгъу мэхъу. Ауэ иджыпстуи псом яп4 дызэрищын хьугъуэфIыгъуэ дбгъэдэлъщ - лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ нэхъыбэм кьаухэкIаxэр зэтеплъэгъуэ щIидзащ. ИкIи иджы щыщIэдзэу ар яфIэтльыджэщ хьщIэхэми езы кьалэдэсхэми. Абы ипкъ иткIэ, ди деж гъэщIэгъэуну зыщыбгъэпсэхуфынущ, лъэпкъ щэнжабзэ зэхуэмыдэхэм щыгъуаззэ зыщыщыщIфынущ, тенджыз ФIыцIэм и Iуфэм и дахагъ псори щыщзэбгъэльагъуфынущ.

Апхуэдэ Iэмалхэм зыхэвмыгъэжьыжу нобэ щыщIэдзауэ фи нэгу зеигъэужьну чэнджэщ фызот икIи Сочэ щыпсэу шапсыгъхэм я деж кьыщыщIэвдзэну фыкьыхуэоджэ. Сыт хуэдэ адыгэ кьуажэ фыщыхьэми, Кичмай Инрамэ Хьэджькьуэми, фэ зыхэфщIэнущ дуней псом щыщIэрыIуэ кавказ гъэхьэщIэкIэм и купщIэмрэ шэрджэсхэм я тхыдэм, щэнхабзэм я беягъымрэ.

Щэнхабзэ зэмыщхьхэм я дуней щхьэжкIэпплыкIэм укьыхэхутэрт а махуэм. Льэпкъ пщIантIэ цIыкIухэр утыкум щегъэувэжIати, Iэнэхэр кьауэдырт, макьамэ дахэхэр кьэIурт. Зы щыпIэм деж нартыху хьэжьигъэм кьыхэщIыкIа мырамысэрэ адыгей кьхуей зыдэлъ хьэлывэрэ щыпIухуэнут, адэкIэ ермэлыхэм я долмэ щыпщынхынут, урыс браныхэмрэ щакхъуэхэкIэмрэ, алыдж, украин шхыныгъуэхэр щыкуэдт. Псори пщтырт, гурыхьт - абыхэм я Iэфlагъым уемыплъауэ облэжьыфынутэкъым.

... Адыгэ пщIантIэрат псом нэхърэ нэхъ цIыхухIуапIэр - абы куэд щызэблэжьырт. ЧийкIэ кьэхухьа пщIантIэм щхьэщыхуарзэт адыгэ бэракъ щхьэантIэр, нэхьапэм ди лъэпкъэгъуэхэм кьагъэсэбэпу щыта хьэпшыпхэр зы пIанэпэм щегъэувэжIат, унэгуащэхэр пщафIэрт, «Адыгэхэр», «Шапсыгъхэр» кьэфакIуэ гупым хэт, фащэ екIу зыщыгъ артист ныбжьыщIэхэм джэгур зэхашати, пщIантIэм щекIуэкI гуфIэгъуэр нэхьри нIэтырт. Абы хэту кьеблэгъа гупыр - Сочэ и унафэщIыр, абы и гъусэ, Лазаревскэ куейм и Iэтащхьэ Полянский Сергей, Шапсыгъ Хасэм хэтэр, кьалэ советым и депутатхэр – адыгэ хабзэм тету ягъэхьэщIащ ди льэпкъэгъуэм. Адыгэхэм зэрахабзэти, хьэщIэхэр Iэнэщ1у ирагъэжьэжакьым - Шапсыгъ Хасэм и тхьэмадэ Чачыкъу Мэжид тенджызэ ФIыцIэ Iуфэм Iус шапсыгъэхэм кьабгъэдэкIыу Пахомов Анатолий иритащ «Черкесия в картах» тхылъ гъэщIэгъуэныр.

Льэпкъ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я щIэгъэкъуэну, Лазаревскэ куей администрацэм кьыззэригъэпэща зэхуэсышхуэм Iуэху дахэ куэд кьегъэщIылIа хьуат - декабрист щэрыIуэу щыта Одоевский Александр и фэеплъ скверыр кьагъэщIэрэщIэжауэ а махуэм Iэтауэ кьызэIуахащ, лъэпкъ Iэпщlэльапщlэхэм я Iэдакьэщ1экIэр ягъэльэгъуащ, фащэхэр ящыгъыу уэрамым ирикIуащ, творческэ гупхэмрэ зэрыгъэдэкIуэхэмрэ зыкьагъэльэгъуащ, а псори зэфIэкIри, пщыхьэщхьэр нэгъуэщым ящIащ лазер бзийхэмрэ хьэрэкIыпIэ зэмыфэгъухэмрэ.

НЫБЭ Анзор.

● ГъэщIэгъуэнщ

ХьэщIэм сыщежьэм деж

ФРАНДЖЫ тхакIуэ нэхъ щIэрыIуэхэм ящыщ Мериме Проспер гуфIэу е дыхьэшхыу зэи зыми ильэгъуакъым. Зы хьэл мыхъумыщIи зыхэмыль, тепIэ дахи зиIэ Мериме и рассказхэри дахэу, екIуу жиIэжырт. Абыхэм я нэхъ дыхьэшхэм дыдэри тхакIуэм кьызэрИуэтэжыр псы стэчан кьратыну щIэльэIу цIыхум и макъым ещхьу.

- Мериме, езым зэрыжиIэмкIэ, ищIэн щимыгъуэтхэм деж тхэуэ арат.

- ХьэщIэ къэкIуэн хуейуэ сыщыпэплъэхэм деж сытIысти, зы балладэ стхырт, - жиIэрт абы.

Флобер и хьэлыр

НЭГЪУЭЩI франджы тхакIуэ Флобер Гюстав и хьэлыр нэгъуэщIт. Абы и романхэр щыззэхилъхьэм деж тхыгъэм хэт лIыхъужьхэм я гъусэу дыхьэшхынут, гъынут, Апхуэдэуи и пэшыр пIащIэу кьызэхикIухьырт, иужьрейуэ итха псалъэхэр ину жиIэурэ. Бовари Эммэ зэрызиукIыжар кьыщигъэльагъуэм щыгъуэ Флобер тхьэусыхэрт, мышьакьым и мэр и Iум иту жиIэурэ.

IункIыбзэкIэ игъэбыдэрт

«Юмористическая энциклопедия всей американской жизни» тхылъым и автор О'Генри и зы хьэлыр яфIэгъэщIэгъэну псори топсэльныхь. ЩIытхэ стIолым пэрытIыхьэн и пэ кьихуэу, О'Генри пэшыбжэр IункIыбзэкIэ игъэбыдэрт.

Ар щIэбгъэщIэгъэн Iуэхум хэлътэкъым. Сыт щхьэкIэ жьыпIэмэ, тхакIуэ цIэрыIуэм и творческэ лэжьыгъэр кьыщыщIидзар Колумбус кьалэм (Огайо штат) щыIэ лъэхъуэщращ.

КЪЭБАРТ Мир.

● ГушыIэхэр

Доллар 300

Бзылъхугъэм и щхьэгъуэрэ зыхуеГъаэз:

- Пщыхьэщхьэ си ныбжьэгъуэхэм я гъусэу рестораным сыкIуэн хуейщи, кофе кьызэрысщэхун доллар 300 кьыдэт.

- Зы кофе крушкIэм доллар 300 и уасэуи?

- Сыту угъэщIэгъуэн уэ, мы сщыгъ мыхьэнэншэм- кIэ рестораным сызэрымыкIуэнур кьызбгурыIуэркъэ?!

МазитI дэкIмэ...

ЛэжьапIэ кьэзылъыхъуэ щIалэр Iуэху-щIапIэ гуэрым щIохьэ:

- Сэ сащIащлажьэ хъун Iэнатlэ фIэ?

- ДиIэщ.

- Сыкъэфщтэну, дапщэщ сыкъакIуэ хъуну?

- ЛэжьапIэ укъэувыну уэзрыхуеймкIэ лъэIу тхылъ къэтхи, пщэдей кьыдэкI. Яп мазитIым доллар - 800, адрей кьыкIэльыкIуэхэм доллар мин къэблэжьынущ.

- Абы щыгъуэм, мазитI дэкIмэ сыкъэкIуэнщ, - жи щIалэм.

НапжкIуэпIыр зыгъэхьэзырар НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **ЖЪэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхьэ-секретарь), **ГъущIо Зариф, Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Хьэжыкъарэ Алик.**

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр



«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, ещIанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-03-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлажьэхьэмкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIаIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдахэм яхуэхьыныр и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ нощт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хунтымыгъэр хьэмэныжьмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №П1-0065-м щIэту зэтхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щIэхIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редактор Щоджэн Иннэ, ЩIхьэщэмыщI Иэ, Щомахуэ Залинэ, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* Мырзэкъан ФатIимэ. *Компьютерхэм газетым и теплъэр ящIащ* Ныр Сандэ, Мэлбахьуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанпэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.100 ● Заказ №1666